SEZON SECHRÈS AYITI

Yon Woman Ayisyen | A Haitian novel



EMMANUEL W. VÉDRINE

SEZON SECHRÈS AYITI

Yon : *A*

woman Ayisyen : *haitian novel*

Emmanuel W. Védrine

Piblikasyon: JEBCA Editions

Aranjman paj liv la ak Piblikasyon:
JEBCA Editions
Ki se yon divisyon JEBCA Ministries, Inc.
www.jebcaeditions.org
jebcaeditions@gmail.com/info@jebcaeditions.org

Kouvèti liv la: Shay Culligan
Foto ki sou kouvèti a: François NAU

© 2014 (*E.W. Vedrine*)

Atansyon: Pèsonn moun pa gen dwa fè kopi liv sa a, ni eskane li, ni mete li sou CD san otè a pa ba li yon otorizasyon ekri pou fè sa a.

Depo legal: 2014
Bibliyotèk Nasyonal Dayiti
Bibliyotèk Kongrè Etazini

ISBN 10: 0-9908554-2-2
ISBN 13: 978-0-9908554-2-2

14 15 16 17 18 19 20 JEBCA 10 9 8 7 6 5 4 3 2 1

Enprime nan peyi Etazini

Lòt liv E. W. Védrine | Other books by E. W. Védrine (ekri, ko-edite | written, co-edited)

1. *Dictionary of Haitian Creole Verbs with phrases and idioms* (1992);
2. *Un stylo international* (poetry, 1993);
3. *Di yon vèb tire yon kont* (riddles, 1994);
4. *Ide pou kreye yon 'high school' ayisyen prive nan Boston* (debate, 1994);
5. *Materyèl Edikatif pou Bileng Ayisyen* (essay, short stories, poetry, 1994);
6. *Poetry in Haitian Creole* (1994)
7. *Ti istwa kreyòl : Short stories in Haitian Creole* (1994)
8. *Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti* (essay, 1994)
9. *Koze lanmou (pwezi : poetry, Vol. 1, 1995; Vol. II,* 2009)
10. *Petit lexique du créole haïtien* (1995)
11. *23 Poèmes en français et en haïtien* (poetry, 1995)
12. *Dis powèm sou lanati* (poetry, 1996)
13. *Gramè Kreyòl Védrine* (grammar, 1996)
14. *100 Kesyon ak repons pou Ekzamen Sitwayènte Amerikèn* (civics, 1998)
15. *An annotated Bibliography On Haitian Creole : a review of publications from colonial times to 2000* (2003)
16. *A bibliography of theses and dissertations related to the Dominican Republic* (co-edited, 2005
17. *Premye etap avèk yon òdinatè* (co-edited, 2007)
18. *Haitian Creole – English Dictionary* (Indiana University, co-edited, 2007)
19. *Kreyòl without toil : an introduction to Haitian Creole* (2010)

Sezon Sechrès Ayiti : 2nd .ed. fall 2014
Haitian novel written in Creole
First published in 1994
© Emmanuel W. Védrine

Note: *Black studies; Cultural Anthropology; Caribbean literature; Haitian Creole lexicon; French based-Creole; Haitian braceros in Dominican Republic; Haitian culture; Haitian education; Haitian environment; Haitian history; Haitian immigration in the Dominican Republic; Haitian language; Haitian literature; Haitian migration; Haitian novel in Creole; Haitian politics; Research on Haitian Creole and on Creole linguistics; Teaching materials for high school level in Haitian Creole; Teaching materials for intermediate and for advance learners of Haitian Creole; Translation (Haitian Creole – English).*

Nobody has the right to reproduce this book by any means (electronic, audio, photocopy, etc.) without the written permission of the author but they can talk about it, think about using the hard copy (book), write criticism about it to be published in periodicals (journals, reviews, magazines, web sites).

[*This textbook is prepared for high school level, for native speakers who want to master writing in standard Creole, and for learners of the language (intermediate and advance level) with questions on each chapter, and a Creole – English glossary*]

Distribisyon liv – Books distribution
E. W. VÉDRINE

- **JEBCA Editions**
  www.jebcaeditions.org/

- **Echo Evangélique**
  www.echoevangelique.org/

- **Educa Vision**
  www.educavision.com/

- **Libreri Mapou**
  www.librerimapou.com/

- **Schoenhofs Foreign Books**
  www.schoenhofs.com (international)…

- **Védrine Creole Project**
  www.potomitan.info/vedrine/index.php

Rekonesans

Ak anpil gratitid, mwen vle rekonèt, yon fason espesyal, tout moun ki te, yon fason yon lòt, ede swa nan piblikasyon sa a oubyen nan lòt travay ki an rapò ak èv literè m yo.

Mwen vle remèsye frè ak sè m yo pou sipò yo. Yon remèsiman espesyal pou Francesca Palli (wèbmastè www.*potomitan.info/*) pou tout èd m ap resevwa nan men l depi plis pase yon deseni, nan ede avèk èv literè m yo sou entènèt la pou yo ka atenn yon pi gran odyans.

Mwen ta renmen remèsye tradiktè sa yo: Francesca Palli (italyen), Jean-S Sahaï (fransè), Jnes Angela Pellegrini (alman), Karlova Ekatarina (ris), Miguel Calzada (espayòl), Mihoko Tsunetomi (japonè), Vittore Nason (laten), e Yanick Pinedo Védrine (papyamennto) pou tan yo te pran tradui nan lòt lang youn nan resi («Mouri pou libere Ayiti») ki pibliye nan woman sa a.

Finalman, mwen vle remèsye fame otè Ayisyen-Ameriken, Edwidge Danticat, pou tan l te pran li maniskri a. Mwen vle remèsye editè kreyòl ayisyen, Roosevelt Desronvilles (JEBCA Editions), pou enterè l montre nan vèsyon kreyòl la, e tout pwofesè lekòl ki li maniskri a, e ki ta renmen ajoute woman sa a sou lis tèks literè y ap chwazi pou klas yo.

Acknowledgements

I gratefully acknowledge, in a very special way, everyone who has somehow helped either with this publication or with other works related to my literary works.

I want to thank my brothers and sisters for their support. A special thanks to **Francesca Palli** (webmaster, *potomitan.info/*) for all the help I've been getting from her over a decade, helping me with my literary works online to reach a larger audience.

I would like especially to thank the following translators: Francesca Palli (Italian), Jean-S Sahaï (French), Jnes Angela Pellegrini (German), Karlova Ekatarina (Russian), Miguel Calzada (Spanish), Mihoko Tsunetomi (Japanese), Vittore Nason (Latin), and Yaniek Pinedo Védrine (Papiamento) for the time taken to translate to other languages one of the stories ("Mouri pou libere Ayiti") published in this novel. – Finally, I want to thank the renown Haitian-American writer, Edwidge Danticat, for her time to read the entire manuscript. I want to thank the Haitian Creole editor, Roosevelt Desronvilles (JEBCA Editions), for his interest in the Creole version, and all teachers who read the manuscript and who would like to add this novel to their required literary textbooks list for their class.

Entwodiksyon

Sezon Sechrès Ayiti se yon koudèy ki kapte memwa nou sou lavi peyizan ayisyen nan fen ventyèm syèk la. Se yon woman ki te dwe ekri, kote peyizan ayisyen an te yon zonbi andòmi ki t ap tann li leve pou yo konsidere l kòm moun nan pwòp peyi l.

Nou pa tèlman jwenn èv fiktif kouwè *Sezon sechrès Ayiti* nan literati ayisyen. Woman an touche yon reyalite trè enpòtan konsènan peyizan yo.

Depi byen bonè nan ventyèm syèk la, anpil nan yo te oblije kite pwovens yo pou al dèyè lavi miyò nan kapital peyi a, e aletranje.

Pa egzanp, anpil nan yo ta al koupe kann Kiba (byennavan Revolisyon Kiben an) pandan sezon kann. Apre, yo ta rete pi pre (Ayiti), jewografikman, epi seleksyone Sendomeng (Repiblik Dominikèn) pou fè

Introduction

Sezon Sechrès Ayiti, is a searing look at the life of Haitian peasants in the late 20th century. It's a novel that had to be written where the Haitian peasant has been a hidden phantom waiting to rise again in human worth in their own country.

We don't really find works of fiction like *Sezon Sechrès Ayiti* in Haitian literature. The novel addresses a very important reality of the peasants.

Since very early in the twentieth century, many of them had to leave the provinces in search of a better life in the country's capital and abroad.

For instance, a large contingent would go to Cuba (long before the Cuban Revolution), during the sugar cane seasons. Later, they would stay closer geographically and select the

tip travay sa a.

Dominican Republic to do this kind of work.

Gen yon lòt gwoup ki pran kanntè, yon vwayaj riske, pou lage yo sou lòt zile oswa Miyami. Woman an eseye kapte sitiyasyon sa yo, e emosyon ak politik dèyè yo.

There is another group who travels by *kànntè* boats, a risky trip, to be dropped off on other islands or in Miami. The novel tries to capture these situations and the emotions and politics behind them.

Sepandan, nou dwe note ke anpil nan pwoblèm peyizan yo te konn konfwonte toujou egziste jounen jodiya.

However, it must be noted that many of the problems then that confronted the peasants, still exist today for them.

Nan kèk ka, defi yo pi mal. Lavi toujou rete difisil pou yo. Poko gen solisyon; sitiyasyon an ap anpire...

In some cases, the challenges are worse. Life has always been difficult for them. There is no solution yet; the situation is worsening...

Ak pwoblèm *debwazman* nan tout rakwen peyi a pou fè chabon, sechrès ak ewozyon kale do mòn yo anpil.

With the *deforestation* problem everywhere in the country to make charcoal, drought and erosion have been heavily damaging mountain tops.

Peyizan pèdi gadinay *kochon kreyòl* yo sou presyon etranje pou te detwi yo.

Peasants lost the raising of *creole pigs* under foreign pressure to destroy them.

Anpil nan moun sa yo lage de bra pandye san travay akoz bonjan asistans teknik ki pa genyen, ak zouti pou ta ede yo travay ti moso tè yo genyen.

Many of these people are still unemployed because of the lack of finding great technical assistance, and tools to help them work their parcels of land.

Epi koze *irigasyon* an, se yon pwoblèm peyizan ap konfwonte.

And then the question of *irrigation*, a problem that the peasants have been facing.

Gen dlo k ap gaspiye anpil kote nan peyi a men yo pa kapte yo pou ta kanalize yo pou ede peyizan.

There has been water being wasted in many places in the country nonetheless they are not being channeled to help peasants.

Sa lakoz lavalas fè dega; pa egzanp: dlo desann ak krèm tè a, bèt, jaden, moun ak tout sa l jwenn sou wout li.

This causes flooding to the point of devastation; for example: flooding carries away the rich top soil, animals, gardens, people and all it can find.

Gen teknoloji ki egziste tou pou ta devlope irigasyon nan mòn nou yo pou plante e rekòlte nan abondans; konsa, grangou ak nesesite pa t ap fòse y al pran imilyasyon aletranje…

Technology exists also in order to develop irrigation in our mountains to plant and harvest in great quantity; that way, hunger and necessity would not force them to be humiliated abroad…

Liv la jete yon koudèy sou fenomèn *zenglendo* a ki parèt

The book takes a look at the *zenglendo* phenomenon that

apre chit Duvalier (fevriye 1986); se yon pwoblèm *ensekirite* ak vòlè ame k ap simen panik tout kote nan peyi a.

Sezon sechrès Ayiti reprezante sa ki egziste avèk defi sosyal e politik peyizan ayisyen ap konfwonte depi lontan.

Se yon refleksyon, men yon pòtrè reyalis Ayiti ki pral soulve bonjan kesyon sou ajannda l pou demen.

appeared after the fall of Duvalier (February 1986), an *insecurity* issue of armed thieves panicking everywhere in the country.

Sezon sechrès Ayiti represents the existential along with social and political challenges that have faced the Haitian peasants then and now.

A reflective but realistic portrait of Haiti that will get the serious questions on its future agenda again.

TANDE RÈL PEYIZAN YO!

Krim tout kote w pase
grangou ap touye pitit Bondye
pri manje monte bwa
peyi nou pa pwodui ase
pou bay tout moun manje
nou depanse plis nan enpòte
bagay nou te ka kiltive
Si nou pa ka travay latè
se pa paske nou parese
men se bon zouti n pa jwenn pou ede
Toutan n ap tann lapli tonbe pou plante
tandike gen ti dlo anpil kote
men èske gen pwojè pou ede kapte dlo
k ap gaspiye al nan lanmè?
Si y ap pale de rebwazman
pou plante bwa tout kote,
se pawòl van.
Pa blame peyizan si y ap pati
al lòt peyi dèyè pi bon lavi
menm jan ak zwazo Ayiti
si sa rive, se paske lidè yo poko
janm atake pwoblèm agrikilti
tout bon vre nan peyi d Ayiti
ki ta kreye anpil aktivite
pou ede peyi a devlope.

CHAPIT YOUN

Pwoblèm moun Kapòl avèk sechrès la. Mèsidye antre sot Sendomeng

Li fè twazè apremidi nan Kapòl. Pa tèlman lwen kay li, anba yon pye mango, Deliram chita ak yon manchèt nan men dwat li, ap pran yon bon ti van pandan l ap reflechi sou pwoblèm Ayiti, panse a fanmi l, a bouk li, epi a zanmi l ki ale Sendomeng dèyè lavi miyò. Depi maten an yon grangou ap pete fyèl li. Lontan moun te konn jwenn vye mango, vye zaboka bò chemen yo. Men kounyeya menm chen pa jwenn bagay sa yo pou manje. Yo koupe prèske tout pyebwa pou fè chabon pou voye vann Pòtoprens. Ala mizè moun ap sibi! Ala traka moun ap pase! Lapli pa tonbe; vye zèb pa pouse; bèt yo pa jwenn anyen pou manje. Te konn gen manje agogo nan tan lontan. Jaden yo te konn tèlman donnen, li te difisil pou yon moun te jwenn moun ede l keyi pwa, kase mayi, fouye patat. Kounyeya, menm pale yon moun pa ka pale de rekòt sa yo ankò. Se kòmkidire se reve yon moun ap reve lè l sonje bagay sa yo, lè l kontinye ap reflechi sou mizè peyi a.

«Bonswa konpè Deliram! Kijan ou ye? Mwen wè w ap plenyen, w ap pale pou kont ou. Sa k pase ou, konpè?» Dyelifèt mande.

«Konpè Dyelifèt monchè, pafwa yon nonm dekouraje ak lavi; li pa konn sa pou l fè. Trip mwen ap kòde ak yon grangou depi maten an. Se ak yon kòs bannann mwen mare ren m pou m ka kanpe. Mwen pa ka jwenn anyen pou m manje.» Deliram di.

Li kontinye pale ak Dyelifèt, di li kijan Kapòl te bèl nan tan lontan. Yon moun te konn jwenn kèk mango, zaboka bò chemen yo men kounyeya se yon sechrès tout kote moun pase nan peyi a. Lapli pa tonbe ankò; moun pa ka plante, rivyè yo pa desann. Moun te konn jwenn kribich ak pwason pou fè bouyon fèy pou kenbe yo. Yon moun pa t ka leve yon nas ak yon sèl men tèlman li te lou; pwason ak kribich te konn fè mikalaw ladan l. Deliram konnen kòman lavi te dous lè li te jenn. Yon nonm kounyeya pa konn sa pou l fè. Lòt frè l yo pati al koupe kann Sendomeng e li pa janm pran nouvèl yo. Akoz fanmi l, li oblije rete Ayiti. Li pa vle annik leve pati kite madanm ak timoun yo dèyè. Li gen sis pitit ak yon fanm ansent prèt pou akouche. Li panse se ta yon krim pou ta pati al Sendomeng, epi kite yo dèyè. Omwen yo gen espwa lè yo wè papa yo la, l ap bat dlo pou fè bè pou l ba yo manje. Timoun yo fin gran. Li pa gen lajan; li pa gen anyen pou l ta vann pou voye yo lekòl lavil. Li pa yon nonm save. Li pa konn pale franse, men li toujou di Rozita ke l ta renmen wè timoun yo al lekòl yon jou pou aprann li ak ekri paske demen, y ap ka li oubyen ekri yon papye tè pou yo. Li toujou di ke Rozita se yon vrè fanm Bondye ba li pou ede l ak timoun yo. Nan kèlkeswa pwoblèm, manmzèl pa janm lage l, e lè Deliram ta sanble l dekouraje, li di misye: «Deliram, se gason ou ye; mete nanm, mete nonm sou ou; sentre ren ou!» Se sa k ba l kouraj ki kenbe l vivan toujou. Laj ap antre sou li; vye kò l kòmanse tyoule. Li prèske fin blanchi. Li pa ta renmen timoun yo ap pase mizè lè l mouri. Li ta renmen wè yo gen yon bèl avni, yon demen miyò. L ap priye Bondye pou wè si li te ka jwenn yon ti kòb pou yo ta pran kanntè al Miyami. Konsa, tèt li ta poze; yo ta gen yon pi bon vi nan peyi blan yo. Y ap ka travay lòtbò a; y ap manje vant plen chak jou. Yo di manje an gaspiyay nan peyi sa a; chen yo menm gwosè ak

bèf tèlman yo manje. Yo di nan peyi sa a gen tapi tout kote nan lari; moun pa menm bezwen mache ak soulye; se tankou yon paradi. Zafè senk kòb penich menm, yo di sa an gaspiyay nan tout lari. Nan chak kwen, yo di se pa pil yo ye; pa egzanp si w ap goumen ak yon vakabon ou gen dwa ranmase yon ponyen senk kòb penich ou flanke l yon sabò. Se nan peyi sa a li ta renmen tout timoun li yo, Senpriyè, Sentou, Ti Toutou, Ti Pyè, Dyelimèm ak Dyemafi, ye yon jou pou al keyi dola vèt.

«Deliram, kote w te ye? Epa m pa wè ou nan kay la depi maten an,» Rozita mande.

«Mwen t ap fè yon ti pale ak konpè Dyelifèt pandan yon ti kadè sou pwoblèm sechrès la nan peyi a.» Deliram reponn.

«Bonjou kòmè Rozita!» Dyelifèt salye l.

«Kòman w ye konpè Dyelifèt?» Rozita mande.

Dyelifèt kontinye pale de sechrès k ap touye yo, men pou li menm, Bondye bon, e li panse Ayiti va delivre yon jou. Bondye ka fè tout peyizan jwenn tè pou travay, ak dlo pou wouze yo; konsa, tout moun va jwenn manje agogo. Moun nan bouk la p ap bezwen pran kanntè ankò pou al fè reken filalang. Yo p ap bezwen pase anba fil pou al Sendomeng ilegalman. Peyi a fin tounen yon zosman, yon vye cheval do maleng chaje ak tik ke vè ak krabye ap pike. Kounyeya se zenglendo k ap pyafe; se yo k ap dirije. Y ap fè e defè. Se tankou yon epidemi rat k ap koupe kou poul; se tankou chen ki tonbe nan yon pyès mayi. Tout kote moun pase nan peyi a, nan tout zòn moun ale se de krim y ap pale. Ou tande y ap di:

«Zenglendo te pase yèswa, yo vòlè afè moun, yo fè kadejak sou pitit fi moun, yo touye moun ak lòt krim ankò.» N ap mande jis kibò bagay sa yo ap rive! Twòp krim fèt! Twòp san koule nan peyi a! Se kòm yon maledikisyon ki tonbe sou peyi a; se kòm yon lespri malefik k ap dirije peyi a. Swadizan chèf nan anpil kote, nan anpil zòn ou pase, se yo ki ta sipoze bay peyizan sekirite; se yo ki ta sipoze pwoteje peyizan; se yo ki pou ta ba yo eklerasyon epi malerezman, se yo ki lakoz anpil krim fèt. Nan tout zòn yo, se menm penpenp yo; se menm yo menm yo. Deliram ta di w ke li pa nan politik, ke li se yon iletre men li pa avèg pou otan pou l wè e konprann sa k ap pase.

«Kòmè Rozita, bagay yo ale twò lwen. Se tankou chen k ap manje chen lè ou gade moun sa yo. Bondye bon; fò bagay yo chanje yon jou. Fò nou leve kanpe pou n di nou pa kapab ankò.» Dyelifèt kòmante.

Dyelifèt kontinye pou l di yo ka touye yo, yo ka mete baboukèt nan dyòl yo pou yo pa pale de abi y ap fè peyizan dekwa pou yo rete bèkèkè, men fout! Y ap pran nòt! Fò yo fè yon tèt kole nan plizyè zòn pou di se twòp atò, yo pa kapab ankò. Fò yo rive jwenn sa yo vle!

«Konpè Dyelifèt, ou se yon moun mwen renmen wè, mwen renmen tande. Ou toujou ap bay moun ankourajman ak eklerasyon.» Rozita konplimante l.

Rozita se yon fanm kouraj, youn ki pa fè bèk atè nan sitiyasyon malouk, e youn ki toujou ap ankouraje Deliram pou l pa pèdi espwa.

«Pafwa, Deliram ak mwen pa konn sa pou n fè. Tè yo pa bay ankò. Lapli pa tonbe; pa gen manje nan peyi a. Men mwen di Bondye mèsi pou kouraj li ban mwen kòm fanm. Chat dòmi nan fwaye dife lakay mwen prèske chak jou paske chodyè pa monte, chodyè pa desann. Mwen se yon fanm ki toujou ap ankouraje Deliram. Lè nou jwenn kèk bagay pou n manje, nou di Bondye mèsi. Bagay yo pa t malouk konsa lè m te jenn ti nègès. Lapli te konn tonbe souvan; tout bò chemen yo moun te konn jwenn vye tyaw kouwè fri pou fè machwè w monte desann. Kounyeya, yo koupe menm pye mango, pye zaboka pou fè chabon. Peyi a fin tounen yon dezè, yon savann kote ou pa menm ka lage bèt paske yo p ap jwenn anyen pou manje. Tout kote ou pase, se lafimen dife ou wè k ap monte nan syèl. Ni timoun ni granmoun tout tonbe nan komès chabon an pou voye vann Pòtoprens. Yo pa travay latè ankò. Lè ou gade byen sitiyasyon an, ou wè se pa fòt moun yo ki fè yo lage kò yo nan komès chabon an. Latè pa bay ankò. Lapli pa tonbe. Sechrès ap minen moun; donk anpil moun oblije pati al Sendomeng oubyen peye yon kanntè lage yo Miyami. Mwen konnen anpil moun nan bouk la ki gen tan pati al koupe kann Sendomeng. Se pa paske moun sa yo ta renmen kite bouk la pou ale nan peyi sa a, men akoz pwoblèm sechrès la, yo oblije pati al lòt peyi. Anpil kite pitit ak madanm dèyè; fanmi yo pa konn si y ap viv toujou oubyen si yo mouri Sendomeng. Pa gen pèsòn ki pou ta ban nou nouvèl yo. Mwen sonje lè m te jèn kòman nou youn te konn ede lòt nan kòve, jounen, bout kadè ak eskwad. Bagay yo pa t mal tankou jodiya. Rèv mwen sèke

m ta renmen wè menm moun nan bouk la retounen isit yon jou. Mwen ta renmen wè nou tout k ap travay ansanm, nou jwenn tè pou n travay ak dlo pou wouze yo. Mwen ta renmen wè chèf nan tout bouk respekte peyizan paske tout moun se moun; vye moun pa vye chen.»

«Kòmè Rozita, kòm mwen di ou, mwen se yon nonm ki pa avèg pou wè pwoblèm peyi a. Mwen ka di ou kòmè ke mwen pa ka siyen non m se vre; mwen pa ka fè yon papye tè men mwen di Bondye mèsi pou de grenn je li ban mwen yo pou wè bagay yo jan yo ye. Gen anpil abi chèf ap fè moun nan bouk la, anpil zak malonèt. Yo vòlè tè nou; yo fè anpil magouy pou mete pye sou kou nou paske nou pa konn li; yo panse je nan tèt nou pete. Bagay yo pa ka kontinye konsa; fò yo chanje.» Dyelifèt esplike.

Sanzatann, pandan y ap pale anba tonèl la, y apèsi byen lwen yon moun k ap vini. Se Mèsidye, yon moun ki kite Kapòl depi kèk tan. Li t al nan koupe kann Sendomeng. Bagay yo p ap mache byen pou Ayisyen lòtbò a; y ap pimpe yo tounen Ayiti.

«Gade Mèsidye k ap vini!» Deliram di ak sipriz.

Te gen yon silans absoli pandan tout moun t ap kwoke kou Mèsidye.

«Deliram! Se ou menm! Gade konpè Dyelifèt! Gade kòmè Rozita! Mwen pa ka kwè m ta wè nou ankò. Kijan nou tout ye?» Mèsidye mande ak emosyon.

«Nou pa ka kwè sa!» Yo tout di ak sezisman.

«Kijan tout timoun yo ye: Senpriyè, Ti Toutou, Ti Pyè, Dyemafi? Mwen bliye non lòt de yo,» Mèsidye manmòte.

«Dyelimèn ak Sentou,» Rozita reponn byen rapid.

«Se sa kòmè Rozita, Dyelimèn ak Sentou.» Mèsidye souke tèt li yon fason pozitif. «Yo tout fin gran kounyeya?» Mèsidye mande Rozita.

«Yo fin gran, men yo p ap regle anyen serye. Nou pa gen lajan pou voye yo lekòl. Yo la, y ap bat mizè ansanm ak nou. Anpil moun ou te konnen nan bouk la fin mouri paske yo pa jwenn manje pou manje; sa yo ki pa t gen tan mouri pati al Miyami, Sendomeng ak lòt kote kouwè Bahamas ak Giyàn Fransèz. Anpil fwa Deliram dekouraje paske pa gen manje pou bay timoun yo. Nou pa ka travay ti rès tè ki rete yo; lapli pa tonbe ankò; yo vòlè tè nou; chèf ap fè nou abi.» Rozita esplike.

«*Dios mio*, ala traka! Kilè peyi sa a va delivre tout bon vre? *Problema, problema!*» Mèsidye reponn.

«Konpè Mèsidye, kounyeya ou fin pale panyòl nèt?» Rozita mande.

Men sanble Mèsidye pa t tande klèman kesyon Rozita poze a; misye ap pale de esperyans li Sendomeng, e kèk pwoblèm Ayiti ap konfwonte aktyèlman.

«Kòmè Rozita, tande ak wè se de. Lè m kite isit, mwen t al jis yon kote ki rele Kwadèboukè. La pa lwen ak Pòtoprens. Te gen yon nèg mwen te byen ak li; misye te konn fè vayevyen Pòtoprens. Konsa, misye di mwen si m ba li yon ti kraze, l ap regle sa pou mwen pou l fè m al Sendomeng. Bon, mwen te pran yon ponya nan men kouzen m nan, Kenòl. Mwen kwè ou te konnen l. Yo di m zenglendo touye l yon semèn avan blan yo voye m tounen. Adye Bondye papa! Pòv Kenòl! Ak kòb sa a, mwen te bay zanmi m nan li pou l peye moun ki te an chaj ap regle yon biznis pou fè m pati. Finalman, sa te vin mache. Sa te mache, epi li mennen m Kwadèboukè kote yo mete nou nan yon gwo kamyon bwat pou al Sendomeng. Mwen kwè ou te konn wè gwo kamyon ki konn bwote pit ak vetivè sot Okay nan tan lontan. Kamyon sa a te chaje kou Legba ak Ayisyen. Nèg sa yo te soti nan tout rakwen peyi a. Lè m te pale ak yo, mwen reyalize yo te gen menm pwoblèm ak mwen: yo t ap kite peyi a tou pou al koupe kann Sendomeng. Konpè m, kòmè m, si nou vle kwè m, kwè m; lè m rive nan peyi sa a, se tankou m ta di nou se nan esklavay yon nonm te ye. Sa k pi rèd la, w ap jwenn timoun dizan, onzan laj Senpriyè ak Ti Pyè k ap travay nan gwo chan kann. Yo travay kou bourik: maten, midi, solèy kouche. Gen granmoun bab blanch mwen wè tèlke granmoun tankou Tonton Pyè k ap voye manchèt, lage kann atè, mare pakèt kann, epi leve yo mete sou gwo kabwèt. Se bagay ki pou ta fè dlo sot nan je nou paske yon nonm pa wè bagay konsa Ayiti malgre nou pòv se vre. Lè m rive lòtbò a nan batey kote yo mete m nan, mwen pa ka pale;

karang ap mòde m, mayengwen ap jwe vyolon nan tou zòrèy mwen, kochon ap pouse m pou yo kouche kòmkidire se plas yo m pran. Si isit te bon, si te gen gouvènman tout bon vre Ayiti, gouvènman ki rele gouvènman tout bon vre, gouvènman ki gen nen nan figi yo, frè m ak zanmi m yo pa ta sibi imilyasyon mwen sot pran nan batey dominiken. Lòtbò a, Ayisyen pa ka pale kòmkidire pou ta di y ap fè yo abi. Ou tankou yon jenn cheval y ap bosale; yo fout ou yon baboukèt 2 renn pou pa ponpe. Adye wi! Yo mete gad dominiken ap veye nou tout lasentjounen. Gwo zam fann fwa nan men yo; se tankou m ta di w lè Tonton Pyè te konn ap rakonte istwa nan tan lontan ke granpapa l te konn rakonte lè pye zansèt nou yo te nan chenn; kolon yo te konn gen gwo fizi ak fwètkach byen long nan men ap veye yo. Nan tan n ap viv kounyeya, anpil Ayisyen k ap viv isit pa konnen si gen Ayisyen ki nan esklavay toujou Sendomeng. Si yon nèg ta gen malè ouvè bèk li kòmkidire pou li ta di gad dominiken aji mal avè l, nèg sa a se gwo chans li ta genyen pou chèf sa yo ta di l *callate** san yo pa ta flanke misye kèk pataswèl. Gouvènman ayisyen ki te la yo konnen nou pa nan paradi lòtbò a. Pouki yo pa t pale ak gwo ofisyèl dominiken oubyen ak gwo chabrak konpayi sik Sendomeng pou yo ta konsidere nou kòm moun, pou yo ta pran swen nou, ban nou bon kote pou n rete, laswenyay ak tandòt bagay *braceros* ayisyen bezwen. San nou menm, nèg, lajan pa t ap antre Sendomeng; tout kann t ap rete debou, sitou epòk *zafra.* Pa t ap gen lajan pou menm peye gad sa yo k ap abize nou. Si depi Ayiti, gwo chabrak gouvènman te respekte nou menm peyizan,

yo pa ta maltrete nou lè n rive Sendomeng paske se ede n al ede yo. Malgre tou, w ap jwenn kèk Dominiken ki gen kè touchan lè yo wè mizè n ap pase. Te gen yon gwoup jenn dominiken ki te vin pwoteste yon lè devan 2 batey ki pa tèlman lwen ak pa mwen an; yo t ap mande pou gouvènman an amelyore kondisyon *braceros* ayisyen ap viv. Gad dominiken te mete lapat sou yo, epi kale yo byen kale. Lè nou te wè sa, nou wè ke tout Dominiken pa menm. Genyen ki sousye de Ayisyen tou. Mwen pase dizan lòtbò a, mande m sa m regle m pa konnen. Ti lajan yo peye m nan, menm kote a mwen depanse l pou m achte manje. Dèfwa mwen pa menm rete anyen pou m ta jwe yon tèt lotri. Gade yo voye m tounen isit! Yo vòlè tout tre zafè m. Mwen pa menm antre ak 2 kòk panyòl; sa grav! Yo pouse do anpil lòt Ayisyen mwen te rankontre Kwadèboukè ki te nan menm kamyon ak mwen; yo ta pral Sendomeng. Sa ki pi rèd la, zenglendo dominiken vòlè tout afè nou. Yo antre nan batey kote n te kouche, epi malandren yo fè piyay nan bagay nou. Anpil nan nou antre isit de men vid. Te gen yon gwo popilas Ayisyen ki te gen tan fè wout bwa, y al tonbe Jakmèl avan yo ta mete lapat sou yo. Se konsa sitiyasyon an ye laba a lè m kite. Anpil al kache; sa yo ki nan kache, sa k ap sove, e sa yo ki pase lòt kote pou antre Ayiti pou pa gen tan kenbe yo. Si yo kenbe ou, y ap maltrete ou, epitou ou p ap gen tan pran anyen. Se kòmsi mwen ta di ou istwa Ayisyen ki te Kiba avan Revolisyon an lè Tonton Pyè te konn rakonte nou kòman yo te pati dèyè yo tankou chen k ap chase chat mawon. Nou poko janm pati; si Tonton Pyè te vivan toujou, misye t ap gen tan

konprann mwen. Li te di l fè ventan Kiba kòm koupèdkann; apre sa, te gen yon prezidan mwen kwè ki te rele Baptista oubyen Batista. Chen anraje sa a leve yon lè epi l mande pou tout Ayisyen bay Kiba blanch. Se lè tonton an rakonte nou istwa sa a mwen aprann premye fraz panyòl anba bouch li. Misye di, lè sa a, tout kote ou pase Kiba ou wè gad ap arete Ayisyen ak tout pitit yo pou pimpe tounen Ayiti. Gad kiben yo di Ayisyen: «*Vamos! Vamos para Ayiti!*». Lè m mande granmoun nan kisa sa vle di, li reponn: «Ale Ayiti! Fout tounen Ayiti!». Se te premye fraz panyòl Tonton Pyè montre m. O, Bondye! Depi kilè nou menm Ayisyen ap pase mizè, ap pran imilyasyon nan men lòt nasyon? Kisa Ayisyen fè y ap peye? Ki malediksyon ki tonbe sou Ayiti Toma? Gade sa bandi yo fè m lè yo pimpe m tounen Ayiti. Mwen pa konn sa m pral fè. Mizè nan dengonn mwen tout kote m pase. Mizè ak zenglendo prèske fin touye mezi plan fanmi m. Kenòl ki te vye kouzen m, ki te konn ede m, men zenglendo touye l tankou rat ki koupe kou yon poul. Kisa l te fè? Anyen! O, Bondye! Kenòl, nèg inosan, bon vye malere! Men kisa l te fè pou zenglendo sanmanman, sanwont san santiman yo touye l? Yon nèg ki pa janm enmègde pèsòn. Misye se yon peyizan ki te konn travay di; tout moun te respekte l nan bouk la, menm chèf ki te chat de pye, magouyè, makout, malpouwont te konn ap pale de byen pou li paske l te fè respè l. Li pa t janm nan kont, nan oken tire pye ak pèsòn. Mwen tande zenglendo yo fè tandòt krim nan lòt bouk. Lè w ap gade bagay sa yo k ap fèt nan peyi a, inosan k ap peye pou koupab, ansòm ou ka di anpil chèf

ka byen zenglendo anbachal tou. Yon nonm pa konn mal ak femèl mayengwen lè y ap vole. Li posib paske yo pa janm di anyen nan sa k ap fèt yo. Se pa soud yo soud; yo tande kri pèp la; yo tande vwa peyizan yo, e yo wè san pitit peyi a k ap koule chak jou tankou yon rivyè wouj. Nan ka sa a, nou pa ka di moun sa yo inosan malgre y ap pran pòz ti Jezi nan po krab, men se yon dal kabrit ki kouvri kò yo ak po mouton. Men pa bliye pwovèb ayisyen an, *bay kou bliye, pote mak sonje*! Bagay yo p ap ka kontinye konsa pou toutan. Lè yon fanm gwòs, se swa l fè movèzkouch oubyen l akouche lè lè l rive. Se youn oubyen lòt, men li pa ka toulède.»

Istwa Mèsidye a choke Rozita. Li chita ak men dwat li nan figi l ap tande ak atansyon sa Mèsidye sot esperyanse Sendomeng.

«Konpè m, se konsa ou di Sendomeng lan ye? Ou fè tout cheve nan tèt tresayi. Ou vle di tout moun mwen te konnen nan bouk la sibi tout mati sa yo? Monchè, tande ak wè se de vre. Lè moun nan bouk la te konn ap pale de Sendomeng, yo pral Sendomeng, yo pral koupe kann Sendomeng se kòmkidire mwen ta di ou se nan yon paradi yo ta prale, epoutan se nan yon lanfè yo ta prale. Pòv peyizan ayisyen! Mwen menm kòm fanm, mwen ta pito reziyen m rete isit pou m bat mizè ak Deliram ak timoun yo paske gen espwa Bondye kapab delivre Ayiti yon lè. Nanpwen yon priyè ki pa gen amèn; tout sa k monte ka desann; tout sa k cho ka vin frèt. Ou sot di yon bagay ki ban m anpil kouraj: «lè yon fanm gwòs, se swa l fè movèzkouch oubyen l akouche lè lè l rive». Se vre wi

sa ou di a. Monchè ou menm ak konpè Dyelifèt se de moun ki toujou ap ankouraje moun; nou toujou la ap fè moun wè larezon nan bouk la. Kounyeya, se tout peripesi sa yo ou sot pase konpè Mèsidye?»

Se yon sipriz tou pou Deliram tande tout peripesi Mèsidye sot pase. L ap fè l konn sa k pase sou sitiyasyon aktyèl nan peyi a, e sou fenomèn zenglendo a, yon bagay nouvo pou Mèsidye depi l retounen Ayiti.

«Se lapenn, konpè Mèsidye pou tande kijan bagay yo ye pou Ayisyen ki laba a. Rozita, ban m yon grenn sèl pou m met anba lang ! Se tout peripesi, tout kalvè sa yo ou sot pase? Monchè, mwen pa t vle di ou sa lè ou te fèk parèt la. Mwen sonje kòman ou te kite isit ak figi ou byen fre malgre bagay yo pa t pi bon se vre. Lè ou parèt la, mwen wè figi ou fin dechose nèt ale. Mwen panse lòtbò a se te yon paradi jan Ayisyen ap kouri al koupe kann la, epi se konsa ou di m bagay yo ye la? Ou di ke Ayisyen nan batey yo se tankou lè nèg ayisyen te nan esklavay. Tonton Pyè te konn rakonte n istwa granpapa l te konn rakonte l lè blan fransè te mete granpapa l nan esklavay, kòman yo te konn mete chenn nan pye yo, kale yo, fè yo travay kou bourik: maten, midi, solèy kouche. Mwen wè prèske pa gen gran diferans ant sa li te konn di yo ak sa ou sot rakonte sou Ayisyen nan batey yo. Monchè, gen yon seri bagay yon nonm pa ta janm imajine men se lè ou jwenn moun ki pase kwa sa yo, ki sibi mati sa yo tou, se lè sa a pou kwè tout bon vre. Ay! Gen bagay ki dwòl tout bon vre anba syèl sa a. Pou Ayisyen nan esklavay toujou

lòt kote! O, Bondye! Mwen pa t nan esklavay; men, zansèt mwen yo te esklav, e yo di se pa yon bagay ki te dous. Malgre m pa t fèt nan esklavay men monchè sa touche m anpil paske tout Ayisyen se frè ak sè kit yo sot nan lòt bouk, kit yo nan batey Sendomeng oubyen lòt kote; nou tout se menm san an. Nou fèt nan menm peyi; nou pale menm lang. Bon franchman Mèsidye m ap di ou sa, ou konnen m se yon nonm ki sensè; konpè Dyelifèt konnen kilès nèg mwen ye tou. Mwen ka di m se yon nonm ki pa rayisab. Mwen ka di ou ke menm zenglendo, makout, makout potovi, ti makout, makout dèyè manman, gwo makout, vye chèf, chèf magouyè, eksetera era… Mwen ka di ou sa, yo tout se Ayisyen tankou m; nou tout fèt Ayiti. Se pa pou di ke m rayi yo kòmkidire m ta renmen wè mal pou yo. Pa ditou! Ou konprann mwen; nou konprann sa m vle di. Sètadi, gen moun ki pa tankou m, moun ki ta fè yon jan ak yo pou sispann enmègde, abize, souse, maspinen, kraze, vòlè, touye pèp la ak peyizan inosan. Mwen menm, an verite m ap di nou tout ke m ta renmen wè kriminèl sa yo chanje yon jou. E lè m di yon jou, mwen pa vle di nan senkantan men rapido presto paske tout nèg pa tankou m, tout nèg pa panse menm jan ak mwen. Ay! M ap di nou sa, nèg ayisyen pa manje manje bliye non; donk yo gen bon memwa. Yo kapab manje manje dòmi ki fè yo dòmi men sa pa vle di yo mouri. Mwen menm, se konsa m wè bagay yo. Si moun sa yo pa pran yon desizyon kòmkwa pou ta di yon jerenons sèt fwa, epi bese atè fè yon kwa bo l, kòmkwa yo ta sèmante pou pa janm enmègde, abize, souse, maspinen, kraze, vòlè pèp la, sa

ka vin pi rèd pou yo demen. Granpapa m ak defen Tonton Pyè te toujou ap rakonte sa Ayisyen te fè an 1803 pou yo te ka soti nan esklavay. Li te konn pale de yon seri nèg vanyan, gason kanson ki pa t pè goumen pou libète yo. Epitou sa k fè m te renmen Tonton Pyè ak granpapa m plis sèke yo te konn di nou nèg sa yo, ewo sa yo pa t yon seri sanzave, sangwen, malandren, malpouwont, makout, makou, magouyè, zenglendo ke yo te ye. Se te yon seri nèg de byen, nèg natifnatal Ayiti Toma, e yon seri gwo jeneral. Lè m di «jeneral», m ap pale de bonjan jeneral. Mwen p ap pale de jeneral fatra, souflantyou, magouyè, makout, vandèdpeyi oubyen jeneral zenglendo. M ap pale nèg kouwè Tousen, Desalin. Tonton Pyè te konn pale tou de yon sèten Chalmay Peral. Li di misye pa t ap viv nan menm epòk ak Tousen, Desalin; li vin jis apre mesye sa yo. Men, li di ke Chalmay Peral te yon gason vanyan menm jan ak Tousen, Desalin. Chalmay Peral te yon nèg ki te pi bwòdè pase rat men li pa t konn mete kanson pou bèl twal. Tout nèg sa yo pa t yon seri lach. Se pa t yon seri chèf ki t ap maspinen, souse, abize, touye pèp la, men yon seri nèg ki te pre pou bay vi yo pou retire pye zansèt nou yo nan chenn. Jodiya, si nèg sa yo (Desalin, Tousen, Chalmay Peral) te vivan, yo t ap nève tout bon pou ta wè nan ki eta Ayiti ye. Ay! Nèg sa yo pa t konn manje anyen frèt. Tonton Pyè te konn di nou: «Pitit, lè Desalin ap sèmante, si ou pa gen gason sou ou, pa kanpe kote misye paske dyare ap pran ou». Mwen menm, yon timoun kirye, mwen te toujou renmen konnen dekiprevyen tout bagay. Lè m mande Tonton Pyè, kòman yon nonm ta fè

gen kakarèl lè Desalin ap sèmante? Tonton an di: «Pwoche pitit mwen pou m esplike ou!». Ay! Mwen ka di nou Tonton Pyè pa t konn siyen non l, men se te yon nonm save ke menm filozòf te pè pale ak li tèlman misye te konnen anpil bagay ki pase nan tan lontan Ayiti ke granpapa l te konn rakonte l. Tonton an sonje tout nan tèt li depi «a» jiska «z». Tonton Pyè di ou lè Desalin fè yon sèman, lè Desalin di yon kout tonnè, yon kout tonnè krakra l, misye frape pye l atè epi tè a tranble. Yon lè nan zòn ane 1803, avan esklav yo te leve kont blan fransè, Desalin antre nan yon fò, yon gwo kay kote yo mete zam, kote y ap veye ènmi; anndan an te chaje ak gason vanyan, gason kanson ki t ap goumen pou retire nèg nan esklavay. Ay! Desalin di: «Tonnè krakra m! Tout nèg ki sèmante pou yo ta mouri lib olye pou yo ta rete esklav Fransè pou toutan, kanpe bò kote m. Tout nèg ki pè mouri kòm nèg lib men ki ta renmen rete ap sèvi Fransè toutan, fout nou deyò! Tonnè krakra m! Si Fransè yo ta fout penmèt antre kote nou ye la a, kòmkwa pou ta vin manke nou dega, tonnè krakra m, mwen t ap fout boule fò sa a ak nou tout!». Ay! Te gen nèg brav tout bon vre nan epòk sa a, gason ki rele gason, gason vanyan, gason kanson ki te renmen Ayiti tout bon, chèf ki rele chèf, chèf ki t ap goumen pou libere tout esklav. Se pa t ti chèf lach, chèf k ap touye pwòp pèp li, chèf kapon, chef ki gen kakarèl pou ti krik ti krak, sanzave, malpouwont, makou, makout, magouyè, zenglendo, jeneral fatra, jeneral latrin, souflantyou, vandèdpeyi nèg sa yo te ye. O, non! Se mwen k konnen kòman m sonje Tonton Pyè chak fwa istwa sa yo vin nan lespri m. Depi tonton an di:

«Timoun, m pral ban nou istwa», tout timoun gen tan pran ti chèz ba yo pou chita devan l, mete zòrèy yo an twonpèt, epi gade bab granmoun nan k ap lage istwa atè. Li te tankou yon nèg save ki kenbe yon liv l ap li; epoutan, tonton an pa t konn ni li ni ekri. Mwen ka di se kòm yon don Bondye te bay granmoun nan pou l sonje yon seri istwa, bagay ki te pase tout bon vre sou tè d Ayiti nan tan lontan. Pa te gen lekòl nan bouk la se vre, men m toujou di Bondye mèsi pou granmoun sa a tout timoun te renmen wè, renmen tande. Lè l chita nan dodin li, kachimbo l nan bouch li, l ap ban n blag, rakonte n istwa, se te tankou yon pwofesè lekòl k ap anseye nou. Byenke m pa ka siyen non m se vre, mwen pa ka fè yon papye tè, men lè m sonje Tonton Pyè kè m kontan. Malgre tout mizè n ap sibi kounyeya, tout kwa n ap pote yo, tout kalvè n ap pase yo, lè m sonje istwa sa yo, lè m sonje kòman bagay yo te ye lè m te jenn ti gason, sètadi yo pa t mal jan yo ye jodiya; pa t gen sechrès n ap wè kounyeya, menm bèt yo te konn jwenn vye zèb pou manje. Yon bourik te gen kouraj pou l ranni paske lè l fin manje zèb, li bwè dlo vant plen, kè l kontan, li tonbe ap karakole nan savann lan tankou yon ti chen ki kontan k ap chèche lòt pou jwe. Kounyeya, ak sechrès la, anpil bourik mouri. Sa k pa mouri yo kouche toutan; tèlman yo fèb, yo pa menm ka ranni. Mwen sonje valè chen nou te genyen. Nou te gen dis chen nan lakou a. Yo te mechan anpil. Tèlman yo te mechan, gen moun ki konn ap mande si se myèl nou te ba yo manje; epoutan, chen yo te jwenn manje agogo, vye zo, vye zagribay apre yo te fin touye kochon, kabrit chak mèkredi nan lakou a

pou al vann nan mache demen. Prèske tout chen nan lakou a fin mouri kounyeya akoz manje yo pa jwenn pou manje. Gen kèk chen ki rete toujou nan vwazinaj la; mwen vle pale de chen Tant Ateralya yo ak chen Asefi yo. Mwen menm kòm moun, lè m ap gade zo kou, zo kòt chen sa yo kijan yo soti, sa fè m lapenn. Jan m konnen chen sa yo te mechan lontan. Lè moun konn ap pase bò kay Tant Ateralya oubyen bò kay Asefi, si yo pa t gen yon baton kenbe nan men yo, ou tande y ap rele: «Kenbe chen pou mwen! Kenbe chen pou mwen souple!». Kounyeya, moun mèt mache de men vid; menm kouri chen yo pa ka kouri, alevwa pou yo ta gen fòs jape moun. Nou te konn an sekirite nan lakou a lè m te piti. Se vre te gen vòlè men yo pa t mechan kouwè zenglendo. Vòlè sa yo se te chat de pye, kouto de bò, vòlè kouwè Toto. Anpil moun te konn Toto. Misye te yon machann lèt. Li te konn travay nan jaden moun, travay nan konbit ou an gwoup ak lòt zanmi, travay nan fè founacho ansanm ak lòt nèg. Toto te yon nèg byen jantiy. Anpil timoun nan vwazinaj la te konn rele l gòldipè tèlman misye te wo. Kèk moun di ke Toto te pran pwen pou l vòlè; gen lè se te vre. Lè nou konn fin kase mayi, Toto te konn ede papa m mare yo pou fè gwo makòn pou kwoke nan pye mango. Apre yon semèn, ou konn wè twa, kat makòn mayi manke nan pye mango yo. Pafwa yon moun te ka panse se vòlè ki te soti lwen ki pran yo, epoutan se *rat kay ki t ap manje pay kay* kòm pwovèb la di. Wi, *rat kay ki t ap manje pay kay!* Yon lòt non jwèt timoun yo te konn bay Toto se «makou» paske anpil moun di ke misye te yon chat de pye. Prèske tout

moun ki te konn Toto di ke misye pa t gen anpil bèf; se sèlman de vaybèf li te genyen, epi l te gwo machann lèt nan plizyè bouk. Lè ou reflechi tout bon vre sou sa, ou di: si Toto te gen sèlman de vaybèf, kòman fè l te jwenn lèt toutan pou pratik li yo? Imajine byen, yon vaybèf pran prèske menm valè tan ak yon fanm pou l mete ba. Yon vaybèf se pa yon bèt ki plenn chak twa mwa oubyen ki pran twa mwa pou l mete ba, epi pou bourik Toto te toujou chaje ak galon lèt. Men malgre tou, mwen ka di nou ke m pa ka konpare Toto ak zenglendo alèkile. Kriz zenglendo sa a se kòm yon flewo tout kote w pase. Nou pa an sekirite paske prèske tout plan chen yo fin mouri. Leta, chèf yo p ap ban nou sekirite paske anpil nan magouy ak zenglendo. Toto te vòlè se vre, men pèsòn pa di ke l te touye oken moun nan oken bouk. Lòt vòlè an chat pent ke yo te konn ap pale de yo se te Elifèt, Ti Pòy ak Anou. Twa mesye sa yo te kòm Toto: trè jantiy e trè sèviyab. Kèlkeswa kòve, eskwad, founacho yon nonm t ap fè, kay yon moun t ap bati, yo te toujou la pou bay konkou. Men, Beniswa ki te konn twa mesye sa yo fen e byen, lè misye ap pale de yo se pou kwè l. Beniswa tankou yon kayiman; si l di w tèl ou tèl pwason avèg, se pou kwè l paske se nan dlo li te ye. Beniswa konnen sa l te pran nan men mesye sa yo. Se yon peyizan ki respekte tèt li, e ki te konn travay di; li ede moun lè y ap fè kòve oubyen ede nan nenpòt kòve k ap fèt nan jaden oswa nan lakou moun. Oken peyizan pa janm pale mal de li, men yo te konn di misye se yon kourèd, yon peng; yon nèg ki pa te depanse yon peni fasil. Menm fanm Beniswa pa t genyen poutèt pou l pa t depanse twòp. Kòm

pwovèb la di, *kourèd antere kou mou*; se vre wi. Byenke Beniswa te yon kourèd, anpil moun te konn pran ponya nan men l, sitou nèg ki ta pral Sendomeng. Byenke l pa janm pran nouvèl moun sa yo ki te prete kòb nan men l pou ta remèt li kòb la, Beniswa pa janm plenyen. Yon lè te gen yon kòve pa tèlman lwen ak kay Papou. Ay! Tout nèg t ap bay blag apre yo fin manje yon mayi byen cho. Tout moun te fin manje vant deboutonnen, epi yo te sèvi tout nèg yon bonjan gwòg pou mete yo dyanm. Apre nèg fin fè yon poze, tout nèg retounen nan travay. Lè lestomak ou kore konsa, ou fin pran yon bon gwòg, ou santi w anfòm, ou santi w gason tout bon. Men, toujou gen kèk parese tout kote w pase. Mesye yo t ap leve gwo bwa, bonjan bwa, e bwa ki lou ki itilize pou al boule ansanm ak wòch founacho. Anou p ap li pran yon kalte bwa! Tout moun sezi! Yo bat bravo pou li, epi yo di: «Anou se nèg ki gen nèg sou li tout bon vre!». Te plen fanm ki te fin sèvi mesye yo k ap travay byen di. Fanm sa yo t ap gade potorik gason sa a ki rele Anou, janm li ak ponyèt li byen miskle. Se te yon jeyan lokal. Tout moun bat bravo, «Bravo Anou! Bravo!». Men Beniswa se yon nonm ki toujou ap fè moun ri, yon komedyen ki toujou ap pale an daki. Toudenkou, li rete l di: «Anou pa manje nan yon sèl jaden». Hm! Tout moun te rete bouch be. Anpil moun te rete bouch fèmen paske te gen moun ki konnen misye gen de pye lajounen, kat pye solèy kouche. Gen moun tou ki pa t byen konprann sa Beniswa te sot di a paske yo konn wè Anou ap travay diferan kote: swa l ap travay nan eskwad ak ti gwoup zanmi ouswa l ap travay nan jaden yon moun. Men lè n devine sans pawòl

Beniswa a, li vle di «yon chat mawon menm jan ak Toto». De tout fason, tout kat vòlè sa yo te trè jantiy e trè sèviyab. Yo te toujou la pou ede moun nan nenpòt kòve y ap fè. An verite, nou pa ka konpare yo ak vòlè nou fèk wè ki rele *zenglendo* k ap degòje moun tankou rat k ap koupe kou poul lage atè. Zenglendo yo gen dwa fin antre nan yon kay, yo pran lajan moun, fè kadejak sou tifi, mare papa ak jenn gason nan poto epi lè fini, yo touye tout.

CHAPIT DE

Enpòtans ide Mèsidye pran Sendomeng ki ka ede nan kad devlopman Ayiti.

Dyelifèt ta renmen konn nouvèl lòt zanmi l yo ki te pati al Sendomeng. Mèsidye te konn wè Nènè, Poulik ak Sonson souvan men li vin pèdi kontak yo yon semèn avan yo te kòmanse chase Ayisyen. Ak esperyans Mèsidye aletranje, li pa vle vwayaje al lòt peyi ankò, men li prefere rete Ayiti, sa l fè l fè. An menm tan, li pa kont sa yo k ap kite Ayiti, k ap eseye pran chans pou al dèyè lavi miyò lòt kote. Mèsidye aprann anpil aletranje, e li swete li ta yon bèl ide si chak Ayisyen ta vwayaje al lòt peyi, epi retounen Ayiti pou met an pratik sa yo obsève.

«Konpè Mèsidye, ou pa janm rankontre ak lòt mesye yo Sendomeng?» Dyelifèt mande.

«Konpè Dyelifèt, pou di w laverite, mwen te rankontre Nènè, Poulik ak Sonson. Mesye sa yo te nan 2 batey ki pa tèlman lwen ak kote m te ye a. Mwen te konn wè yo souvan.» Mèsidye reponn.

Mèsidye ap bay plis detay sou sa k pase kèk jou avan gad dominiken te mete lapat sou li, e kisa l aprann.

«Depi nan semèn yo te kòmanse kouri dèyè Ayisyen, mwen vin pa wè yo ankò. Mwen pa ka di ou si se kache yo kache Sendomeng oubyen si yo retounen Ayiti. Yon sèl bagay mwen konnen sèke yo t ap viv toujou avan yo te mete lapat sou mwen. Mwen espere y ap viv toujou kit yo kache Sendomeng, kit yo retounen Ayiti. Lakay se

toujou lakay kèlkeswa jan bagay yo ye. Apre esperyans mwen Sendomeng, mwen mande padon. Kèlkeswa jan sitiyasyon an ye, monchè Dyelifèt mwen pa wè mwen menm ki pral lòt peyi. Anpil moun ap pale de Miyami, y ap pran kanntè al Miyami, y ap prete kòb pou pran kanntè al la. Monchè apre leson sa a mwen sot pran Sendomeng, m ap rete Ayiti sa l fè l fè. Lè m di sa, pa konprann se kont mwen kont moun sa yo k ap kite peyi a. Lè ou byen reflechi sou sitiyasyon an, se pa fòt yo; sechrès fin manje dengonn yo, chèf ap abize yo, y ap vòlè tè peyizan. Ti rès tè ki rete yo peyizan pa ka travay yo paske pa gen lapli oubyen yon sistèm irigasyon menm jan m wè anpil kote Sendomeng. Lòt gwo flewo k ap kale yo se koze zenglendo a, e nou pa gen yon gouvènman ki pou ta mete yon fwen nan sa. Mwen wè mesye sa yo tankou yon tren ki deraye. Yon lè, mwen te wè yon tren ki deraye Lewogàn pandan m ta pral Pòtoprens. Ay, yon bagay tèrib! Se pa de ravaj tren sa a pa t fè: li pase sou moun ki ta pral nan jaden, timoun ki ta pral lekòl, machann ki te bò chemen, eksetera era… Bon, plizoumwen ou gen yon ide de sa m ap di a, malgre m pa kapab pale de sa ankò.»

«Kòman konpè m?» Dyelifèt mande Mèsidye.

«Sa vle di sa pa egziste ankò Ayiti. Se kòmkwa mwen ta di se yon sòt rèv nan tan lontan lè lò te lò,» Mèsidye reponn.

Epi Mèsidye kontinye pale; li bay plis esplikasyon:

«Ay! Mwen sonje lè nèg te jenn gason, nèg t ap mennen gwo towo bèf al vann nan labatwa Pòtoprens. Lè nou rive Lewogàn pou t ap gade gwo chan kann tou ble kou digo, pyès veritab, mango an gaspiyay eksetera era... Epòk sa a, menm si yo ta peye m pou ale nan lòt peyi mwen t ap di 'non', mwen p ap kite Ayiti. Se reyèlman yon rèv pou ta konpare tan lontan ak kounyeya. De bagay diferan! Kèlkeswa kote ou pase Ayiti kounyeya se prèske menm bagay: yon dezè, yon savann sèk chaje ak wòch san zannimo ladan l. Peyi a chaje ak pwoblèm. Se kòm yon vye cheval ki chaje ak tik tout kote nan kò l. Nou menm peyizan, nou viv pwoblèm sa yo chak jou: sechrès, lafen, krim, timoun pa ka al lekòl, Ayisyen ap pati kite peyi a, Ayisyen ap antre sot aletranje paske yo pouse do yo met deyò. Gade m sot fè dizan Sendomeng; se pa ke mwen te renmen kite peyi m, men w ap gade yon jenn gason ki leve chak jou li pa gen anyen l ap regle. Donk, mwen te oblije mete kò m deyò pou pran chans mwen. Apre dizan esperyans mwen sot fè Sendomeng, mwen aprann kont mwen. Mwen wè sa k gen laba a ak sa k manke nan peyi nou. Yon moun te ka pati aletranje al vizite, epi retounen nan peyi l. Se ta yon bèl ide si tout Ayisyen te ka vwayaje al nan lòt peyi, gade kijan bagay yo ye lòtbò dlo epi retounen Ayiti, eseye kreye nan peyi a bagay ki pa egziste, bagay ki ta ede pèp la.»

«Konpè Mèsidye monchè, ou se yon nonm mwen renmen tande. Tout sa ou sot di yo, tout se verite. Se reyèlman yon rèv pou ta konpare tan lontan ak kounyeya paske bagay n ap wè yo tèrib. Ou menm konpè m ki pase

aletranje, ki gen anpil bèl ide nan tèt ou, kisa ou wè ou ta ka fè pou ede peyizan?» Dyelifèt mande.

Mèsidye ap reflechi tèt bese sou kesyon an pandan kèk segonn epi l kòmanse kòmante:

«Konpè Dyelifèt, se yon bèl kesyon. Kòm mwen di ou deja, se ta yon bèl ide si tout Ayisyen te vwayaje al nan lòt peyi pou gade kijan moun viv, kijan bagay yo ye, epi retounen vin ede lòt Ayisyen ki nan peyi a. Apre dizan mwen sot fè Sendomeng, malgre yo pouse do m met deyò, mwen retounen de men vid men m pa fin dekouraje nèt ale. Pandan mwen te lòtbò a, m wè anpil bagay ki genyen epi nou pa genyen yo Ayiti. Pa egzanp, ann pran gwo chan kann ki gen Sendomeng. Kann se danre prensipal peyi sa a, danre ki pote lajan bay Dominiken. Konpayi ki an chaj zafè sik la se yon konpayi ki anplwaye anpil Dominiken. Gen Dominiken m konnen k ap travay la depi ven, trantan. Se kòmsi m ta di w se jaden yo. Ayiti te ka gen tou yon seri konpayi agrikòl k ap anplwaye anpil Ayisyen. Konpayi sa yo ta ka konpayi k ap fè sik tout bon byenke nou pa gen anpil tè plenn, menm jan ak Dominiken yo. Mwen t ap rakonte ou lè m te jenn ap mennen bèf al Pòtoprens kijan m te konn wè gwo chan kann Lewogàn. Se menm rèv sa a lè w ap gade chan kann Sendomeng. Sou gouvènman Janklod la, yo rache menm ray tren pou vann; mwen pa bezwen di ou anyen ankò. Ou gen kafe pa egzanp, se te yon danre ki te konn rapòte anpil lajan sou Estime. Akoz mòn yo, si te gen bonjan gouvènman, yo ta ka ede

peyizan kiltive kafe. Mwen t ap rakonte ou kijan mango te konn ap gaspiye lè m te timoun. Tout mango sa yo te ka itilize pou fè chanpou, ji, sirèt ak lòt pwodui pou Ayisyen. Gen anpil bagay nou bezwen nan peyi a ke nou pa t bezwen achte aletranje. Nou te ka fè yo Ayiti, men ou konnen; pa gen gouvènman ki reyèlman sousye de devlopman peyi a. Anpil politisyen se jis goumen y ap goumen pou monte sou pouvwa pou al plen pòch yo. Depi m piti, gouvènman ap monte desann, Ayiti pa fè yon pa kita yon pa nago. Mande m sa yo regle pou peyi a mwen pa konnen. Lè w ap gade yon seri tè sèk pa egzanp, se vre lapli pa tonbe souvan pou travay yo men gen yon pakèt ti sous ak rivyè ki la toujou. Mwen admèt dlo sa yo bese men yo pa seche; yo kontinye koule al nan lanmè san yo pa esplwate yo. Gouvènman an te gen dwa fè yon jan pou kapte dlo sa yo pou ede peyizan wouze moso tè yo. Se pa parese nou parese. Ou konnen peyizan ayisyen renmen travay; yo pa renmen ret chita lakay. Donk, si gouvènman t ap ede nou, bagay yo pa ta jan yo ye kounyeya. Gen yon pakèt traktè mwen wè Sendomeng k ap raboure tè pou plante kann; gouvènman ayisyen te gen dwa fè yon jan pou ta lwe machin sa yo pou ede nou plante sa nou vle, epi an retou, nou ta peye apre nou fin vann rekòt. Peyizan ayisyen rive nan yon pwen kote yo pa kapab travay ankò ak manchèt, hou, pikwa. Sa ta bèl pou itilize yon seri ponp dlo paske nou pa rete lwen yon sous. Donk, youn nan bagay gouvènman an ta kòmanse fè pou nou se ta simen ponp dlo nan tout bouk yo pou ta kòmanse konbat mizè ak sechrès. Mwen pa yon nèg ki te fè klas, konpè Dyelifèt, men sa pa vle di yon nonm

avèg pou otan pou pa wè sa k vre, e sa k merite fèt. Yo toujou minimize nou menm peyizan paske nou pa konn li ak ekri; nou pa konn pale franse, nou pa t al lekòl. Si menm moun sa yo te panse byen, yo ta di: «Mezanmi, fò nou sonje peyizan yo, se moun yo ye tou; yo pa vye chen. Si se pa t yo, nou pa t ap jwenn manje nan Pòtoprens.» Donk, si te gen moun ki sousye de nou, moun save ki t ap ede nou, sechrès la pa ta gen tan rive kote l ye jodiya a. Anpil granmoun, timoun ak bèt pèdi lavi yo akoz manje yo pa t ka jwenn pou manje. Lè w ap gade byen, se yon bagay ki pi grav ke aksangrav pou wè timoun ak granmoun k ap mouri lafen. Si jenn timoun sa yo ki fèk ap vini ap mouri konsa, kilès ki pral ranplase granmoun yo? Kijan peyi a pral ye nan syèk tounèf la? Yon peyi san jenn moun se yon peyi san avni.»

Dyelifèt konplimante Mèsidye pou bèl ide l genyen pou bezwen peyi a:

«Si tout moun ki te soti aletranje te panse menm jan ak ou, yo t ap ka ede anpil lòt Ayisyen. Si yon nonm renmen peyi l, l ap toujou wè bon bagay pou li. Ou vin sot Sendomeng ak de men vid se vre men mwen wè ou gen bèl ide nan tèt ou lè w ap panse sa peyi a bezwen. Ay! Nèg sonje tout bon lè yo te jenn gason. Monchè, jan ou pale de Sendomeng lan, gen lè nou dèyè nèt. Ou di ou wè bonjan chan kann, dlo pou wouze tè, traktè… Lè w ap gade tout bon vre konpè Mèsidye, Ayisyen pa t ap depeyize konsa si yo te jwenn sa yo bezwen nan peyi a. Ayisyen se pèp ki renmen Ayiti; sètadi, se pa moun ki ta

renmen annik leve pati kite peyi a konsa men se yon sitiyasyon ki pouse yo fè sa. Kèlkeswa jan lakay ye, lakay se toujou lakay.»

Pandan li te aletranje pandan dizan, Ayiti te toujou nan rèv Mèsidye. Li konpare peyi l a yon mennaj yon nèg kite dèyè.

«Mwen ka di ou sa konpè Dyelifèt, mwen sot fè dizan aletranje; mwen reve m Ayiti chak swa. Se lè ou kite Ayiti pou wè ki nostalji ou genyen. Se kòm yon espas vid ki te nan kè m, se kòm yon boubout yon nonm kite dèyè l ap reve manmzèl chak swa. Donk, si te gen moun tout bon k ap ede nou, gouvènman ki pa t ap abize, souse, maspinen, kraze, vòlè, touye nou, sechrès la pa ta rive kote l ye a ditou.»

Dyelifèt, sètènman, dakò ak Mèsidye:

«Se vre wi konpè Mèsidye. Si yo te sousye de nou, se pa nan pwen sa a nou ta ye. Enben, m ap fè yon rive Tèwouj konpè m. N a wè nan gagè samdi.»

CHAPIT TWA

Vizit Mèsidye nan gagè a. Plis kòmantè sou sitiyasyon peyizan ayisyen Sendomeng.

Samdi apremidi, gagè ap kòmanse a katrè. Moun kòmanse reyini. Anpil machann, anpil moun soti nan diferan bouk tèlke Tounad, Moriso, Lasalin, Sannayi pou vin gade kòk k ap voye zepon. Mèsidye rive bonè nan gagè a. Pandan l ap pran yon gwòg, l apèsi Deliram k ap achte tablèt.

«Konpè Deliram! Konpè Deliram! Men mwen bò isit,» Mèsidye rele.

«O o! Gade konpè Mèsidye! Depi kilè w rive nan gagè a?» Deliram mande ak sipriz.

«A! Mwen rive la a yon bon ti kadè. Potko menm gen anpil machann ki te kòmanse vini. Ou konnen nèg vin dezabitye ak isit. Mwen panse gagè t ap kòmanse pi bonè. Kòm mwen pa prese, mwen t ap fè yon ti ale vini pou wè si m pa jwenn kèk vye zanmi mwen te konnen avan mwen t al Sendomeng,» Mèsidye ajoute.

Pandan Deliram ap pale ak Mèsidye, lòt mesye yo t ap swen kòk yo, ba yo mayi, netwaye zepon yo, soufle kleren sou yo. Mèsidye gen yon remò ki pran l dèske l sot Sendomeng de men vid, pa menm de kòk panyòl:

«Monchè Deliram mwen mòtifye, se nan kè m pou ta ye pou ta konprann kijan m tris. Lè w ap gade m antre sot Sendomeng de men vid san m pa vin ak de kòk. Se yon bagay tèrib konpè m!»

«Konpè Mèsidye, pa fatige kò w. Di Bondye mèsi dèske l ba ou sante epi ou vivan toujou. Ou se yon nonm ki gen bèl ide, ki vin sot Sendomeng ak bèl ide pou peyizan. W ap toujou ka ede nou yon lè,» Deliram rekonfòte l.

Plis moun kòmanse ap vini, gagè a kòmanse boure ak moun. Dyelifèt vin parèt pandan Mèsidye t ap pale ak Deliram.

«Gade konpè Mèsidye ak konpè Deliram! Ban mwen nouvèl nou, kòman nou ye?» Dyelifèt salye yo ak emosyon.

«Nou la, n ap debat konpè,» yo reponn.

«Kounyeya, konpè Mèsidye fin dezabitye ak afè gagè paske l fè dizan li pa wè bagay konsa,» Dyelifèt di san li pa doute.

Mèsidye fè yon ti souri lè Dyelifèt fin di sa, epi l ap kòmante ak fyète:

«Gen gagè tou Sendomeng. Men gagè lakay se gagè lakay. Se la ou jwenn tout vye zanmi w pou pale ak yo, pou pran yon gwòg ansanm ak yo. Apre dizan yon nonm fè aletranje, ou pèdi tout bagay sa yo; se kòm yon vid ki nan kè w. Mwen kapab di malgre sitiyasyon peyi a ak sechrès k ap touye nou, mwen santi vid sa a kòmanse konble lè m ap wè vye zanmi m yo mwen pa t wè depi lontan. Lakay se toujou lakay kèlkeswa jan lakay ye.»

Pandan mesye yo ap pale, Dyelifèt ofri yo yon gwòg:

«Talè m ap vini konpè m yo. M pral achte yon gwòg pou nou nan men Asefi.»

Li fè yon ti mache al kot Asefi pou l achte gwòg la:

«Kòman w ye, kòmè Asefi?»

«Bonswa konpè Dyelifèt! E lekò?» Asefi mande.

«Mwen la toujou ap dangoye kòmè. Sechrès la poko touye nèg,» Dyelifèt reponn, epi l mande Asefi pou l mete twa gwòg pou li:

«Mete twa gwòg pou mwen silvouplè, talè m va peye w, kòmè Asefi.»

«Pa gen pwoblèm, konpè Dyelifèt!» Asefi reponn.

Asefi ba li twa kòn plen gwòg. Misye fè yon deplase pou retounen pale ak zanmi l yo. Chak pran yon kòn gwòg; yo lage ti tak atè, kòmkwa pou pa bliye mò yo, epi yo leve kòn yo anlè ansanm pou swete chak sante.

«Sante! Sante konpè m!», len swete lòt ak kontantman.

Pandan y ap bwè, se konsa Elifèt, Toto, Ti Pòy parèt ak kòk yo anba bra yo. Dyelifèt fè Deliram siy kòmkwa pou li ta chanje konvèsasyon paske li t ap pale de vòlè. Imedyatman, Deliram gen tan konprann tout bagay. Misye chanje konvèsasyon kote l ap pale de kòk, kòk kalite, kòk choublak, kòk zenga, kòk kayèt, kòk panyòl, move kòk ak bon kòk.

«Ala yon bèl kòk Elifèt genyen!» Deliram felisite l, epi l ap pase men sou kòk la.

«M ap swen yo chak jou konpè m pou wè si yo ta ban m yon ti kòb pou m al Sendomeng. Se rèv mwen.» Elifèt di ak yon souri, epi l kontinye pale: «Mwen p ap fè anyen isit. Se sechrès k ap minen nou. Bagay yo se pa tankou lontan. Yon nèg te konn vann jounen, bout kadè, travay nan eskwad ak ti gwoup asosye pou fè ti kòb. Bagay sa yo prèske pa egziste ankò. Mwen gen yon fanm ak senk pitit. Mwen pa ka rete chita ap grate santi chak jou. Tout jenn gason mwen te konnen, prèske tout fin kite isit pou al Sendomeng dèyè lavi miyò. Lòtbò a pi bon pase isit. Mwen p ap kite grangou touye m Ayiti, fò m al la. Menm si m pa rete pou anpil tan laba a, men m va fè yon ti kòb epi m a retounen lakay pou achte yon ti tè.»

Dyelifèt ri kò pèdi apre Elifèt fin di sa. Misye yon ti jan pa kontan paske Dyelifèt ap ri. Li panse se moke l ap moke l:

«Konpè, sa m di w la se bagay serye wi. Ou konnen mwen menm Elifèt se nèg serye; mwen pa janm ranse» Elifèt reyaji.

Dyelifèt gade Deliram, epi yo touse ansanm kòmkwa se kleren an ki ta trangle yo, men yo konn Elifèt se yon chat de pye. Kilès ki ta pran l oserye? Afè 'seryozite' l ap pale a se pawòl tafya. Pandan yo kanpe ap pale, Dyelifèt mande Elifèt, Toto ak Ti Pòy si yo pa ta renmen pran yon gwòg. Mesye yo twò kontan reponn 'wi'. Li fè yon deplase, l al pran kat gwòg nan men Asefi.

«Kòmè Asefi, touche twa gwòg yo. M ap pran kat ankò. Fè yon sèl touche. Men 10 dola!» Dyelifèt lonje kòb la ba li.

Asefi touche pou sèt gwòg, epi l remèt Dyelifèt rès monnen l:

«Mèsi konpè Dyelifèt!»

Dyelifèt foure rès monnen an nan pòch li, epi l mache pote gwòg la bay zanmi l yo.

«Kenbe konpè m! Men pa ou!» Dyelifèt distribiye gwòg la bay chak.

«Mèsi konpè Dyelifèt!» Yo souke tèt yo.

Yo chak lage ti gout atè, epi yo leve kòn yo anlè pou swete bòn sante:

«Sante! Sante!» Yo di ak kè kontan.

Pandan y ap bwè, Elifèt kontinye ap pale men ni Elifèt ni Toto ni Ti Pòy potko konnen si Mèsidye retounen sot Sendomeng. Yo pral sezi. Mèsidye te fè yon deplase, se konsa li vin parèt.

«E kadè a, konpè m yo? Kòman nou ye?» Mèsidye salye yo.

«Nou la ap siviv,» Yo reponn.

Mèsidye parèt kòm yon moun etranj pou Elifèt, Toto ak Ti Pòy. Deliram ak Dyelifèt rekonèt sa; Mèsidye mande mesye yo si yo sonje kilès li ye. Y ap devine, kontinye devine. Lè yo pa ka sonje kilès, li di: «Nou tout bwè pwa, se Mèsidye.»

«Se ou menm sa Mèsidye? Se ou, pitit?» Yo ponpe ak jwa pou bay Mèsidye akolad.

«Se mwen menm Mèsidye Lerison. Si pou m ta di nou kòman m kontan wè nou tout, nou pa t ap kwè m. Mwen fè dizan Sendomeng. Nou konnen dizan pa dis jou, dis semèn ni dis mwa. Mwen di Bondye mèsi mwen vivan toujou malgre tout bagay.»

Retou Mèsidye se yon bagay enkwayab, yon rèv pou Elifèt, pansan ke l gen tan bliye yo Ayiti.

«Se tankou yon rèv pou nou. N ap di Mèsidye fin byen Sendomeng; li bliye nou; li bliye si n egziste. Monchè, mizè, sechrès ak zenglendo prèske fin touye nou isit. Si yon nonm wè l ap viv toujou, se yon mirak. Prèske tout plan bèt fin mouri. Grangou ap touye granmoun kou timoun. Mwen Elifèt, si m vivan toujou se yon bagay mwen pa ka esplike w. Pafwa mwen konn fè yon semèn san manje. Sa k te fè m mal anpil, se lè m wè mizè touye Tonton Pyè ak zenglendo ki te touye Kenòl. Ay! Monchè, nou pèdi de bon moun nan bouk la. Sa frape tout moun; lè w ap gade yon granmoun kou Tonton Pyè. Se te yon granmoun san lanvè san landrèt. Si kèk timoun ta di w yo pa konn tonton sa a, ou mèt konnen yo soti byen lwen nan lòt bouk. Mizè pote tonton an ale, sa gen twazan; li te gen katrevenkenzan lè l mouri. Tonton Pyè te granmoun se vre men se yon nèg ki te toujou an sante, e yon moun ki te byen enganm. Li pa t janm konn malad. Tonton an te rive nan yon pwen kote vye kò a pa t ka jwenn lanouriti tankou nan tan lontan pou kenbe l; misye pa t ka kenbe ankò. Ay! Grangou pa dous non!»

«Monchè konpè Elifèt, lè m antre sot Sendomeng, sa m wè Ayiti mwen pa gen bouch pou pale. Sa yo di m ki pase dèyè m, si m pa t gason mwen t ap tonbe kriz.» Mèsidye esplike.

«Ou fè dizan laba a, ou fin gran nèg, fin rich, alèz nèt, pale panyòl byen. *M ap mande si ou pa t wè Sonson*, Nènè ak Poulik. Se twa bon vye nèg ki te konn travay nan eskwad ansanm ak mwen.» Elifèt kòmante.

«Mwen te konn wè yo souvan. Batey kote yo te ye a pa t tèlman lwen ak pa m nan. Mwen vin pèdi kontak yo nan semèn chèf dominiken te kòmanse pimpe Ayisyen tounen Ayiti.» Mèsidye reponn.

«Sa w ap rakonte m la a, konpè Mèsidye? Kòman y ap pimpe Ayisyen tounen Ayiti a? Kisa yo fè? Te kwè se ede y al ede Dominiken. Kòmsi w vle di m se pa vizite ou vin vizite nou?» Elifèt mande.

«Konpè m, mwen te pami Ayisyen yo pimpe tounen Ayiti yo. Peyi w se toujou peyi w kèlkeswa jan l ye. Se la ou gen vye moso tè w, vye fanmi ak zanmi w.» Mèsidye reponn.

Mèsidye kontinye bay ti detay sou lè li kite Ayiti:

«Lè m kite isit pou m al Sendomeng, se pa t kontan m te kontan men se te yon sitiyasyon. Jan bagay yo te ye Ayiti, mwen pa t gen chwa. Mwen te oblije fè yon jan, mwen pran yon ponya nan men defen Kenòl pou m te bay yon moun ki t ap regle vwayaj la pou mwen. Sa te vin mache,

epi m pati al Sendomeng ansanm ak anpil lòt Ayisyen ki ta pral la. Mezanmi m ap di nou sa, tande ak wè se de. Te gen yon bourara Ayisyen ki t ap kite Ayiti pou al Sendomeng. Lè w ap gade jan bagay yo ye nan peyi nou, ou pa ka di Ayisyen antò lè y ap depeyize. Mwen t ap pale sa lotrejou ak konpè Deliram, konpè Dyelifèt ak kòmè Rozita. Mwen t ap di yo esperyans mwen sot fè Sendomeng, sa malere ayisyen ap pran laba a se bagay yon nonm pa ka pale de sa.»

Wè Mèsidye fas a fas nan gagè a konvenk Elifèt ke l te antò konsènan estereyotip pozitif li de Ayisyen k al Sendomeng.

«Monchè konpè Mèsidye, tande ak wè se de vre. Lè m te fèk parèt nan gagè a ansanm ak Toto, Ti Pòy, mwen t ap di konpè Deliram ak konpè Dyelifèt kòman m ap wè si m te ka sanble yon ti kòb pou m pati al Sendomeng. Pètèt bagay yo ta pi bon pou mwen lòtbò a. Mwen te wè mesye yo yon ti jan ap ri m lè m di sa. Yo panse se ranse m t ap ranse. Mwen potko konnen si ou te retounen sot Sendomeng, e ke se pouse Dominiken ta pouse do Ayisyen lòtbò a. Poukisa menm y ap voye Ayisyen tounen? Kisa yo fè?» Elifèt mande.

Mèsidye raple Elifèt de Tonton Pyè, mèt tout moun konnen nan bouk la ki te anseye anpil timoun istwa. Malgre li pa t konn ni li ni ekri, yo te konsidere l kòm nèg save zòn nan. Li mete Elifèt okouran tou de sitiyasyon aktyèl 'braceros' ayisyen nan batey Sendomeng.

«Monchè Elifèt, mwen pa konnen si ou sonje lè defen Tonton Pyè te konn rakonte n istwa lè yo t ap chase Ayisyen Kiba. Anpil Dominiken gen pwoblèm tou Sendomeng. Ak rate travay la, se pa tout ki alèz. Chèf dominiken akize malere ayisyen kòmkwa se akoz yo menm ki fè gen anpil pwoblèm tèlkòm rate travay nan peyi yo. Yon dal tentennad, pawòl tafya ki fè moun ri; sa pa vle di pou otan se kè w ki kontan men radòt yo pa gen oken sans. Mwen ka di ou mwen travay laba a kou bourik men m pa regle anyen serye, m pa ekonomize anyen ditou. Ou travay kou bèt: maten, midi, swa. Ti kòb yo ba ou a se kòm yon ti kras manje ki pa ka menm bouche yon twou dan, epi w depanse l la pou la. Yo pouse do anpil Ayisyen met deyò san yo pa t gen tan pran anyen. Menm gad dominiken sa yo vòlè afè yo ak ti lajan yo. Gen fanm w ap gade ak timoun sou bra yo ki fèt lòtbò a; y ap voye yo tounen Ayiti. Sa fè lapenn. Gen pitit Ayisyen ki fèt nan batey yo; malnitrisyon touye yo paske yo pa ka jwenn manje pou manje, genyen ki tibèkile. Pa menm gen planch pafwa pou fè sèkèy pou antere timoun sa yo lè yo mouri. Anpil fwa, se nan tach yo vlope kadav yo lè yo mouri epi lage nan twou. Chak jou, se goumen n ap goumen ak kochon pou n dòmi; y ap pouse nou, y ap raboure nat nou. Ou oblije dòmi chak swa ak yon fwèt nan men w. Donk si bagay yo te miyò isit, se tankou touris tout Ayisyen ta al Sendomeng.» Mèsidye kòmante.

«Ay! Yon nèg se tande w tande peyi etranje. Ou pa konn sa malere ayisyen ap pran lòtbò dlo. Mwen santi m frèt

tankou yon bout glas lè ou fin rakonte kòman Ayisyen ap viv nan batey yo, konpè Mèsidye. Èske sechrès la menm jan laba a?» Elifèt mande.

«Monchè Elifèt, menm si gen moun pòv Sendomeng, mwen p ap ka konpare laba a ak Ayiti malgre se yon sèl tè.» Mèsidye reponn.

Mèsidye kontinye pale, li konpare de peyi yo, epi l mansyone sitiyasyon peyizan ayisyen:

«Kòm ou poko al Pòtoprens pou ta gen yon ide de yon kote ki rele Lewogàn. Li pa tèlman lwen ak Pòtoprens. Konpè Dyelifèt konprann mwen paske l te konn mennen bèf al la lè l te jenn gason. Monchè, kote sa a ki rele Lewogàn nan, se yon kote ou te konn wè gwo chan kann lontan, chan mayi, manje, eksetera… Sendomeng gen chan kann kote w gen dwa fè tout yon jounen ap mache ladan yo, gen traktè lòtbò a k ap raboure tè pou plante kann. Konsa, peyizan dominiken fè mwens èfò pou travay latè. Depi m fèt, se ak ti hou, sèpèt, pikwa mwen wè peyizan isit ap travay. Se yon bagay ki te konn fè m lapenn lè m te konn ap gade Tonton Pyè k ap voye pikwa, bab li byen blanch, ren l mare byen sere ak 2 kòs bannann. Se gwo aparèy sa yo peyizan Ayiti bezwen pou travay ak ponp dlo pou wouze tè. Mwen ta parye ak ou si peyizan nan tout bouk ta jwenn bagay sa yo pou travay, sechrès pa t ap betize ak nou. Anpil moun ak bèt pa ta mouri. Peyi a pa ta gen tan tounen yon dezè. Men ou konnen, Ayiti se yon kote ki chaje ak moun egoyis ki ta renmen tout pou kont yo, plen pòch yo, epi zafè pòv

malere. Se peyizan nou ye; nou pa leta; nou pa t pase sou ban lekòl. Nou konnen sa nou bezwen, men yo pa janm ban nou l.»

Elifèt bay esperyans Mèsidye sot fè nan Sendomeng nan valè, kòm yon moun ki konprann pwoblèm peyizan.

«Konpè Mèsidye, ou se yon nonm ki pase aletranje, ki pase mizè ansanm ak nou epi ki konprann nou. Si tout Ayisyen pa t egoyis, si tout leta, tout nèg save t ap ede nou menm peyizan, nou ta gen yon bèl peyi; yo t ap respekte Ayisyen lòtbò dlo; sechrès pa t ap fè peyizan ayisyen pati kite peyi a pou al pran imilyasyon sa yo lòtbò dlo. Bagay sa yo, n ap pale de yo ant nou menm peyizan; gouvènman ta ka fè mete n nan prizon oubyen yo ta ka fè touye n si yo ta tande n ap pale konsa. Depi w ap pale de pwoblèm peyi a, pwoblèm peyizan, yo di ou se kominis, ou kont gouvènman, ou sesi ou sela. Moun sa yo pa renmen tande pale verite, e *verite se lwil l ap toujou rete sou dlo.* Yo pa renmen tande verite paske yo nan magouy; yo ta renmen nou fèmen dyòl nou toutan, kase fèy epi kouvri krim y ap fè.» Elifèt deklare.

Mèsidye dakò ak kòmantè Elifèt yo. Epi l vin ap pale de kijan rejim Papa Dòk la wè kominis. Li mansyone tou yon tèrib aksidan ki te rive kèk peyizan ayisyen Sendomeng, e leta ayisyen pa t fè anyen nan sa:

«Mwen dakò ak ou konpè Elifèt. Lè m te jenn ti gason sou Papa Dòk, yo te konn ap pale de kominis, kominis toutan. Yo te montre w kominis yo tankou se baka yo ye.

Yo toujou montre ou tout bagay ki pa bon annafè ak kominis. Lè sa a nan tout kote Ayiti, makout t ap chèche kominis ak kamoken tankou chen chas ki t ap chase chat mawon. Kòm timoun, ou pa t reyèlman konnen sa k ap pase, donk ou konn kontan lè yo kenbe yon moun yo di ki kominis oubyen yon kamoken. Men se jodiya lè w wè chèf magouyè, chèf k ap rele peyizan kominis lè malere sa yo ap pale de abi y ap fè yo, se lè sa a ou vin konprann ki sòt baboukèt yo te mete nan dyòl yo pou donte yo dekwa pou pa denonse malveyan sa yo. Youn nan pi move nouvèl mwen te pran etan Sendomeng, se lè m te tande kòman malandren, makout, magouyè, malveyan, malpouwont te masakre plis pase 500 peyizan nan Janrabèl. Yo te peyizan parèy nou ki t ap travay di lè bandi sa yo te fin vòlè vye tè yo, epi yo t ap reklame dwa yo. Magouyè yo di se kominis yo ye, fò yo elimine yo. Se konsa yo te tann yon pyèj pou yo nan yon reyinyon yo t ap fè. Pou magouyè sa yo, pou bon peyizan seswa ou se magouyè parèy yo, w ap vòlè tou oubyen y ap fè ou abi epi w di mèsi bokou, ou pale de byen pou yo. Konsa, ou pa kominis men ou se yon bon sitwayen. Pèp ayisyen se yon pèp anpil gwo chèf te zonbifye depi lontan. Se kòmsi m ta di w yon bourik ki nan bosal toutan; makiyon an pa janm wete kadye yo nan je bourik sa a. Pwovèb la di: *zonbi goute sèl, li pa mande rete.* Anpil peyizan kòmanse wè sou ki bit yo kanpe; yo kòmanse wete lasi nan je yo, e yo kòmanse wè klè. Y ap dòmi toujou, men yo pa mouri. Lòt aksidan tèrib ki te rive ankò, se te yon kamyon ki t ap bwote Ayisyen epi l chavire Sendomeng. Plis pase karant Ayisyen te pèdi lavi yo. Toulède gouvènman yo te

okouran trajedi sa a. Yo te fouye yon gwo twou lage kadav yo san sèkèy. M ap di si reyèlman te gen gouvènman Ayiti ki reprezante tout Ayisyen, demach ta fèt pou mete kadav sa yo nan mòg, voye oubyen achte bèl sèkèy Sendomeng pou ta mete yo, epi transpòte yo Ayiti pou antere. Se malere ayisyen yo te ye menm jan ak nou, moun ki ta pral koupe kann tou. Lè w ap reflechi sou bagay trajik sa yo, sa ba w yon demanjezon ki rann ou enkonfòtab. Menm aksidan sa a te ka rive m tou lè m te kite Kwadèboukè m pral Sendomeng ak anpil lòt Ayisyen.»

«Sa se yon bagay reyèlman tèrib lè nou te pran move nouvèl sa a nan radyo, konpè Mèsidye. *Tout moun nan* bouk la te mete de men nan tèt ap rele anmwe. Gouvènman an te okouran de tout bagay sa yo men yo toujou di y ap mennen envestigasyon pou wè dekiprevyen. Se toujou menm kaka rat dèyè bwèt yo!» Elifèt esplike

CHAPIT KAT

Nènè ak Poulik antre sot Sendomeng. Yo rive Kwadèboukè. Y ap pase lanuit kay zanmi yo, Osma.

Nènè ak Poulik antre sot Sendomeng. Gad dominiken te mete lapat sou yo. Yo pa t konnen si yo arete Mèsidye. Gad yo te debake sou yo sanzatann pandan yo t ap dòmi nan batey kote yo te ye a, ak tout rad travay sou yo. Gad yo pa t ba yo dwa pran anyen. Yo te sèlman di yo: «Vamos para Ayiti!». Yo mete yo nan yon bis, chaje kou Legba ak lòt Ayisyen yo te gen tan arete deja. Bis sa a te chaje ak fanm, gason, timoun e timoun nan bibon. Timoun sa yo fèt Sendomeng, men gouvènman dominiken pa t janm rekonèt yo kòm pitit tè a, menm batistè yo pa t ba yo. Se pa de kriye yo t ap kriye pandan vwayaj la poutèt yo t ap retounen Ayiti de men vid paske gad dominiken vòlè tout afè yo nan batey yo. Bis la te lage yo nan mitan vil Kwadèboukè, anviwon onz kilomèt de Pòtoprens. Nènè ak Poulik rankontre yon Ayisyen nan bis la ki rele Osma, moun Titonmble, yon bouk nan Kwadèboukè. Peyizan Titonmble te sezi wè Osma paske yo gen lontan depi yo pa t pran nouvèl li. Tout moun te gen dlo nan je lè Osma ak de mesye yo te rakonte sa yo sot pran Sendomeng. Yo pase yon bon moman kay Osma, kote yo te rete pase lanuit. Lè yo te sou pwen pou kite Titonmble, anpil moun nan vwazinaj la kolekte kòb pou ede Nènè ak Poulik peye machin pou retounen nan sid. Moun nan bouk la te pote manje pou yo.

«Mwen gen uitan depi m kite Kwadèboukè. Mwen wè peyi a tèt anba lè m fin desann bis la. Mwen di Bondye mèsi nou fè yon bon vwayaj paske bis la te chaje ak moun, epi chofè dominiken an t ap kouri tout boulin

depi l fin kite Sendomeng. Tann mwen yon ti moman! Mwen pral mande gad la kèk enfòmasyon,» Osma kòmante.

Osma mache anviwon 400 mèt nan direksyon ti pòs la pou al mande ki machin pou l pran pou lage l Titonmble. Nènè ak Poulik kanpe ap tann li.

«Gad la di se la a pou n rete tann machin ki pral Grantye; y ap lage n Titonmble.» Osma rapòte.

Apre anviwon inè d tan ap tann machin, yon kamyonèt ki pral Grantye parèt. Li rete, epi yo monte. Osma di chofè a yo sot Sendomeng de men vid, yo pa gen lajan. «Sa gen inè d tan, yon bis dominiken lage nou nan mitan vil Kwadèboukè, toupre ti pòs polis la.». Li mansyone ke de zanmi l yo vin ansanm ak li. Yo se moun nan sid, li menm li sot Titonmble. Li te kite Titonmble pou al Sendomeng, sa gen uitan. Sitiyasyon laba a pa bon pou Ayisyen; gad dominiken ap arete Ayisyen pou voye tounen Ayiti. Bagay yo pa t ap mache byen pou li Titonmble; donk li t al Sendomeng.

«Kilès ki paran ou Titonmble?» Chofè a mande Osma.

«Mwen se pitit Omàn. Se yon abitan ki gen anpil tè nan bouk la ak nan Teleferi.» Osma reponn ak fyète.

Chofè a kontinye ak konvèsasyon an, l ap pale sou sitiyasyon ekonomik aktyèl nan Laplèn, vas tè plèn ki enkli Kwadèboukè men malerezman, anpil moun la ap pati al lòt peyi dèyè lavi miyò.

«Men wi, mwen konn Omàn. Toutan mwen te konn bwote machann toupre kay misye pou lage Timache.

Misye se yon gwo abitan. Mwen gen plis pase kenzan kòm chofè sou wout la. Mwen rele Fito; anpil machann Titonmble konnen m. Men fò m di w, bagay yo p ap mache isit. Chak jou m ap rankontre otobis ki sot Sendomeng chaje Ayisyen y ap voye tounen Ayiti. Yon nèg pa konn sa l ap regle nan peyi a. Papa m te prèske fin vann tout rès tè l yo. Latè pa bay ankò isit. Dlo yo fin seche akoz bwa moun ap koupe pou fè chabon. Anpil jenn gason mwen te konn Laplèn fin pati; y al Sendomeng, lòt kote nan Zantiy yo oubyen Miyami. Lè w ap gade Ayiti kounyeya, se kòmsi m ta di w se yon teren foutbòl san jwè, san gazon. Mwen sonje nan tan lontan lè Laplèn te rele Laplèn tout bon vre, kijan nèg te alèz. Se pa renmen yon nonm ta renmen kite peyi a paske se la tout vye plan fanmi ou ye, men ou rive nan yon pwen kote ou pa ka sipòte ankò. Donk, fò ou manje, fò ou bay madanm ak pitit manje. Se chofè m ye. Gaz la koute tèt nèg kounyeya, tèlman l chè, e se chans ou ta genyen si w rive jwenn li achte. Sa k pi rèd la, pafwa mwen konn kite Pòtoprens prèske vid ak twa, kat pasaje pral Grantye. M ap fè yon jan la a pou m ta lage kò m Miyami.» Chofè a kòmante.

Chofè a rive Titonmble. Li estope toupre kay Omàn. Nènè, Poulik ak Osma desann epi yo remèsye l.

«Bon, nou pa gen bouch pou ta remèsye w. Kay Omàn se kay ou kounyeya. Nenpòt lè ou fè yon estope la a, ou ka pase pran yon gwòg.» Osma remèsye l ankò.

«Oke, pa gen pwoblèm Osma!» Chofè a reponn.

Chofè a kontinye al Grantye. Pandan Osma ap fè yon ti mache pou antre lakay li, se konsa l apèsi Grann Dèdè chita ap kòde yon kòd kèk mèt de kay la.

«Bonjou, Grann Dèdè!» Osma salye granmè l.

«Kilès sa a?» Grann Dèdè mande.

«Grann, se pitit ou, Osma. Mwen vin sot Sendomeng». Osma reponn.

Yon gwo sipriz pou Grann Dèdè; men dwat li nan machwè l, ap panse pandan l ap gade pitit pitit li, Osma, san rete.

«Osma, ban m wè ou pitit! Se ou menm? Mizè ap touye nou isit; se gwo chans ou jwenn grann ap viv toujou. Ban m nouvèl ou pitit! Apa figi a rale.» Grann Dèdè ajoute.

Epi l souri bay Nènè ak Poulik, ki kanpe kèk mèt de manmzèl. De mesye yo pa sanble moun zòn nan.

«Kibò yo moun?» Manmzèl mande Osma.

«Se de zanmi ki te Sendomeng tou. Mwen jwenn yo nan bis la. Yo se moun nan sid, yon kote ki rele Kapòl. La pa lwen ak Vyebouk.» Osma reponn.

Nènè ak Poulik pwoche toupre Grann Dèdè pou salye l.

«E kò a grann?» Yo salye l.

«Enben, mwen la toujou wi pitit mwen yo. Chita non. Mwen pral fè kafe pou nou, mesye. Nou mèt kontinye

pale ak Osma. M ap vin talè.» Grann di nan yon vwa k ap tranble.

Grann Dèdè fè yon vire al nan kizin. Li limen dife pou fè kafe pou yo. Omàn t al fè yon chabon yon kote; li vin parèt pandan twa mesye yo ap pale.

«Kilès mwen wè la a? Se pa Osma?» Omàn mande.

Te gen yon silans absoli pandan youn t ap bay lòt akolad ak dlo nan je. Osma fè Nènè ak Poulik fè konesans ak papa l.

«Bonjou tonton! Kijan w ye?» Nènè ak Poulik salye Omàn.

«Kòman nou ye, pitit mwen yo?» Omàn mande.

«Enben, nou di Bondye mèsi n ap viv toujou pou traka n sot pase Sendomeng. Osma te tankou yon zanj ki vin delivre nou.» Nènè reponn.

«Nou rankontre l nan bis la. Alò, nou t ap pale ansanm epi l di l se moun Kwadèboukè nan yon bouk ki rele Titonmble. Nou se moun nan sid. Nou pa konn pèsòn Kwadèboukè. Bondye delivre n lè n te rankontre Osma. Li di nou rete fè yon poze lakay li avan n retounen nan sid.» Poulik ajoute.

«Ki kote nou moun nan sid ojis?» Omàn mande Nènè ak Poulik.

«Nou soti nan yon bouk ki rele Kapòl. La pa tèlman lwen ak Vyeboudaken.» Nènè reponn.

«Wi pitit mwen. Mwen tande pale de Vyeboudaken. Papa m te konn di m li konn tout zòn sa yo lè l te nan gad d Ayiti.» Omàn kòmante.

«Donk, pwochèn fwa se va tou pa w pou vizite bouk sa a.» Poulik ajoute.

Omàn souri:

«Ou pa janm konnen. Si Bondye ban m opòtinite, mwen va fè sa. Pitit mwen yo, nou lakay nou; mete n alèz!»

Grann Dèdè fin fè kafe a; l ap vin sèvi yo.

«E kadè a?» Grann mande.

«Nou la wi, grann.» Nènè ak Poulik reponn.

«Omàn, ou wè Osma? Se gwo sezisman mwen fè lè Osma parèt isit maten an. Mwen te gen tan dekonèt li. Mwen te chita la a, epi m tande yon moun di: «Bonjou Grann Dèdè!». Mwen di nan kè m gen lè se Wolnè ki gen tan tounen sot Koten; li t al regle yon afè lajan la. Mwen t ap kòde yon zoren, epi m mete l la; mwen tande moun nan di: 'Se pitit ou Osma, mwen vin sot Sendomeng'. Mwen sezi. Si l pa t di m kilès li ye, mwen t ap bliye l tèlman mwen wè l mèg. Enben, fin bwè kafe a pou l pa frèt. N a gen tan pale.» Grann Dèdè kòmante.

Grann retounen lakizin. Li kite mesye yo ap pale anba tonèl la ak Omàn.

«Bon, pitit gason m yo, ban m nouvèl kòman bagay yo ye Sendomeng» Omàn mande, epi l kontinye pale: 'Isit se chak jou m ap wè popilas moun ki sot Sendomeng, bis ki chaje ak Ayisyen y ap transpòte sot nan peyi sa a. Pa gen manje pou bay moun sa yo; pa gen anyen nan peyi a. Tout bagay koute tèt nèg. Ti rès tè ki rete yo prèske fin vann. Si w bezwen yon ti kòb, pa gen lòt mwayen pou ta jwenn li. Ou oblije vann ti moso tè ou genyen. Mwa pase, mwen sot vann twa kawo tè pou te fè antèman papa m. Pa gen bèt pou vann paske pifò ladan yo fin mouri. Yo pa jwenn anyen pou manje. Anpil moun Titonmble fin mouri. Anpil jenn gason pati al Miyami, Bahamas, nan lòt zile ak sa k te gen tan al Sendomeng. Se konsa bagay yo ye isit. Se ti chabon an mwen oblije fè pou vann, e menm bwa pa fasil pou jwenn fè l. Mwen voye chabon an vann nan mache. Ak ti kòb sa a, ou ka achte mayi moulen ak grès. Lè ou gade sitiyasyon an vre, se pa renmen moun yo ta renmen pati kite Titonmble, men yo pa gen chwa; fò yo manje. Mwen sonje lontan kijan bagay yo te ye Laplèn. Mwen pa ka di se te yon paradi, men ou te konn jwenn kèk patat ak lèt pou kenbe w avan ou t al nan jaden. Te gen legim agogo. Li te difisil jwenn moun ede w keyi tomat, obèjin, kalalou pou al vann Timache. Lè w ap sonje bagay sa yo, se tankou se nan yon rèv ou ye. Ay! M ap di n sa pitit mwen yo, peyi a fini kounyeya.»

Osma ap rakonte papa l kòman zotobre dominiken ap ranmase Ayisyen pou voye tounen Ayiti, kijan y ap travay di Sendomeng

kote y ap bat dlo pou fè bè. Li mansyone tou move tretman Ayisyen jwenn, yon bagay li konpare a esklavay nan tan lakoloni:

«Monchè, papa, se tankou chat mawon y ap chase Ayisyen Sendomeng. N ap mande sa nou fè ki pa bon. Yo fè konnen se nou menm Ayisyen ki fè Dominiken pa ka jwenn travay; y akize n de tout bagay. Pòv Ayisyen! Se dlo y ap bat pou fè bè laba a. Nou travay kou bourik. Se kòmsi m ta di w se istwa nèg ayisyen y ap rakonte w epòk Fransè te mete yo nan esklavay. Si se pa t nou menm, anpil Dominiken pa t ap gen yon peso nan pòch yo. Si pa t gen Ayisyen ki t ap koupe kann, tout aktivite la t ap bloke. Men lè w ap gade chèf dominiken, mwen kapab di ke yo engra paske yo pa rann kont ke malere dominiken pa t ap fè travay n ap fè yo. Lòtbò a se kòmsi se nan pak kochon w ap dòmi, orespe figi w! Ou rete nan ti joupa, nan labou kaka bèf ak kaka kochon, kote mayengwen ap viv. Si pa aza ou ta malad epi w wè ou siviv, se gwo chans ou ta genyen. Donk, se konsa bagay yo ye pou malere ayisyen: travay kou bèt chak jou, mal dòmi, mal nouri epi yo pa respekte ou. Si lakay te bon, si te gen moun ki sousye de nou depi lakay, se pa nan eta sa a nou ta ye lòtbò a. Se menm mizè a Nènè ak Poulik sot pase. Men yo la kòm temwen.»

«Bon, Tonton, Osma di ou sa nou sot pran Sendomeng. Se bagay tèrib. Byenke nou pa t nan menm batey ak li men nou te vizite anpil lòt; se menm traka a Ayisyen ap pase. Nou kite laba a de men vid; nou poko konnen

kòman n pral nan sid paske nou pa gen senk kòb pou peye machin.» Nènè ak Poulik esplike.

Omàn fè yon kèt pou mesye yo nan bouk la pou yo ka peye machin pou al nan sid; lèfini li remèt yo lajan l kolekte a.

«Mesye, sa a se moun nan bouk la ki voye l ban nou pou n peye machin.» Omàn lonje yon anvlòp bay chak.

«Tonton Omàn, nou pa gen bouch pou ta remèsye w pou tout sa ou fè pou nou. Moun nan bouk la ban nou manje, epi gade yo voye ti kòb pou n peye machin. Tout bagay sa yo se gras a ou menm moun Titonmble konnen. Mèsi Bondye nou te jwenn ak Osma. Depi bagay yo ta kòmanse bon, n ap retounen vin rann ou vizit.» Nènè ak Poulik remèsye l anpil.

«Pa gen pwoblèm pitit mwen yo. Titonmble se lakay nou kounyeya.» Omàn reponn.

Omàn ak Osma kondi yo mete sou teras pou pran machin al Pòtoprens. Len bay lòt akolad, epi yo bay lanmen. Yon kamyonèt ki sot Grantye vin parèt, epi yo monte ladan. Len fè babay pou lòt.

CHAPIT SENK

Nènè ak Poulik rive Pòtoprens. Sanzatann, yo kontre ak Sonson, tonton Aselòm.

Nènè ak Poulik rive Pòtoprens apre inè d tan yo kite Titonmble. Tout pasaje yo desann Pòtay Senjozèf, toupre Legliz Senjozèf. De mesye yo parèt yon ti jan grangou; donk yo deside al manje yon bagay nan ti restoran toupre a. Pandan y ap mache kèk mèt konsa pou al nan restoran an, se konsa yo pral kontre ak Sonson. Se te gwo sezisman pou Nènè ak Poulik jou vandredi sa a. Li te anviwon dezè nan apremidi.

«Ey, Poulik! Gade jan nèg sa a sanble ak Sonson! Ondire se misye.» Nènè soufle l.

«Ann pwoche pi pre pou wè si se li!» Poulik mande.

Nènè ak Poulik sanble moun Sonson rekonèt tou.

«Ki nèg sa yo? Se pa Nènè ak Poulik?» Sonson mande ak yon souri.

Toulètwa sezi, epi yo bay akolad.

«Mezanmi! Kijan w fè abouti Pòtoprens, Sonson?» Nènè mande.

«Monchè Nènè, lè nou te vin pèdi kontak nan semèn yo t ap pimpe Ayisyen tounen Ayiti a, mwen t ap di kote Nènè ak Poulik do ye.» Sonson kòmante.

Sonson kontinye pale, l ap di zanmi yo kijan l kite Sendomeng epi l abouti Pòtoprens kote l fè ladesant kay neve l, Aselòm:

«Monchè, mwen pran nouvèl la yon jou davans. A! Mwen gen tan ranje kò m. Mwen te gen yon zanmi dominiken ki rele Pedro. Se yon bon vye Dominiken. Misye gen lòt zanmi ayisyen, epi l degaje l tou an kreyòl. Li fè trafik laba a. Li kondi ti otobis, epi l gen lòt ti biznis sou kote. Mwen gen tan fè yon jan m pale ak li rapido presto, epi l lage m toupre fwontyè Dajabon. Etan la, mwen mache al Wanament, epi m pran machin lage m Pòtoprens. Mwen konn kote Aselòm te rete Pòtoprens lan, yon koridò ki pa lwen ri Senmaten. La pa twò lwen ak Pòtay Senjozèf. Lè m rive nan estasyon, mwen mache al la. Aselòm te gen yon randevou *Lycée Pétion*; mwen ret tann li. Se nan lekòl sa a li fè segondè l. Se misye k ap ede m adwat agoch depi m rive Pòtoprens. Li gen yon zanmi k ap regle yon afè vwayaj pou li pou l al Miyami. M ap wè tou si m te ka pran kanntè ansanm ak li pou lage kò m laba a. Mwen vin sot Sendomeng ak yon ti kòb. M ap degaje m peye vwayaj la. Ann antre nan restoran an, n a pran yon bagay, epi n va pale plis.»

Yo toulètwa antre nan restoran an. Sonson kòmande twa mayi ak twa limonad, epi yo kontinye pale pandan y ap tann kòmann yo te fè a.

«E nou? Kòman nou te degaje n antre isit?» Sonson mande Nènè ak Poulik.

Nènè ap bay detay kijan yo te mete lapat sou yo nan batey yo solèy kouche, lè gad dominiken siprann yo:

«Monchè Sonson, vakabon yo mete lapat sou nou nan batey kote n t ap dòmi an. Se tankou m ta di w yon grap vòlè ki parèt sou nou jou swa sa a. Vye rad travay nou te sou nou. Nou te tèlman fatige apre n fin travay, rive n rive lakay, nou nèke pase yon bagay nan bouch nou epi n al kouche. O o! Apre yon dezè d tan konsa, mwen tande yon frape nan pòt la 'bow, bow!'. M al ouvè l, epi m wè gen kat gad dominiken ak zam alamen ap rele: *«Vamos! Vamos para Ayiti! Vamos!»*. Se konsa yo te pran nou. Nou pa t gen tan pran anyen. Yo te vin nan yon ti bis tankou ti bis ki fè Kafou yo. Mesye yo kondi n al mete yon kote ki te gen Ayisyen deja. Se kòmsi m ta di w yon sòt depo kote yo anpile yo lè yo fin arete yo. Kote sa a te plen gad ame k ap veye yo. Apre yon dezè d tan, yon gwo bis vin parèt epi yo anbake nou tout ladan pou voye Ayiti. Se gwo chans nou te genyen bis sa a pa t chavire tèlman chofè a t ap kouri. Bis sa a te byen chaje ak gason, fanm, timoun, timoun nan tete. Se pa ti kriye anpil moun t ap kriye. Anpil te gen men nan machwè ap egzanminen. Non sèlman yo pouse do nou mete deyò, men tou yo vòlè tout sa n te genyen. Pandan n te nan bis la, nou t ap pale ak yon nèg ki sot pre Kwadèboukè. Se nan vil sa a bis la te gen pou l debake nou tout, nan mitan vil Kwadèboukè menm, toupre ti pòs polis la. Monchè Sonson, se tankou m ta di w se yon zanj Bondye te voye vin delivre m ak Poulik. Misye rele Osma. Papa l te yon grandon moun respekte nan Laplèn. Osma te vin al Sendomeng akoz sechrès nan Kwadèboukè. Li vin dezabitye ak la nèt lè l retounen sot Sendomeng. Li wè tout bagay tèt anba nan peyi a. Se mande li al mande yon

gad nan ti pòs Kwadèboukè a ki machin pou l pran pou al Titonmble. A! Mwen kapab di w mwen mache ak chans anba pye m. Youn nan nou pa t gen senk kòb. Osma se nèg ki trè entèlijan tou; se nèg ki konn demele l. Pap, yon bis vin parèt! Li ta pral yon kote ki rele Grantye; fò ou pase Titonmble, toupre kay Osma, pou al la. Bis la rete toupre n, epi n monte ladan. Osma chita devan, kote chofè a; nou menm, nou chita dèyè. Li esplike chofè a sitiyasyon nou, kòman nou sot Sendomeng tout sa. Chans pou nou, chofè a konn papa l; yon grandon ki rele Omàn. Yo prèske gen menm non. Chofè a rete pou nou toupre kay Omàn, epi n desann. Rive n rive, grann Osma t ap kòde yon kòd nan lakou a. Li kite kòd la pou al fè kafe pou nou. Pandan nou t ap pale ak Osma, papa l retounen sot fè yon chabon yon kote. Se te yon sipriz pou tout moun. Sonson, kwè m si w vle, malgre bagay yo p ap mache byen se vre, yo te byen resevwa nou. Moun nan chak ti bouk voye manje ban nou. Nou pase nuit lan kay Osma epi lè n ap kite Titonmble nan demen, moun nan bouk la bay papa l yon ti kòb ban nou pou peye machin.» Nènè kòmante

«Sonson, monchè, jan Nènè rakonte w la, se te reyèlman yon mirak lè n te jwenn ak Osma.» Poulik ajoute.

«Mesye, kòm nou fatige, pouki n pa ret dòmi kay Aselòm aswè a, epi n va desann nan sid demen?» Sonson sijere.

Nènè twouve ide Sonson an bon paske li menm ak Poulik toujou santi yo fatige apre vwayaj la; y ap gen tan pou yo pale pandan yo an tranzit Pòtoprens.

«Se yon bèl ide vre wi Sonson!» Nènè di ak kè kontan.

Vwayaj Sendomeng lan kraze yo anpil. Janm Poulik toujou ap fè l mal tèlman l te kwense nan otobis dominiken an. Sonson konnen Poulik fatige anpil tou.

«Mwen wè l ap detire kò l tanzantan.» Sonson ajoute.

«Kòm ou konnen mwen p ap rete Pòtoprens pou anpil tan, lè m rive Kapòl, m ap fè yo prepare yon bon beny fèy pou lache tout manm mwen yo. Hey! Moun yo pral sezi lè yo wè nou.» Poulik di ak kè kontan.

Sonson panse beny lan ap yon bon bagay, e l ap ede.

«Wi, beny lan ap bon pou ou, pou lache manm ou yo. L ap bon pou ponyèt ak janm ou yo,» Sonson ajoute.

Sonson ap adrese l a konpè Nènè; l ap di l ke l ap rete Pòtoprens pou yon bon ti bout tan toujou jiskaske l fin regle yon afè vwayaj pou al Miyami, e ke sa pa nan entansyon l pou l ta fè yon vizit nan sid byenke l anvi wè moun yo tankou yon tè sèk ki anvi lapli. Men jan bagay yo ye nan peyi a, nanpwen travay, nanpwen manje, epi ensekirite blayi tout kote; donk, li dwe fè sa l kapab pou lage kò l kote dlo a koule pi fre.

«M ap fè Aselòm ekri yon lèt pou mwen pou m voye bay Dyelifèt; konsa, li va bay moun Kapòl nouvèl mwen.» Sonson ajoute.

Lavèy y ap pati nan sid, Sonson fè Aselòm ekri lèt la pou li pou l voye bay Dyelifèt. Men sa lèt la di:

Dyelifèt monchè,

Kijan ou ye? Sa gen lontan depi ou pa pran nouvèl mwen se vre. Fò m di w se pa bliye mwen bliye w. Akoz jan bagay yo ye Ayiti, nèg sanse pa t ap fè anyen. Mwen te oblije al Sendomeng. Se pa renmen yon nèg ta renmen kite peyi l ak vye fanmi l dèyè men ou oblije reziyen w pran lavi a jan l ye kòm gason pou ale yon lòt kote. Trè souvan mwen reve m nan jaden Kapòl ap travay nan eskwad, nan kòve ak moun nan bouk la tèlkòm Ti Pòy, Elifèt, Beniswa ak Deliram. Kijan Ateralya, Asefi ak Tonton Pyè ye? Salye Kenòl pou mwen. Di l mwen te konn wè kouzen l Mèsidye souvan. Batey kote l te ye a pa t tèlman lwen ak pa m nan. Mwen vin pèdi kontak li semèn lè yo te kòmanse voye Ayisyen tounen Ayiti a. Mwen te annik pran nouvèl gad dominiken t ap arete Ayisyen pou voye Ayiti, mwen chape poul mwen imedyatman. Chans pou mwen, m te gen yon zanmi dominiken ki rele Pedro; se misye ki lage m yon kote toupre fwontyè Dajabon, pre Wanament. Etan la, mwen degaje m al Pòtoprens. Donk, mwen ka di se ak de men vid mwen antre Ayiti menm jan ak anpil lòt Ayisyen. Chans pou mwen lè m rive Pòtoprens, yon kote ki rele Pòtay Senjozèf, sanzatann mwen tonbe sou Nènè ak Poulik, toupre yon restoran. Se te gwo sezisman pou mwen paske m pa t konnen si yo t al nan kache lòt kote Sendomeng oubyen si yo te retounen Ayiti. Mwen te gen tan pran ti kòb mwen epi m sove ak tout rad travay sou mwen. Tout afè m rete Sendomeng. Alò Aselòm apèn fin desann bakaloreya. Li pase egzamen bakaloreya a. Bon, li pase men ou konnen… gen yon dal filozòf nan peyi a k ap grate santi. Se pa fòt yo; pa gen travay. Aselòm gen yon zanmi k ap regle yon biznis vwayaj pou li pou wè posiblite pou l ta pran kanntè al Miyami. Avèk ti kòb mwen sot Sendomeng lan, olye pou m ta

desann Kapòl pou al achte yon ti tè ak kèk bèt, mwen wè l ta pi bon pou al nan yon lòt peyi. Se vre mwen poko desann nan sid e mwen p ap gen tan desann nonplis, men m te rankontre kèk nèg Okay sou Pòtay Senjozèf nan yon bank bòlèt pandan m t al jwe kèk boul. Yo rakonte m kijan sitiyasyon an malouk anba a; pa gen manje, anpil moun ap mouri lafen; se Matinik y ap eseye lage kò yo. Selon sa yo di m, sechrès la fò tout bon nan sid. Mwen espere yon lè Bondye va delivre nou, nou va gen yon gouvènman ki sousye de tout peyizan, yon gouvènman ki va jwenn yon solisyon nan kriz, mizè, krim peyi a ap travèse. M ap kite ou kounyeya. Mwen pa konnen kilè n ap wè. Mwen salye tout moun Kapòl. Se zanmi w Sonson ki p ap janm bliye ou.

Sonson mete lèt la nan yon anvlòp. Li kachte l, epi l bay Nènè l ak yon ti kòb:

«Nènè monchè, silvouplè remèt Dyelifèt lèt sa a nan plamen pou mwen. Sa a, se pou nou manje nan wout.»

«Mèsi konpè Sonson.» Nènè remèsye l pou kòb la, epi l met lèt la nan valiz li.

Nan demen, vè onzè, Aselòm ak Sonson akonpaye yo al nan Estasyon Sid. Nènè ak Poulik pran nan kòb yo te genyen an pou achte pen pote pou fanmi yo.

CHAPIT SIS

Nènè ak Poulik pre pou kite Pòtoprens pou al nan sid. Mèt Aselòm ap fè rapid pou al anseye. Sonson akonpaye l.

Nènè ak Poulik pre pou kite Pòtoprens pou desann nan sid. Yo pa tèlman lwen Estasyon Sid la, kote yo gen pou pran bis nan inè d tan, men avan yo kite Pòtoprens, se koutim pou achte pen pou fanmi ak zanmi ki an pwovens.

«Nou bezwen yon kote pou n achte pen pou pote pou moun yo. Kòm ou Pòtoprens lontan, ou fin abitye ak isit, ou ka montre nou yon bon kote oubyen yon bon boulanjri?» Poulik mande Aselòm.

«Pa gen pwoblèm Poulik! Mwen konnen yon bon kote ki rele *Boulanjri Djo*, m toujou achte pen pou tonton Sonson. Li pa twò lwen la a. Ann al la! Nou va gade ki pen n vle.» Aselòm reponn.

Nènè ak Poulik rive nan boulanjri a. Yo chwazi diferan pen yo vle. Yo peye, epi yo fè kesye a vlope yo. Mesye yo kontinye mache nan direksyon Estasyon Sid la. Aselòm mete yo nan yon bis ki pral Okay. Y ap desann Vyebou, pase Mòn Oko, epi mache rive Kapòl.

«Bon, mesye, mwen swete nou bon vwayaj! Salye tout moun. Pa bliye bay Dyelifèt lèt la, konpè m!» Sonson raple Nènè.

«Non, mwen p ap bliye,» Nènè reponn.

«Babay! Babay!» Len fè babay pou lòt.

Yo tout fè babay. Aselòm ak Sonson retounen sou Pòtay Senjozèf. Aselòm ap fè vit paske l gen yon gwoup timoun pou l al anseye.

«Tonton Sonson, fò nou mache yon ti jan pi vit pou m pa an reta. Elèv yo konn rive nan klas avan m,» Aselòm di.

«Men wi, pa gen pwoblèm! Aselòm, monchè, lotrejou pandan mwen t al jwe kèk boul nan ti bank bòlèt la, mwen tande anpil timoun lekòl sou Pòtay la ap pale de byen pou ou, kòman Aselòm se yon bon mèt, e kòman li anseye byen.» Sonson kòmante.

«Kijan w fè konnen se de mwen y ap pale, tonton? *Yon sèl bourik pa rele Maten.*» Aselòm reponn ak yon souri.

Sonson bay detay sou elèv yo pou l ka pi presi dekwa pou konvenk Aselòm ke yo te reyèlman ap pale de li, e li menm sèlman:

«Aselòm, monchè, se te yon gwoup timoun ki sot lekòl ak ti liv anba bra yo. Yo t ap pale de yon mèt ki rele Aselòm; yo te tande yo site non l nan radyo; li pase nan egzamen bakaloreya; li te elèv *Lycée Pétion* epi l se moun nan sid, yon kote ki rele Kapòl. Donk lè m reflechi, mwen di: pa gen ni de ni twa se ou menm. Monchè, ou konnen m pa lizib men mwen se yon nonm ki renmen tande istwa, bonjan istwa. Se toutan m ap di kòman m sonje Tonton Pyè lè granmoun sa a te konn ap rakonte timoun yo bagay ki te pase tout bon Ayiti. Li te tankou yon mèt k ap anseye nan yon vrè lekòl. Prèske chak

apremidi tout timoun, depi yo vin sot nan jaden, y al pran yon beny; yo manje, epi yo reyini kay tonton an pou tande istwa, e tout bagay li ta rakonte nou. Lè m te tande kòman timoun sou Pòtay la t ap di kòman w anseye byen, imedyatman mwen vin sonje Tonton Pyè. Mwen di petèt yon jou mwen te ka fè yon chita nan klas ou, menm se tande mwen va tande w ap anseye pou rafrechi memwa m.»

«Pa gen pwoblèm tonton Sonson. Ou mèt kòmanse vin jodiya.» Aselòm reponn.

Klas la prèt pou kòmanse. Aselòm ak Sonson ap mache pou antre ladan. Pifò elèv te gen tan nan klas ap tann mèt la. Lè Aselòm avèk tonton l ap antre, tout elèv leve kanpe pou salye yo, kòm yon siy respè.

«Bonjou mèt!» Elèv yo salye Aselòm.

«Bonjou tout moun! Nou mèt chita,» Mèt Aselòm salye yo.

Mèt la rale yon kaye nan valiz li ki gen plan leson l. Li pral fè yon revizyon bagay li te wè dènye fwa nan klas:

«Jodiya, nou pral fè yon revizyon pou egzamen an lendi. Lotrejou, nou te pale sou esklavay, kijan Fransè te met nèg ayisyen nan esklavay, epi n te fè yon rale tou sou istwa d Ayiti nan ventyèm syèk. Kilès ki ka site 2 gran ewo ayisyen ki te lite pou wete zansèt ayisyen nan esklavay?»

Pòl leve men dwat li, epi Mèt la chwazi l.

«Se te Tousen ak Desalin,» Pòl reponn.

«Trè byen Pòl!» Mèt la felisite l.

Epi mèt la chwazi yon lòt elèv.

«Eli, nan gran batay ewo ayisyen te mennen kont Fransè pou te ka jwenn liberasyon yo, kòman batay sa a te rele, e kilè l te fèt?»

«Se te *Bataille de Vertières*. Li te fèt 18 novanm 1803.» Eli reponn ak fyète.

«Trè byen Eli! Majori, di n kòman Tousen ak Desalin te mouri.» Mèt la mande.

«Fransè yo te pran Tousen nan yon pyèj. Yo mete l nan yon bato epi y al Lafrans ak li. Lè yo rive Lafrans, yo mete l nan yon prizon ki rele *Fort-de-Joux*. Li mouri nan prizon sa a apre l te fin pase kont rèvè. Desalin te pran nan yon pyèj tou yon kote ki rele *Pont Rouge*, toupre Pòtay Senjozèf. Yo te krible l ak bal pandan l te sou cheval li.» Majori reponn.

«Trè byen Majori!» Mèt la felisite l.

Mèt la ap mache nan klas la pou fè plis elèv patisipe.

«Yon kesyon pou Rene. Kilès ki te dekouvri Ayiti?» Mèt la mande.

«Yo di se te yon Italyen ki te natiralize Espayòl. Li te rele Kristòf Kolon, men anpil moun save pa dakò ak mo 'dekouvri' a paske Endyen yo te sou tè a avan Kolon te ateri Ayiti pa aksidan jou 5 desanm 1492.» Rene reponn.

Repons lan plè mèt la:

«Ekselan, Rene! Lòt kesyon an se pou Matin. Èske ou ka di nou kilès Chalmay Peral te ye, e kòman l te mouri?» Mèt la mande.

«Chalmay Peral te yon gason vanyan, gason kanson, bonjan Ayisyen ki te renmen Ayiti. Li pa t yon magouyè ni yon vandèdpeyi. Se te yon nèg ki te gen onè, ki te toujou mache ak fyète. Li te bwòdè kou rat men li pa t pote kanson l pou bèl twal. Se te chèf yon mouvman peyizan ki te rele 'Kako'. Li t ap goumen pou libere Ayiti anba grif Tonton Sam. Li te vle wè yon Ayiti ki granmoun tèt li. Yon vandèdpeyi, magouyè, malpouwont ki rele Konze te trayi gwo ewo sa a. Malandren an te resevwa yon bèl sòm lajan pou travay matyavèl sa a. Se konsa yo te rive asasinen l, epi yo krisifye kadav la sou yon moso planch pou te mete l avidèy dekwa pou te efreye sipòte l yo.» Matin reponn ak entelijans.

«Trè byen Matin! Kounyeya se tou pa Sentaniz. Èske ou ka defini mo 'kominis' ak 'kamoken', e di nou kijan tèm sa yo itilize Ayiti?» Mèt la mande.

«Vrè sans mo 'kominis' lan se yon sistèm sosyal kote se tout yon kominote ki pou ta ap pataje byen yo olye se ta yon ti gwoup ki posede yo. Sou rejim Papa Dòk la, mo sa

a vin gen yon lòt siyifikasyon. Nan *Diksyonè Anti-Makout*, sa vle di: 'moun ki kont zak malonnèt Papa Dòk yo; malere ak peyizan k ap reklame dwa yo, epi yo di yo kont gouvènman'. Pou mo 'kamoken' an, mwen kwè tèm sa a te kòmanse itilize apre siklòn Flora an 1963; se yon konprime amè kou fyèl yo te konn bay moun kont malarya. Apre sa, makout yo te kòmanse itilize mo a lè y ap pale de moun ki kont Papa Dòk oubyen yo itilize l pou moun ki ta renmen wè Papa Dòk bay peyi a blanch.» Sentaniz klarifye.

«Trè byen Sentaniz!» Mèt la felisite l. «Mwen potko poze Ti Yàn oken kesyon. Ou prè pou youn?» Mèt la mande.

«Wi mèt!» Ti Yàn reponn ak fyète.

«Ti Yàn, site kèk gwo pwoblèm Ayiti ap travèse jounen jodiya.» Mèt la mande.

«Mwen ka di gen pwoblèm sechrès ki fè anpil Ayisyen ap kite peyi a. Y ap pouse do menm Ayisyen sa yo met deyò nan lòt peyi. Anpil Ayisyen ap pran kanntè al Miyami, Bahamas; yo pral Giyàn Fransèz, Matinik eksetera... Tout kote w pase se zenglendo k ap pyafe, y ap fè krim tribòbabò, chèf ap abize peyizan. Anpil gouvènman pa sousye de pèp la. Se yon dal magouyè, vandèdpeyi, souflantyou yo ye. Lame ak pèp la se lèt ak sitwon. Li pa la pou bay pèp la pwoteksyon ak sekirite; se tire l ap tire sou pèp la tankou timoun k ap tire zwazo ak fistibal.» Ti Yàn kòmante.

Mèt la felisite l pou yon tèl repons.

«Yon elèv ka wè Ti Yàn pa janm pale nan klas men li konn Istwa d Ayiti l fen e byen. Trè byen! Yon kesyon pou Roro kounyeya. Èske ou ka di ki pousantay nan pèp la ki pa konn li ak ekri, e poukisa?»

Roro kòmante sou kesyon enpòtan sa a ki gen pou wè ak pwoblèm edikasyon pandan plizyè deseni:

«Dapre envestigasyon moun save fè, 85 pou san popilasyon an iletre; sa vle di yo pa konn bekounaba nan fèy malanga. Se pa pèp la ki chwazi pou l pa konn li ak ekri men fò l ta genyen yon ti limyè sou sa yo rele 'politik', e kijan li makònen ak sektè edikasyon an. *Politik* se yon mo moun te toujou ap evite pale de li Ayiti. Depi lontan, anpil magouyè ak move gouvènman te zonbifye pèp la. Yo te mete yon baboukèt nan bouch li tankou yon cheval oubyen yon bourik yo t ap bosale. Donk, bouch pèp sa a toujou rete fèmen. Si l pale, yo ka mete l nan prizon, yo ka touye l. Li pè pou l ta denonse malveyan k ap fè l abi, oubyen magouyè ki renmen yon sistèm koripsyon ou esplwatasyon. Ti gwoup ki gen mayèt pouvwa a, anpil fwa, ta renmen bagay yo rete jan yo ye a: je yo klere, epi je pèp la pete. Nan panse ti gwoup k ap gouvène a, se ta yon menas si tout Ayisyen ta rive konn li ak ekri. Se kòm yon ti gwoup konsèvatif ki ta renmen tout pou kont pa l. Ti gwoup sa a pa ta renmen oken konpetisyon ak lòt moun. Pa egzanp, nou ka pran Bwaye ki te yon chèfdeta, yon magouyè, yon vandèdpeyi ki di: 'Si je pèp la klere, sa ka mennen revòl.»

«Roro reponn kesyon an tankou yon liv li t ap li. Li pa manke yon liy. Trè byen! Yon kesyon kounyeya pou nenpòt moun: kijan Papa Dòk te mouri?» Mèt la mande ak yon souri.

Yon elèv kouri leve men l:

«Mwen menm mèt!» Sentaniz rele.

«Oke, ale Sentaniz!» Mèt la pwente dwèt sou li.

«Yo di se te yon sezisman li te fè ak yon dyare li te genyen.» Sentaniz reponn.

«Bon, mwen pa di ou non men ou konn Ayiti. Anpil fwa yo pa di bagay yo jan yo ye. Tonton an te fè yon gwo sezisman vre yon ane avan l mouri, men m pa ka di si dyare a te touye l tou.» Mèt la kòmante ak yon souri.

Mèt Aselòm gen yon kesyon kounyeya pou Majori:

«Majori, èske ou ka di nou sa yon 'diktati' ye, epi bay 2 egzanp?»

«Wi mèt! Yon 'diktadi' se kote ki gen yon diktatè sou pouvwa. Diktatè sa a se li ki sèl kòk chante, k ap fè e defè. Se yon diktatè matyavèl. L ap fè tout sa k posib pou kenbe pouvwa a pou toutan. L ap kraze brize. Anpil fwa, li elimine ènmi l oubyen moun ki pa renmen sa l ap fè. Li fè sa pou l ka layite kò l kè pòpòz sou pouvwa. Li itilize konstitisyon peyi a kòm papye ijyenik. Egzanp: diktati Bwaye a ki te dire vennsenkan ak diktati Papa Dòk la ki te dire prèske trantan.» Majori kòmante bravman.

«Trè byen Majori!» Mèt la felisite l.

Kounyeya, mèt la gen yon kesyon pou tout klas la. Li mande elèv prete atansyon a kesyon an, epi leve men yo. Li mande yo esplike dat «7 fevriye 1986», kijan pèp la te santi l, e kijan Ayiti te ye apre dat sa a. Kat elèv leve men yo. Li pral chwazi Sentaniz ki te leve men l an premye.

«Oke, ale Sentaniz!» Mèt la di.

«Se dat ke Makak la te kase. Pèp la te prèske gen trantan ak yon baboukèt nan bouch li. Se jou sa a li te respire san pwoblèm. Li te manifeste kontantman l. Se jou machann kleren te fè milyonven. Pèp la te bwè anpil pou montre kontantman l. Se te yon premye janvye espesyal nan mwa fevriye byenke joudlan tonbe premye janvye, ki jou endepandans tou. Moun t ap mache de kay an kay pou swete 'bòn ane'. Yo bwè soup joumou apre, yon pla espesyal moun toujou pran Jou Endepandans. Gen moun ki te rele jou sa a 'Dezyèm Endepandans'. Anpil moun t ap chante 'Ayiti libere! Ayiti libere! An souvni jou patikilye sa a, anpil moun, kèk jou apre, achte yon ti mayo ki make 'Ayiti libere 7 fevriye 1986'. Nan diskou Makak la te fè avan l kite peyi a, li di l ap kite pouvwa a ak tèt li byen drèt pou evite twòp san koule. Anpil makout te pran rak. Magouyè te sere makout lou yo pou pèp la pa t boule yo. Apre sa, yon bèl konstitisyon te ekri ane pwochen; kèk magouyè siyen l tou. Pati politik yo te kòmanse òganize yo pou eleksyon prezidansyèl an novanm lòt ane. Pandan eleksyon sa yo, makout pete fyèl anpil kretyenvivan nan Riyèl Vayan paske y apèsi yo t ap

vote yon kandida ki ta, plizoumwen, satisfè dezi yo. Akoz krim makout yo, fason yo te tann pyèj sa a pou pèp la, eleksyon yo te vin ranvwaye pou janvye. Magouyè yo te chwazi yon panzouyis popetwèl nan dezyèm tou eleksyon tèt chat la kòm 'prezidan konstitisyonèl d Ayiti'. Depi lè a, se magouy k ap fèt sou do pèp la pou l pa janm chwazi yon lidè pou reprezante l. Se koudeta adwat, koudeta agoch, jeneral magouyè, tafyatè, kriminèl, jeneral fatra k ap monte desann tankou cheval mawon k ap garyonnen nan savann pistach.» Sentaniz resite.

Mèt la trè kontan ak repons lan, e kijan Sentaniz elabore sou yon tèl dat nan istwa Ayiti, kote tout yon chapit fèmen, epi yon nouvo ouvè.

«Ekselan Sentaniz! Mwen kwè klas la te byen travay jodiya. Tout moun te patisipe, e mwen devine tout moun pare pou egzamen an lendi. Konpliman! Nou konnen istwa Ayiti nou byen! M ap wè tout moun lendi. Pase yon bon wikenn!» Mèt la swete yo.

Mèt Aselòm sou pwen pou l kite saldeklas la; elèv yo ap fè l babay.

«Orevwa mèt! Orevwa! Orevwa mèt Aselòm!» Elèv yo fè babay pou li.

Lekòl lage. Elèv yo kite klas la. Aselòm ap fè yon pale nan klas la ak tonton l, Sonson, ki sezi wè elèv briye sa yo. Imedyatman sa raple l lè l te laj yo ap rankontre kay Tonton Pyè pou tande istwa, e pou aprann istwa d Ayiti.

«Aselòm, monchè! Mwen pa janm wè elèv briye konsa. Chak kou m ap gade yo lè y ap reponn kesyon, mwen sonje lè m te timoun m ap reyini kay Tonton Pyè chak apremidi: mwen menm, Mèsidye, Deliram, Dyelifèt e tandòt ankò. Pafwa w santi w ta tounen timoun tou lè w ap gade tilezanj yo, kòman yo gen yon swaf pou aprann malgre yo pa manje anyen pou al lekòl. Ala bèl Ayiti ta bèl si tout timoun nan tout bouk te ka al lekòl! Lè m ap tande timoun sa yo (Marijo, Matin, Sentaniz, Roro, Rene), imedyatman sa raple m yon seri timoun lè m te Kapòl, yon seri timoun k ap kalewès, e ki pa ka al lekòl. Se sèl mwen ki santi kòman m rejwi pou m te vin chita nan klas ou jodiya. Mwen te reyèlman detann mwen. Mwen eseye bliye mati m sot pase nan batey dominiken. Se pa de bagay m aprann nan klas la jodiya! Gen yon dal istwa Tonton Pyè te gen tan rakonte m tèlkòm istwa esklav yo, kolon fransè, ewo ayisyen kouwè Tousen, Desalin, Chalmay Peral epi m aprann anpil de sa k ap pase Ayiti nan tan n ap viv kounyeya. Sa m aprann nan klas sa a se bagay moun pa tande nan radyo oubyen istwa ou tande moun ap rakonte konsa konsa nan lari. Monchè! Yon moun aprann anpil vre lè li al lekòl. Kòm mwen gen tan fin granmoun, mwen t ap di si m te yon nonm save, e si m te gen lajan, se ta touskilfo pou m ta ede sa yo ki pa konn li ak ekri. Mwen ta kreye lekòl pou timoun, pou granmoun, epi m ta vwayaje nan tout bouk pou montre moun li ak ekri. Mwen ta anseye timoun istwa d Ayiti. Mwen règrèt anpil dèske m pa t al lekòl pou m yon nonm save.» Sonson ajoute.

Aselòm te mete zòrèy li an twonpèt pou tande Sonson, enterè l nan edikasyon byenke l pa t gen chans pase nan oken lekòl fòmèl pou l ta yon nonm ki konn li ak ekri. Men se yon bagay estraòdinè pou jenn mèt sa a wè enterè tonton l montre nan edikasyon, e volonte l pou ta ede sa yo ki iletre. Aselòm ankouraje Sonson pou l pa dekouraje aprann akoz laj li:

«Tonton Sonson, yon moun ka aprann li ak ekri nenpòt lè, e kèlkeswa laj li, osilontan gen moun k ap ede l oubyen gen lekòl gratis pou l ale.»

Ansuit, Aselòm kontinye pale plis sou edikasyon, kijan li menm gen siksè kote l rive konplete etid segondè l pa mirak. Li mansyone kèk atik enpòtan nan konstitisyon an sou edikasyon, men yo jis la pou bèl pawòl. Gouvènman poko pran oken mezi konkrè pou vin ak bonjan chanjman nan sektè sa a pou bay moun aksè a lekòl gratis.

«Anpil nan ewo ayisyen yo se nan di kèk ladan yo te aprann li ak ekri, epi yo pa t egoyis tankou yon seri avadra w ap gade jounen jodiya. Nèg sa yo te gen anpil devouman; yo te vle wè vrè pwogrè pou Ayiti... Pwoblèm lekòl, se youn nan gwo pwoblèm ki egziste nan peyi a jodiya. Se moun ki gen lajan ki kapab voye pitit yo lekòl oubyen ale nan bon lekòl. Bon ou wè, mwen fin segondè m *Lycée Pétion*; se anba bonjan mannigèt mwen te antre nan lise sa a, epi w tande se yon lekòl leta. Ou ta panse l gratis epi tout moun ta al ladan. Kaka rat dèyè bwèt! Lajan pale, kaka mache! Aprann sa, gen 2 bagay isit yon moun dwe konnen: *parenn* ak *grinbak*. Si w pa gen youn ladan yo, ou ka pran pàn tout bon. Mwen gen sizan

nan Pòtoprens. Lè m antre isit, m al enskri nan plizyè lise, konpoze pou antre lekòl, gen randevou ak direktè lekòl, piwèt adwat piwèt agoch. Tout piwèt sa yo se te bwote dlo nan pànye. Bagay yo te kòmanse mache piti piti pou mwen se lè m t ap ede kèk pitit vwazen toupre a, kote tanzantan mwen ba yo ti leson patikilye. Paran timoun sa yo se malere, malerèz, machann nan lari k ap eseye bat dlo pou fè bè nan Kwabosal men y ap fè tout sa yo kapab pou bay pitit yo yon edikasyon. Pafwa, yo ban m ti manje epi yo lage yon ti kraze nan men m. Kèk nan vwazen sa yo gen zanmi ki t ap chèche moun pou ede pitit yo ak devwa. Konsa, yo vin mande m si m ta enterese bay lòt timoun leson. Monchè, se konsa mwen te jwenn kèk timoun pou travay ak yo, epi mwen te kòmanse ekonomize ti kòb. Kontak mwen yo vin miltipliye, epi youn nan vwazin yo te byen ak yon sansè ki travay *Lycée Pétion*. Li prezante m bay sansè a yon jou, nou pale, epi m grese pat misye pou achte yon plas pou mwen nan lise sa a. Se konsa m rive fè klas segondè m la, mirakilezman. Edikasyon se bagay gouvènman an ta sipoze fè moun kado, e mwen kapab di se pa yon kado men sa te dwe youn nan devwa gouvènman an pou ta sousye de edikasyon chak moun. Se yon dwa konstitisyonèl tou lè w li bèl atik sa yo nan konstitisyon an.

Atik 32: Leta dwe degaje l pou tout moun jwenn bon fòmasyon. Leta fèt pou li kontwole, si yo respekte dwa sa a. Se yon dwa tout moun genyen ni pou lespri yo anfòm, ni pou yo anfòm. Ni pou yo kapab aprann dwa nan lavi a. Ni pou yo kapab aprann byen viv,

youn lòt. Ni pou yo kapab aprann travay nan avantay peyi a. Ni pou yo kapab gen yon bon metye nan men yo.

Atik 32-1: Bon fòmasyon pou tout sitwayen, sou kont Leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a. Se pou yo rive mete lekòl gratis pou tout moun. Se pou yo kontwole si moun k ap fè lekòl yo alawotè, ni pou lekòl Leta, ni pou lekòl prive.

Atik 32-2: Premye travay Leta, ak moun ki alatèt chak zòn peyi a, se fè yon jan pou tout moun rive al lekòl. Se sèl jan yo va kapab mete peyi a sou wout pwogrè vre. Tout moun ki vle bay konkou nan travay sa a, fèt pou yo jwenn ankourajman ak avantaj nan men Leta.

Atik 32-3: Tout timoun dwe fè klas primè yo. Lalwa va di ki pinisyon yo prevwa lè sa pa fèt. Leta dwe bay elèv primè tout liv ak tout sa ki nesesè pou yo aprann, gratis.

Atik 32-9: Leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a dwe fè mwayen posib yo, pou tout granmoun nan peyi a, rive konn li fen, e rive konn ekri fen. Yo va ankouraje tout lòt moun ki soti pou yo bay konkou pou sa.

Atik 32-10: Lajan yon pwofesè dwe touche kòm salè, pou pi piti, dwe sifi pou bezwen l.

Atik 33: Lekòl pou tout degre konesans, dwe lib. Men Leta gen pou l kontwole kòman yo sèvi ak dwa sa a.

San malere, malerèz, leta t ap tankou yon machin ki pran pàn gaz. Li kanpe, epi l pa ka mache. Anpil moun ou wè k ap byen mennen, k ap byen manje, k ap kouri bèl oto,

se enpo malere peye leta pou ti komès y ap fè nan Kwabosal. Lajan sa a, yo sanble l fè yon pil, epi l al nan Kontribisyon; etan la, yo mete l nan bank peyi a; yo peye moun k ap travay ak leta epi yo gaspiye rès la. Sa mwen vle fè w wè sèke leta te sipoze sousye de malere avan, ba yo sa yo bezwen, bati lekòl pou pitit yo, bati yon seri kay pou yo rete, sant sante pou yo, eksetera era... Gwo komèsan yo fè plis pase kenzan san peye taks oubyen yo fè magouy yo peye yon ti kaka chat pa anba. Yo ta renmen bagay yo toujou rete konsa: menm sistèm koripsyon ak esplwatasyon an. Gen ase kòb nan peyi a pou leta ta bati lekòl, lopital ak kay pou moun rete. Mwen poko al aletranje se vre, men m rankontre anpil Ayisyen ki te aletranje, ki rantre Ayiti k ap di kòman bagay yo ye lòtbò dlo. Mwen li liv sou sa tou, epi m gade fim nan sinema kote m wè bagay ki egziste aletranje. Se pa konnen yo pa konnen pwoblèm peyi a, men se solisyone yo pa vle solisyone yo. Anpil moun nan gouvènman an pase aletranje; y al vizite; yo wè sa k genyen lòtbò dlo e ki pa egziste Ayiti; pouki yo pa di ann eseye kreye yon seri bagay Ayiti ki egziste aletranje? Avan, nou te kòmanse pale de edikasyon. Aktyèlman, peyi a gen 85 pou san moun ki pa konn li ak ekri. Sa vle di sou chak 100 Ayisyen, gen sèlman 15 ladan yo ki konn li ak ekri. Leta gen mwayen pou ta ede rès moun sa yo aprann li ak ekri men se pa sa ki nan lide yo. Mwen kapab di ou sa, gen anpil filozòf ki fini epi ki p ap fè anyen nan peyi a. Si te gen leta, leta serye, leta ki sousye de pèp, yo ta di: 'Nou pral kreye travay pou moun sa yo. Nou pral bati yon seri sant alfabetizasyon tout kote nan

pwovens pou montre moun li ak ekri, epi n pral chèche mwayen ede yo pou bay tèt yo manje'. Gen anpil jenn gason tankou m ki ta renmen travay ak pèp la ak tout kè, e ki ta renmen wè bèl bagay pou Ayiti. Se ta touskilfo pou ta di 'wi' pou al ede lòt. Mwen konn diskite ·sa ak yon gwoup kondisip nan lise a, kijan nou ta kontan fè yon seri bagay pou ede moun nan peyi a ak jenn moun si toutfwa te gen yon gouvènman ki t ap ban nou bourad. Etan jenn gason, nou gen bèl ide se vre men nou pa gen lajan, e nou pa gen pouvwa pou ede lòt. Ide sa yo pou otan p ap efase nan tèt nou malgre mizè ki gen nan peyi a. Tanzantan, n ap anpile yo, n ap pran ide tou nan men lòt moun save ki konsyan de jan bagay yo ye, e ki ta renmen wè chanjman. Pa panse tout moun save ta renmen wè bagay yo chanje. Ayiti gen anpil moun ki vwayaje nan lòt peyi, k al etidye aletranje, epi ki tounen vin viv nan peyi a. Yo konnen gen pwoblèm e koripsyon; yo wè yo men yo pa vle pale de yo oubyen yo benefisye de yo. Se sa m rele *entelektyèl komokyèl, egoyis, soudevlope, tisousou.* Lè w ap gade yon seri timoun sou Pòtay la k ap siye machin, k ap mande, gouvènman an te ka fè yon bagay pou yo, kreye òfelina pou yo, epi met kantin nan òfelina sa yo. Anpil nan timoun sa yo pa gen paran; yo lage nan lari. Yo ta ka sèvi peyi a demen si leta te sousye de yo. Anpil gen tan tounen vòlè ak kriminèl, yon danje pou sosyete a. Malgre pwoblèm grangou tout kote nan peyi a, gen kote nan Pòtoprens manje ap gaspiye chak jou. Gen tip machin w ap gade, pa menm gen wout pou mèt yo kouri yo. Se tankou yon sòt biblo byen chè nan salon yo. Gen yon seri kote mwen konn vizite nan

Pòtoprens, se tankou yon sòt paradi sou latè, yon seri bèl chato, gran lam machin, jaden ak tout tip flè, gwo pisin, gwo baryè an fè fòje, gwo bouldòg ak bèje alman, epi gason lakou ak bòn fè kenken kote sa yo. Se kòmsi m ta di w se lè w antre nan yon faktori kote yo fè boul bezbòl epi ou wè fanm len sou lòt ap koud boul. Moun rich yo ak leta konnen gen malere tou nan Pòtoprens. Anpil nan bacha sa yo gen biznis yo Kwabosal. Lè w ap reflechi tout bon vre, w ap di depi lontan se nan Kwabosal pifò gen biznis yo, se la yo fè milyonven; se plis malere k achte komès an gwo nan men yo pou al vann an detay. Men poukisa tout gwo komèsan sa yo pa kontribye pou rebati Kwabosal, pou retire labou ladan l, touye mouch, retire fatra, dezenfekte tout santò epi netwaye anba galri magazen yo? Si yon moun reyèlman renmen peyi l, se pa sèlman chita sou wozèt li ap jwi, men fò l wè sa k pa ka jwi yo tou; li ta eseye fè yon bagay pozitif nan sosyete a pou ede lòt moun.»

Sonson byen kontan tande tout kòmantè Aselòm yo sou edikasyon, e tout mizè l pase pou l te gen yon edikasyon li menm, lè li t al Pòtoprens, kapital peyi a, kote bagay yo pa fasil, fason anpil moun an pwovens ta panse pafwa. Li reyalize l aprann yon dal bagay jis nan pale ak Aselòm paske l panse anpil a pwoblèm peyi a ap konfwonte.

«Gason! Lè yon moun pase lekòl epi l sousye de malere, de pwoblèm peyi l, se bèl bagay. Chak jou mwen reyalize m aprann yon bagay lè m pale avè w. Tanzantan w ap eklèsi m sou reyalite Ayiti, se konsa m santi m ap wè pi

byen. Lè w ap panse vre, gen yon seri pwoblèm nan peyi a, e gen moun ki panse se konsa Bondye vle bagay yo. Men se lè w jwenn nèg save tankou w ki konn enpòtans malere, nèg ki sousye de peyi yo, se lè sa a ou vin reyalize ou te nan erè. Pafwa m tande y ap preche kòman Bondye bon, nou tout se pitit li. Mwen di: si nou tout se pitit li, enben malere se pitit li tou. Kesyon m ap poze tèt mwen se: poukisa gen moun rich ak moun pòv? Poukisa nan sezon sechrès sa a gen kote manje an gaspiyay nan Pòtoprens epi gen moun ki grangou sou Pòtay la, Site Solèy, Bèlè, Kwabosal, Soudal e tandòt kote? Youn nan prèch Ti Pè a mwen renmen tande lè w ap pase kasèt la, se kote misye di: 'Kat la mal bat, fò li rebat; gen moun ki anba tab la, fò yo chita bò tab la'. Donk, lè w ap reflechi sou prèch sa a, ou vin reyalize se lèzòm ki mechan; se lèzòm ki pa sousye de pwochen l. Ou fè m vin wè ke tout moun save pa menm; genyen ki ta renmen wè bagay yo rete san chanje, epi gen sa ki ta renmen wè bagay yo chanje. Lè w ap gade yon nèg save tankou w, yon filozòf ki fè etid segondè l, epi ou p ap fè anyen paske ou pa gen lajan, ou pa gen parenn Pòtoprens. Si bagay yo te bon, si reyèlman te gen gouvènman ki sousye de jenn filozòf entelijan tankou w, gen anpil bagay yo ta ka fè pou peyi a. Lè m ap gade timoun sa yo w ap anseye, se ta touskilfo pou ta wè yon seri filozòf tankou w nan tout bouk nan peyi a k ap enstwi moun. Depi m piti m ap tande menm chante a: 'Ayiti se yon peyi pòv'. Epoutan, kòm ou di, lidè yo konn pwoblèm sa yo men yo pa eseye solisyone yo. Lè w rakonte m istwa kòman w antre *Lycée Pétion*, mwen sezi. Alò ou konnen m se nèg ki sot an pwovens,

epi m pa t janm gen chans al lekòl pou aprann li ak ekri. Men mwen te toujou konnen depi yon moun rive Pòtoprens, li alèz, li ka al lekòl fasil paske gen lekòl gratis; se sa m te toujou panse. Monchè, *tande ak wè se de*! Fò w konn la pou al la. Fò w konn jwe jwèt la. Lè m ap reflechi sou yon seri kote nan Pòtoprens, m ap wè yon seri timoun mandyan nan lari, e sa k ap siye machin. M ap pale tèlkòm timoun sou Pòtay la, Site Solèy, Bèlè, Kwabosal, Soudal, timoun lamas, pi pa kapab yo, ou konprann; se lè sa a mwen vin wè reyalite a. Leta pa kreye anyen pou yo. Se pa yo ki chwazi ap drive nan lari. Ay! Lè yon nonm an pwovens epi l gen fanmi Pòtoprens, ou pa konn sa y ap pran. Lè w byen panse, se pa ti lajan leta ranmase nan men ti komèsan malere nan peyi a; ou pa konn kote lajan sa yo pase. Lè w imajine, si bagay yo te bon vre Ayiti, yon nonm pa ta bezwen pati al lòt kote. Li ta rete travay vye tè l isit, epi chèche dlo pou wouze yo. Si leta te mete omwen yon ponp dlo nan chak bouk pou kòmanse wouze tè, pwoblèm sechrès la t ap pran mwens pase senkan pou l solisyone. Malere peyizan konnen sa yo bezwen men yo pa vle ba yo l. Malgre gen sechrès Ayiti, nan anpil bouk mwen pase mwen wè yon sous dlo. Bon, mwen konnen nou pa gen anpil tè plenn menm jan ak Sendomeng, men yo te ka fè baraj pou kapte sous sa yo, fè yo monte mòn pou wouze tè nan mòn. M ap gade yon seri machin Sendomeng k ap travay tè; si peyizan ayisyen te gen aksè a aparèy sa yo pou travay, mo *sechrès* la se yon mo moun pa t ap pale de li. Tout peyizan Ayiti, fanm kou gason, renmen travay men pa gen bonjan zouti pou travay menm jan mwen wè

Sendomeng. Anpil Ayisyen mwen konnen, nan anpil bouk ki pati, se akoz tè ke yo pa ka travay; sa lakoz manke manje nan peyi a. Se rezon ki te fè mwen menm, Mèsidye, Nènè ak Poulik kite Kapòl pou al Sendomeng. Pòv Nènè ak Poulik! Gade yo retounen Kapòl de men vid epi bagay yo vin pi mal. Kisa yo pral fè nan sid? Mèsidye menm, mwen pa konn si l monte si l desann, si l kache Sendomeng, si yo depòte l Ayiti. Lè w reflechi tout bon vre, ou wè si te gen bon lidè nan peyi a depi lontan, peyizan ayisyen pa ta al pran sabò sa yo Sendomeng. Yo ta rete isit pou travay ti rès tè yo genyen. Malgre tou, mwen konnen bagay yo p ap rete konsa toutan. Fò sa chanje yon lè! Fò sechrès disparèt Ayiti, fò krim sispann, fò peyizan jwenn tout sa yo bezwen pou pa kite peyi a!»

Pou Aselòm, gen anpil bagay ki fè pati lavi chak jou ke nou pa aprann lekòl, patikilyèman pandan e apre 28 ane diktati a. Enfòmasyon te sou bonjan kontwòl. E jiskounye, yo pa anseye reyalite peyi a nan lekòl paske l ta fwase sa yo ki sou pouvwa, ki nan koripsyon paske yo benefisye de sa.

«Bagay sa yo, se pa nan lekòl ou aprann yo, tonton. Moun pa pale sa ki verite, sitou pandan e apre diktati ventuitan an. Tout bagay te sou kontwòl: lekòl, legliz, jounal, radyo, televizyon, bouch moun, anfen tout bagay ki ta bay pèp la enfòmasyon. Pou konprann bagay yo byen, fò w esperyanse yo, ou wè yo chak jou menm si ou pa pale de yo. Pa egzanp, mwen te gen kondisip nan lise a ki pase menm kalvè ak mwen. Genyen ki fèt la a nan Pòtoprens. Manman yo ap bat dlo pou fè bè nan

Kwabosal. Donk, vrè reyalite peyi a, se pa bagay yo te anseye lekòl pandan diktati a, ni tou yo pa anseye l kounyeya. Kilès ki pral pale ou de krim lame a ak zenglendo ap fè? Mesye sa yo se 2 kouzen jèmen; ou pa pale papa youn mal devan lòt. Yo ta renmen ou avèg toutan, epi w toujou gen yon baboukèt nan bouch ou. Bagay sa yo, se ankachèt mwen konn reyini ak kèk bon zanmi pou n pale yo. Si yo ta jwenn nou, nou ta mèt di antèman n tou chante… Nan menm lise a, gen elèv ki te espyon tou, e fò m di ou sa fèt nan plizyè lekòl kote elèv vann elèv parèy yo pou lajan ak bèl machin. Espyon te tout kote ap fè santinèl: nan lekòl, nan travay, nan legliz, nan nayklib, nan lame, nan lari, anfen tout kote. Se tip baboukèt sa a m ap pale a. Gen anpil elèv mwen konnen ki disparèt; se pa lougawou oubyen *sosyete sekrè* ki pran yo kòm kèk moun konn panse anpil fwa, men se lòt elèv ki te denonse yo. Pafwa elèv espyon sa yo konn mache ak ti tepikòdè ankachèt pou pran vwa moun pote ale. Donk, yon moun pa t ouvè bouch li konsa konsa pou l pale de reyalite Ayiti. Lè w pa wè yon zanmi, ou fè rapò lapolis. Bon, yo toujou di w y ap mennen envestigasyon, men yon envestigasyon manch long ki pa janm abouti a oken rezilta.»

Selon sa Sonson aprann deja nan men Aselòm, li gen yon sèl anvi aprann li ak ekri; li panse sa enpòtan, espesyalman si l ap vwayaje al nan gran peyi. Li ta renmen konn li ak ekri non l avan li al aletranje. E ou pa janm konnen. Li ka ede lòt Ayisyen aletranje ki iletre.

«Aselòm, monchè gen yon bagay ou te di ki ban m anpil ankourajman; ou di 'yon moun kapab aprann li ak ekri nenpòt lè, kèlkeswa laj li, osilontan gen moun k ap ede l oubyen gen lekòl gratis pou l aprann'. Lòt bagay ki ban m plis ankourajman toujou se lè w di tou 'anpil nan ewo ayisyen se nan di kèk ladan yo te aprann li ak ekri'. Mwen di olye m chita nan kay la pafwa san fè anyen, pito m kòmanse pran ti leson tanzantan nan men w, aprann li ak ekri, epi aprann ekri nimewo tou. Mwen remake nan bank bòlèt la nèg yo fè yon magouy ak mwen lotrejou. Mwen t al jwe yon boul; li soti dezyèm lo, epi yo peye m twazyèm lo ki mwens kòb. Se apre m ap reflechi sou sa, epi pandan mwen t ap pale ak kèk nèg ki sot Okay, mwen reyalize sa. Mesye sa yo suiv boul k ap soti chak semèn, epi yo lizib. Mwen di yo se tèl nimewo mwen te jwe, epi l fè dezyèm lo. Se jis apre mwen vin remake se twazyèm lo yo te peye m. Magouyè yo remake m pa lizib, yo dòmi sou mwen.»

Istwa sa a, youn ki gen pou wè ak esplwatasyon moun ki iletre, touche Aselòm anpil. Pa sèlman paske se yon temwayaj tonton l, Sonson, men tou plizyè milye Ayisyen viktim oubyen magouyè esplwate yo nan sans sa a. Se yon plezi pou Aselòm kòmanse montre Sonson li ak ekri ak ti resous limite li gen deja.

«Bon tonton Sonson, se tout yon plezi pou m kòmanse ak ou jodiya. Gen anpil moun ki pa konn li ke yo fè anpil abi. Ou se youn nan viktim sa yo. Gen magouyè, se plezi yo sa pou esplwate moun ki pa konn li ak ekri. Lè yo wè je w klere, yo reflechi avan y aji. Mwen gen yon tablo la a

ak kèk moso lakre; li pa tèlman gwo menm jan ak sa kote m anseye a, men n ap kòmanse itilize l. Depi yon moun pale yon lang, li ka aprann ekri l fasilman. Tout sa yon moun di an kreyòl, li ka ekri l tou. Tout moun pale lang manman yo avan y aprann ekri l. Pa gen dout nan sa. Yon lang gen sa yo rele *son*; sa vle di kijan yon mo an patikilye sonnen. Apre son, ou gen sa yo rele *lèt*. Lè ou kole kèk grenn 'lèt' ansanm, sa vin ba ou plizyè son. Lè ou divize plizyè son, sa rele *silab*. Ban m ekri lèt ki reprezante son sa yo sou tablo a:

a, à, an, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, o, ò, on, p, r, s, t, u, v, w, y, z

Tout lèt sa yo ki bay son diferan rele *alfabè*. Ban m ajoute kèk son ankò:

ann, am, òn, onn, èn, èm, ou

Nan alfabè, gen sa yo rele *vwayèl* ak *konsòn*. Lè ou melanje yo ansanm, yo vin ba ou yon *mo*. Anpil mo fè sa yo rele yon *fraz*. Kounyeya, mwen pral di yon seri mo epi m ap ekri yo. Pou chak mo sa yo, w ap fè yon fraz ak yo. Te m ba w yon egzanp:

(mo)	(fraz)
'sechrès'	Akoz *sechrès* la, peyizan pa jwenn manje.»

«Oke, mwen konprann. Ou mèt ale.» Sonson di.

«Oke, te m kòmanse; m ap ba ou mo yo, epi w ap fè fraz ak yo.» Aselòm ajoute.

aletranje	Si pa t gen sechrès Ayiti, anpil Ayisyen ta pral *aletranje* kòm touris.
Ayiti	*Ayiti* se peyi tout Ayisyen.
batey	Peyizan ayisyen sot pran souflèt nan *batey* yo.
chèf	*Chèf* ap fè peyizan abi.
diktati	*Diktati* taye banda l toutan solèy demokrasi poko leve.
edikasyon	*Edikasyon* dwe premye zouti pèp la.
endepandans	Pèp la panse 7 Fevriye te dezyèm *endepandans* li.
egoyis	Anpil Ayisyen *egoyis*.
entelektyèl	Se pa tout *entelektyèl* ki sousye de pwoblèm peyi a.
esklav	Ayisyen travay kou *esklav* nan batey yo.
espyon	*Espyon* tout kote ap tande sa moun ap di.
ewo	Tousen, Desalin, Anri Kristòf, Chalmay Peral se kat gwo *ewo* Ayisyen.
fatra	Kwabosal chaje ak *fatra*.
gouvènè	Anpil *gouvènè* ayisyen se magouyè.
grangou	*Grangou* pa dous.
grinbak	Devan *grinbak*, magouyè pa fè bak.
istwa	Yo pa anseye vrè *istwa* d Ayiti nan lekòl Ayiti.
kamoken	*Kamoken* pa danse kole ak Papa Dòk.
kandida	Se yon seri *kandida* ki pral defann patri pòch.
klas	Mwen sonje Tonton Pyè lè m ap gade timoun yo nan *klas* la.
komèsan	Anpil gwo *komèsan* pa peye taks.
kominis	Nan Diksyonè Anti-Makout, mo *kominis* lan vle di: moun ki kont zak malonnèt Papa Dòk yo.
konstitisyon	*Konstitisyon* se papye ijyenik diktatè.
koripsyon	Magouyè renmen *koripsyon*.
koudeta	*Koudeta* agoch, koudeta adwat.
krim	Lame ak zenglendo fè anpil *krim*.
Kwabosal	Se nan labou *Kwabosal* anpil gwo komèsan gen biznis.
lafen	*Lafen* touye anpil moun ak bèt.

lame	*Lame* sa a ak pèp la se lèt ak sitwon.
lekòl	Leta te sipoze mete *lekòl* nan tout peyi a.
leta	Anpil *leta* nan magouy.
liberasyon	Pèp la bezwen *liberasyon* l.
libere	Ayiti va bèl lè l a *libere*.
malere	*Malere* pa vye chen.
malpouwont	*Malpouwont* yo kontinye ap mache sou moun.
mannigèt	Y ap fè *mannigèt* pou pèp la pa janm gen yon lidè.
matyavèl	Yon diktatè se yon gouvènè *matyavèl*.
mizè	Fò *mizè* fini Ayiti!
panzouyis	*Panzouyis* yo panse pèp la enbesil.
parenn	Si ou pa gen yon *parenn* oubyen grinbak nan Pòtoprens ou ka pran pàn.
peyizan	Yo vòlè tè *peyizan* yo.
pimpe	Zotobre dominiken ap *pimpe* 'braceros' tounen Ayiti.
politik	Moun pa pale de *politik* Ayiti.
popetwèl	Apre koudeta a, yo chwazi yon prezidan *popetwèl*.
save	Gen moun save ki egoyis epi ki magouyè.
sechrès	Sezon *sechrès* la fè anpil peyizan kite peyi a.
Sendomeng	Sechrès la fè anpil peyizan al *Sendomeng*.
soudevlope	Move lidè *soudevlope* Ayiti.
tire	Fò lame sispann *tire* sou pèp la!
Tonton Sam	Chalmay Peral te yon ewo ayisyen ki te lite pou wete Ayiti anba grif *Tonton Sam*.
vandèdpeyi	Anpil chèfdeta ayisyen se *vandèdpeyi*.
zenglendo	Lame ak *zenglendo* se kouzen jèmen.

Sonson reyèlman santi l kontan pou nouvo desizyon li sot pran an, desizyon pou l kòmanse yon pwogram alfabetizasyon avèk èd neve l, Aselòm.

«Ay! Monchè, afè konn li se reyèlman yon gwo koze. Gade tout sa m gen tan aprann! Mwen santi tanzantan lespri m ap ouvè. Se kòmsi m ta di w yon tan ki te maske epi l kòmanse demaske lè solèy ap leve.» Sonson di ak kontantman.

«Tonton Sonson, mwen pa janm gen yon elèv entelijan tankou w. Ou gen tan kenbe tout bagay sa yo nan tèt ou?» Aselòm felisite l.

«Bagay sa yo tèlman reyèl, mwen pa konnen lè ide yo vin nan tèt mwen. Epitou m aprann anpil lè timoun yo t ap reponn kesyon nan klas la ak ti konvèsasyon nou te vin fè apre sa. Mwen te gen yon anvi aprann. Se kòmsi m ta di w yon tè sèk ki te bezwen lapli; lè tè sèk sa a vin jwenn lapli, ou santi w ta pwofite plante tout plan ou te gen sere. Ay monchè! De grenn je yon moun ka ap klere epi l avèg. Se konsa m santi m te ye avan m te kòmanse vin nan klas ou a. Se tankou yon vwal ki te kouvri je m. Tanzantan m santi vwa l sa a prale.» Sonson esplike.

«Sa w di a gen yon enpòtans kapital lè w ap analize 85 pou san pèp la ki gen 2 grenn je men ki avèg. Gen yon vwal ki kouvri je l, men se pa li ki mete l. Anpil moun gen menm swaf ou te genyen an, men yo pa ba yo bwè.» Aselòm ajoute.

CHAPIT SÈT

Yon peyi an dèy. Yon pèp panike

Lavèy 30 septanm
syèl Ayiti Toma an dèy
pou plizyè santèn zetwal pitit li
ki pral file.
Yo pral file,
yo prale, yo pral disparèt.
Syèl Ayiti Toma tou nwa
lavèy lanmò yon dal pitit li,
yon dal ti inosan
ki pral pran wout
peyi san chapo
lavèy 30 septanm, syèl la sonb
lalin nan pa klere
anpil zetwal kòmanse ap balanse
pou y al file
Anpil kretyenvivan kòmanse wè
yon fènwè ki pral blayi
sou yon peyi.
Lavèy 30 septanm,
magouyè kòmanse ri.
Tout panzouyis kòmanse rejwi
pou tout krim yo pral fè
anba syèl Ayiti Toma:
wouzi kòmanse ap netwaye,
revolvè kòmanse ap chaje,
manchèt kòmanse ap file.
Lavèy 30 septanm,
tout gwo Ewo yo fache
nan tonm yo:
Desalin kriye,

Chalmay Peral rele anmwe,
yo tout move lè yo wè yo p ap
ka delivre Manman yo ki an danje
lavèy Jou sa a.
Yon vye van kòmanse soufle
pou anonse
yon move tan ki pral rive.
Tout bèt yo tris.
Pyebwa yo chagren.
Yon vye tan maske.
Lapli pral tonbe
san Lavalas pa desann.
Loray pral gwonde
san zèklè pa fèt.
San inosan pral koule
pou Ayiti ka libere.

«Men l anlè a, l ap vini»

Se chan sa a moun Ayiti ki swaf demokrasi ta renmen chante apre dènye koudeta sanglan ki te fèt nan «Il Majik la». Yo pa t bezwen relijye pou chante l apre koudeta a osilontan yo kwè nan espwa. Ti Ayisyen, pandan yo t ap grandi, te ka tande moun ap chante l:

Men l anlè a, l ap vini
M wè l anlè a, l ap vini
Men l anlè a, l ap vini
M wè l anlè a, l ap vini

Timoun Il Majik yo pa t gen oken ide si moun ta ka rive pèdi lavi yo yon jou jis pou chante kouplè sa a. Chan sa a

toujou refere a retou Jezikri kòm pwofèt, mesi a, ak sovè k ap vin anlvè moun ki kwè nan li, sa yo k ap soufri isiba. Moun relijye toujou chante l ak jès pandan y ap bat men, frape pye yo, gade syèl la, fè yon souke kò yo pou montre yon sans espwa ak kontantman.

Moun oprime yo pa t kapab kominike youn ak lòt nan lari imedyatman apre koudeta a paske jeneral an chèf lame a, Jeneral Fatra, pè pou yo pa t konplote pou ranvèse rejim militè l la rapidman si moun ap fòme gwoup nan lari Pòtoprens, ki tou wouj ak san. Nan ka sa a, li te nesesè pou te gen kouvrefe chak swa pou kapab efreye popilasyon an otan l kapab.

Paske pèp la pa t ka kominike youn ak lòt pou te esprime santiman yo, yo ta sèlman chante oubyen fredone kouplè sa a pou voye mesaj opresif yo gen sou kòf lestomak yo a monte epi, montre «espwa» yo genyen. Espwa sa a ta retou sou pouvwa pwofèt yo a, prezidan Ti Kòk, yon moun yo konpare ak Jezikri nan plizyè aspè. Senbòl pati politik li a se yon kòk poul. Dabitid kòk poul toujou reveye moun pou di yo li jou. Sepandan, Jeneral Fatra fè anpil moun pèdi lavi yo jis pou chante chan sa a lè l te reyalize rezon poukisa yo t ap chante l. Lè yo te reyalize kòman l riske pou chante l, yo ta bat men yo apre, frape pye yo epi gade syèl la paske yo pa t kapab di mo ki nan chan an. Menm Sentanj, yon jounalis radikal, ki te trè aktif avan koudeta a, ta jis gade syèl la lè moun nan lari mande l pou l ta pibliye kèk atik nan jounal ebdomadè l la, «Ayabonmbe!», pou rapòte tout krim ansanm ak

moun lame a t ap pèsekite. Soti nan lari sèlman montre kòman Sentanj te yon nonm ki brav. Non li pa senpman yon non kreyòl: «Sent» montre ke l se yon *sen* paske moun toujou di bon bagay de li. Bèl travay li kòm jounalis, montre ke l pa t yon opòtinis sou oken rejim, ni tou li pa t ap asepte pòs Minis Enfòmasyon sou rejim Jeneral Fatra a, pi move jeneral nan istwa peyi d Ayiti. *Anj* montre ke l se yon 'zanj', pa sèlman apre koudeta a, men depi lè Bebi Dòk te sou pouvwa. Li se yon zanj paske l te toujou pre pou l pale pou pèp san vwa a, pèp oprime a, epi pou anpil moun, yo wè l tankou yon moun ki vin sove yo pandan y ap nwaye.

Sanpitye, youn nan gang lame a kreye, pa gen pitye pou pèsòn ki ta gen ide chante *Men l anlè a l ap vini*. Jis di yon liy nan kouplè sa a, yo ta panse ou se manm kèk òganizasyon radikal, sipòtè Ti Kòk, yon moun ki te vote l, yon sipòtè pòv, yon moun ki kont lame a, yon ènmi Jeneral Fatra, ènmi zenglendo oubyen makout epi yon moun ki vle chanjman radikal Ayiti.

Gang Sanpitye a te kòmanse chèche Sentanj depi 2 oktòb, jis 2 jou apre koudeta ki te ranvèse premye prezidan ki te eli demokratikman nan Il Majik la. Sentanj te sou *lis nwa* lame a imedyatman apre Dinasti Divalye a. Li te vin manm yon òganizasyon radikal ki t ap fonksyone sekrètman ki rele *Reveye Nou*. Objektif prensipal òganizasyon sa a se te pou kenbe pèp oprime a reveye, epi edike l politikman.

Chans pou Sentanj, li te apèn kite lakay li lè Sanpitye yo rive. Tout vwazen yo te ka tande awotvwa vwa yo ki t ap mande pou Sentanj Delivrans. «Sentanj! Sentanj! Kote w fout ye? Fout ouvè pòt la! Annavan, gason vanyan!»

Pèsòn pa t reponn. Yo kontinye frape nan pòt la jiskaske papa Sentanj, Dyenou, te vin ouvè l. Sentanj t ap retounen lakay li ap fimen yon siga lè youn nan vwazen yo te pale ak li an siy pou di l Sanpitye yo nan zòn lan ap chèche l. Rapidman, li chata kò l, epi l al kache anba machin vwazen an pou kèk minit avan l te kite zòn lan pou l te al kache yon lòt kote ki pi an sekirite.

Kalvè l te kòmanse depi menm jou a. Gang lan te nan kay la toujou ap pale ak papa l, poze l kesyon sou pitit li a.

«Kote fout pitit ou a? Se pa jodiya n ap chèche lwijanboje sa a k ap eseye destabilize Nouvo Gouvènman Demokratik la,» youn ladan yo di.

«Mwen pa wè l depi 2 jou,» Dyenou reponn nan yon vwa k ap tranble.

Gang nan kontinye poze l kesyon konsènan patisipasyon l nan kanpay prezidansyèl Ti Kòk, pandanstan yo pwente yon M-16 sou li. Li reponn tout kesyon yo poze l yo men, mesye yo panse se manti li t ap fè, epi yo kòmanse vide baton sou li. Apre sa, yo tounen ak menm kesyon an: «Kote fout pitit ou a? Fout di nou, tenten!» pandan

yo t ap choute dèyè l ak kout bòt plen san. Youn ladan yo kase tèt li ak yon kokomakak. Dyenou, pa t ka pale ankò. San t ap koule sou tout chemiz blan l lan epi finalman, li di: «Kòman m fè fout konnen!» Repons sa a te yon gout gaz ki tonbe sou flanm. Youn nan manm gang lan finalman tire l pou fini ak sa. Te gen tan gen yon anbilans ki te rete twa blòk konsa. Chèf gang lan rale wòkitòki l nan senti l epi l rele chofè anbilans lan vin pran kadav la ki te benyen ak san. Yo pase twazè d tan nan kay la, pa sèlman ap chèche lajan ak bijou, men tou ap tyeke dokiman ki apateni a Sentanj, dokiman ki ta ka gen sekrè sou òganizasyon radikal *Reveye Nou* an. Pandan yo t ap fouye yon mal ki toupre yon kabann, se konsa madan Sentanj te anba kabann lan, epi youn nan manm gang lan pile l.

«Tonnè! Gen yon moun anba kabann nan!» Bandi a di.

Lòt manm gang ki te nan salon an travèse nan premye chanmakouche a, kote yo tande vwa youn nan konpayèl yo.

«Se madanm li ki kache la a!» Youn nan yo reponn.

Matyo, chèf la, rale yon ti kòd nan pòch li, epi l mare de bra fi a dèyè do l pandan yon lòt bande je l ak yon mouchwa wouj li rale nan pòch dèyè l. Chèf la rale yon kanif nan pòch li, epi l dechire tout rad fi a; li voye yo sou yon chèz ki te toupre a. Yo di l pou pa fè oken bri dekwa pou yo pa fè *M-16* la pale ak li dirèkteman. Yo tout vyole malerèz la san yo pa itilize kapòt. Matyo te

premye moun an liy. Apre l fin demonte malerèz la, li mande nèf lòt mesye yo fòme yon liy pou fè kou pa yo. Li te tankou yon sèjan byen move k ap pase twoup li an revi. Apre chak fin fè kou pa yo, Matyo anlve mouchwa ki te bande je dam nan. Li gade manmzèl nan de grenn je san rete, epi l kòmanse moke l. Manmzèl tonbe kriye sou planche frèt la, pandan san ak bave gri t ap koule sou tout janm li.

«Kòman w santi w kounyeya? Mwen pa panse Sentanj janm fè yon bèl travay konsa pou fè kè w kontan. Ou pa menm remèsye nou. Ala fanm engra!» Matyo moke l ak yon vwa byen fò.

Lòt ganstè yo byen rilaks. Yo ouvè frijidè a; yo pran tout byè Heineken yo, epi yo kòmanse bwè, fimen devan viktim nan. Kalo, yon lòt manm gang lan, kontinye ap moke fi a:

«Nou fè fèt isi a souvan. Nou rich! Pa gen dout nou te pami elit ki t ap esplwate pèp la».

Matyo gen yon fason espesyal li kominike ak manm gang lan san l pa ouvè bouch li. Li touse de fwa, epi l grate bò figi dwat li pandan l t ap gade Kalo. Imedyatman li gen tan konprann; li pwoche kote dam nan epi l flanke l de sabò. Manmzèl woule atè pandan l t ap krache san. Li kontinye moke l…

Manmzèl te toutouni konplètman, fas anba atè a san l pa di yon mo. Men nan kè l, li ta prefere lanmò soulechan pou ka koupe soufrans ak imilyasyon l. Matyo pwoche kote l epi l di:

«Ou panse ou ka kraponnen nou! Nou se nèg entelijan. Kote fout mari w? N ap chèche bandi sa a lontan paske misye ap eseye destabilize Nouvo Gouvènman Demokratik la. Li se yon vrè chachèdkont nan peyi a. Lè n ap travay pou lapè, misye menm vle lagè. Li mal entèprete pwovèb laten an: *Ci vis pacem, para bellum.* Mwen doute misye te gen bèl nòt pou laten lè l te nan segondè. Lotrejou nou tande l nan yon radyo vonvon ki rele *Radyo Anrikiyo,* kote l t ap voye yon mesaj, swadizan demokratik, monte. Chèf lapolis la, Kolonèl Fanfan, te envite l ansanm ak lòt demokrat pou yon reyinyon nan Katye Jeneral Lapolis sou Channmas men li pa janm met pye. Mwen pa konn poukisa demokrat sa yo pè parèt an piblik. Sa vle di se pèp la y ap moke. Nou menm, manm Sanpitye, nou se vrè demokrat. Nou parèt an piblik kèlkeswa lè a».

Fi a pa t di yon mo. Matyo gade bandi yo epi l di: «Kisa nou vle fè ak li finalman?»

Kalo touye bout sigarèt la anba pye l, epi l di:

«Avozòd, chef!».

«Ann ba li yon chans; manmzèl pa frekan,» Matyo reponn.

Anbilans lan te gen tan retounen; li kanpe menm kote l te ye a. Matyo rale wòkitòki l, epi l di chofè a:

«Ou ka pran yon dezè d tan repo, apre sa n ap bezwen w nan zòn Dèlma 28. Ou tande m?».

«Avozòd, chef!» Chofè a reponn.

Gang lan kite kay la ak pòt devan an byen debraye. Yo antre nan venn san plak la, epi yo plonje pou Dèlma 28 pou al dèyè yon lòt moun ki sou lis nwa a. Dam nan leve atè a, epi l al fèmen pòt la. Li pran dlo pou lave kò l, epi l retounen nan chanmakouche a pou al chèche lòt rad met sou li. Li kòmanse chante chan yo pa vle moun chante a nan yon vwa byen ba.

Men l anlè a, l ap vini
M wè l anlè a, l ap vini
Men l anlè a, l ap vini
M wè l anlè a, l ap vini

Li kite kay la imedyatman pou al kache lòt kote, ak espwa li va rankontre Sentanj yon jou pou yo kontinye lit la.

CHAPIT UIT

Aselòm pral travay sou aktivite kiltirèl ak elèv yo.

Lendi, a twazè, tout elèv fin pran egzamen yo. Aselòm pral travay sou aktivite kiltirèl, kote li pral bay elèv yo yon chans pou montre talan yo nan klas la: sa ki pral li istwa kont, atik, diskou ak pwezi. Tout elèv briye sa yo vle patisipe nan klas pou montre mèt la kòman yo prepare pou lòt egzamen yo.

«Kijan tout moun ye jodiya? Kijan wikenn nou te ye?» Mèt Aselòm mande klas la.

Li raple klas la tou, dènye travay yo te fè:

«Semèn pase, nou te fè yon kanpe nan pale sou *kilti* dekwa pou n te fè yon revizyon istwa avan egzamen an. Nan dènye klas kilti a, nou te pale de *Bouki* ak *Malis* kòm kont ki pi popilè nan foklò ayisyen. Mwen te mande kèk elèv pou ekri yon kont, epi pase devan klas la pou li l. Nou te wè kèk powèm tou, epi n te kòmante sou yo. Pou premye aktivite jodiya, n ap kòmanse ak kont yo. M ap mande elèv ki t ap ekri *kont* pou leve men yo, epi vin li youn devan klas la.» Aselòm mande.

Marijo leve men l. Li pral li yon kont:

«Tit kont mwen an rele: *Elefan an chaj yon konferans sou pwoblèm bèt sovay t ap konfwonte.*»*

Elefan te an chaj yon konferans sou pwoblèm bèt sovay t ap konfwonte nan forè a. Plizyè animal te reyini nan sal konferans lan. Apre Elefan te fin fè diskou l, li di: «M ap pase kòn nan bay

bèt ki pi lèd la pou l ban nou yon dènye rapò sou nouvèl k ap fè toubouyon nan forè a.» Makak te voup li kanpe epi l di: «Mwen pèdi tout dosye ki gen enfòmasyon yo pandan mwen t ap fè lakilbit.» «Men kilè w ap pran bagay yo oserye?» Elefan mande misye. Makak te santi l vekse, epi l reponn Elefan: «Gade, pa penmèt ou ranse avè m! Se granmoun ki non m!» Epi l te kontinye ap pale: «Youn nan gwo pwoblèm m panse anpil bèt ap konfwonte, se yon pwoblèm 'espas' paske Elefan yo vin pi gwo de jou an jou, e n ap mande jis kibò sa prale. Pa egzanp, nou ka wè sa nan sal la kòman moun chita an kabrit paske ti Elefan yo pran twòp plas.» Elefan ak tout sajès, te souke de fèy zòrèy li apre Makak te fin pran lapawòl. Makak, kòm nèg ki san respè pou gwo zotobre, te annik voye yon koudèy nan sal la epi l wè Lyon chita dèyè a. Li fè yon ti avanse kot Lyon; li di: «Vin pran kòn nan ti mal!» Tout bèt te santi yo deranje pou jan Makak te pale ak wa a. Se konsa yo te kòmanse bat chalbari dèyè Makak poutèt li sot manke wa a dega. Dapre yo, Makak se yon nèg azade ki pa janm fè anyen byen. Non sèlman fanmi wayal la te enève, menm Cheval ki youn nan manm envite donè yo te reyèlman move. Lòt Lyon yo pa t vle al nan oken tire pye ak Makak pou yo pa desann valè yo. Yo te kite lòt bèt defann yo. Tig, kòm youn nan avoka yo, te bay Makak yon madichon pi rèd pase sa Chen te bay Chat la mèkredi granmmaten anba pye zaboka a. Li di Makak: «Ou wè timoun frekan, enben se nan simetyè y al pouse bab». La tou, yon fyèv frison te pran Makak epi ke l te vin rèd tankou yon grenn bal. Pou evite twòp eskonbrit, Elefan te pran kòn lan nan men Tig pou l te bay konpè Chat lapawòl. Chat pran kòn lan byen rapid, epi l di asanble a: «Mwen pa t gen oken diskou prepare, men mwen pral di yon kout priyè.» Kòm pwovèb la di «priye veye,»

Chat te kite yon grenn je l ouvè ap kontwole konpè Chen pandan priyè a, epi l kòmanse priye:

«Papa m ki nan syèl la, mwen k ap priye a, ou konnen kilès mwen ye. Mwen mande ou pou netwaye peche m ak kèk bon zèl poul. Mwen sèmante swasanndisèt fwa sèt pou m pa janm gade poul sou bwa. Mwen mande ou jistis pou konpè Chen ki vle detwi ras beni sa a. Mwen mande ou tou pou chase move zangi sa yo lwen de nou afenke nou kapab genyen plis libète. Mwen p ap kenbe ou twò lontan paske m konnen ou okipe anpil. Ou deja konn bi priyè m. Mwen t ap di w tou pa bliye pwomès rat ou te fè m nan. Mwen mande ou pou miltipliye mantèg sou latè, non sèlman nan bon sezon men nan sezon sechrès tou. Ou va modi tout ras Chen k ap viv sou latè. Ensiswatil!»

Chen yo t ap pete nan po yo pandan priyè a. Yo pa t ka tann Chat fini pou y al korespponn ak li. Se konsa ekip solid sa a te pati dèyè Chat nan sal konferans lan. Elefan reyalize ke konferans lan te yon veritab gagòt paske anpil lòt bèt pa t gen tan prezante revandikasyon yo. Elefan frape pye l twa fwa, kòmkwa pou l ta di yon kout tonnè. Li fè yon reflechi yon ti moman, epi l di: «Bon, koze lagè a gen lè se li ki pi gwo pwoblèm nan forè a. Poukisa nou pa ka viv an pè? Apati jodiya, ke lapè reye nan forè a». Se konsa Elefan te klotire reyinyon an, epi tout bèt te pran chemen lakay yo.

«Trè byen Marijo!» Mèt la konplimante l.

Se tou pa Roro kounyeya pou yon kont.

«Tit kont mwen an rele 'Gade yon mirak!'»* Roro anonse.

Ayiti se yon peyi ki chaje ak mòn, e li pa fasil pou travèse yo. Apre premye endepandans peyi a, te gen yon kolon ki t ap vwayaje Ayiti. Bi misye se pou l te jwenn min lò, men li pa t konn peyi a byen. Donk, li te bezwen yon gid ak yon milèt. Li rive nan yon ti bouk; te gen yon tonton nan zòn lan, men se yon kote ou pa jwenn moun souvan. Kolon an te gen anpil pwoblèm lè l te vin jwenn granmoun nan. Misye di l ap gide kolon an, epi l ap lwe l yon milèt. Demen byen bonè, yo met deyò; chak sou yon milèt. Yo fè plizyè jou ap vwayaje. Tonton an rive yon kote, pre yon legliz epi l ap rele byen fò: «Gade yon mirak! Gade yon mirak!» Te gen yon pè ki t ap priye anndan an, epi misye sote. Pè a kite priyè a, epi l sot deyò. Lè l gade, li jis wè se yon tonton k ap rele awotvwa: «Gade yon mirak! Gade yon mirak!». «Kote mirak la?» Pè a mande. Tonton an di l Lasentvyèy fèk sot fè yon mirak. Li di pè a: «Pandan m t ap gide yon kolon nan mòn sa yo, apèn nou rive bò yon gwo twou, milèt pa m nan te devan, li voltije twou a. Milèt kolon an menm rive bò yon falèz; li kanpe sèk. Kolon an sot tonbe, li woule desann anba; li pa leve. Milèt la menm ret kanpe bò falèz la ak tout sèl li sou do l. Mwen pa janm wè mirak konsa,» tonton an di. «Sa pa rele mirak, se yon devenn,» pè a reponn. Men granmoun nan ensiste se yon mirak paske yon milèt koute tèt nèg men gen anpil kolon.

«Bravo Roro!» Mèt la felisite l.

Anpil elèv leve men yo, y ap tann mèt la chwazi yo. Ti Mafi potko patisipe nan klas, men sanble l pre kounyeya.

«Mwen, mèt! Mwen!» Ti Mafi rele.

«Oke, ann tande sa ou genyen» Mèt la chwazi l.

«Tit istwa m nan rele 'Mouri pou libere Ayiti'» Ti Mafi anonse.

Yon lè, Ayiti t ap fè fas ak yon gwo kriz politik. Plizyè pati politik ak òganizasyon te reyini pou panse a ki meyè fason yo ta ka soti nan kriz la. Yo te rankontre pandan plizyè jou pou diskite pwoblèm sa a.

Finalman, yon moun vin ak yon repons ki te plè tout moun: «Mwen deside mouri pou libere Ayiti, epi nou p ap janm gen pwoblèm ankò!». Lè tout peyi a te tande bon nouvèl la, woy! Tout moun ta renmen wè konpatriyòt ayisyen sa a ki pa pè mouri pou liberasyon Ayiti. Li parèt nan televizyon nasyonal, fè entèvyou nan radyo ak jounalis, yo tande l nan radyo… pou di volonte l pou l mouri pou libere Ayiti Cheri. Li deside pou l ta mouri yon vandredi (vè twazè nan apremidi), epi l di jounalis yo kijan l ta tiye tèt li. Li ta kòmanse kouri depi Pòtay Senjozèf rive Kafou. Lè l rive la, li ta lage kò l yon kote ki fon nan lanmè, yon kote ki chaje ak reken. Kòm li pa konn naje, donk ou panse se bagay tout bon. Pa gen manti nan sa! Tout vil Pòtoprens desann sou Boulva Jean-Jacques Dessalines pou al gade Ayisyen sa a ki pral yon ewo. Tout moun t ap bat bravo: «Se sa nèt! Ale! Ale! Ale pou liberasyon Ayiti! Ale pou sa! Nou fyè de ou, pitit Tousen, Desalin, Kristòf ak Chalmay Peral!

Misye te kòm yon moun ki reprezante Ayiti nan yon maraton entènasyonal; li te abiye ak koulè drapo a (ble e wouj), ki senbolize «espwa ak viktwa». Rive l rive Kafou kote poua lage kòan dlo a, foul moun nan miltipliye paske, sètènman, tout moun te kirye pou wè moun sa a ki pral yon ewo. O, o, avan l touche liy

rive a, li di: «Mwen twò cho pou lage kò m nan dlo a; m a pran refwadisman.»

Mwen menm ki te Kafou ap gade sèn nan, yon moun ban m yon ti kout pye nan dèyè epi m ateri la a pou pataje istwa sa a ak ou.

«Yon bèl istwa Ti Mafi! Mèsi!» Mèt la felisite l, epi l chwazi Dyela ki te gen men l anlè.

«Mwen gen yon diskou, tit li se 'An memwa *Bataille de Vertières*'» Dyela anonse klas la.

Mesyedam, o non tout Ayisyen Ayiti, e sa yo k ap viv aletranje, mwen fyè pou m la a pou m pale de yon gran evennman ki raple m pèp mwen an, sa gen plis pase 200 ane nan istwa nou. Pou moun ki pa familye ak istwa d Ayiti, 'Bataille de Vertières' vle di anpil bagay pou mwen epi l te fèt yon sèl fwa nan istwa peyi m.

Jou 18 novanm 1803, nou te gen yon sèl bi: libere tèt nou, kase chenn esklavay, chenn ke Tousen, Desalin ak lòt ewo ayisyen t ap eseye kase depi lontan. Jodiya, mwen sonje ankò yon pawòl selèb Tousen te di lè Fransè yo te kidnape l: «Ou rache pyebwa libète moun nwa yo. L ap repouse atravè rasin li paske yo fon nan tè, epi yo anpil.»

Rasin sa yo, ke Tousen te mansyone, akouche 18 novanm 1803. Jodiya, si yo ta mande m: «Èske ou kontan? Èske ou kontan pou selebre 'Bataille de Vertières?' Èske ou kontan ak glwa Ayisyen gen nan istwa? Èske ou kontan ak tit yo bay Ayiti kòm 'Premye Repiblik Nwa' endepandan nan lemonn?'.» Repons mwen ta «wi» e «non». Mwen di 'wi' lè m sonje ewo ayisyen sa yo ki te pre pou sakrifye tèt yo pou libere pèp mwen ak peyi m, 'wi' lè m sonje

Desalin ki te di «Nou dwe viv lib oubyen nou mouri.» 'Wi', lè mwen sonje dènye pawòl Tousen yo lè l t ap kite tè natal li pou yo t al anprizone l 'Fort-De-joux' nan Montay Jura an Frans. Nan lòt volè a, 'non' paske nou menm Ayisyen, nou gen yon chemen long pou n pakouri. Apre plis pase desan ane kòm nasyon, nou te sipoze egzanp nasyon k ap ede lòt. Nou pa t sipoze gen grangou nan peyi n; nou pa t sipoze gen ti Ayisyen k ap mande, dòmi nan lari; nou pa t sipoze gen yon to analfabèt 85 pou san; swen medikal ki pòv ak anpil lòt pwoblèm. Nou te sipoze gen lekòl gratis pou tout Ayisyen. Nou pa t sipoze gen Ayisyen k ap touye frè ak sè yo san rezon. Ayiti jodiya pa Ayiti 1803. Mwen wè l plis kòm yon nasyon ki divize kote klas k ap gouvène a met pye sou kou rès popilasyon an. Yon peyi ki gen yon ame k ap touye pwòp pèp li jis paske l vle pran gou demokrasi.

Jodiya, mwen pa ka fyè de peyi m lè m wè sa frè m yo fè 30 septanm. Mwen pa ka fyè lè prèske dimil Ayisyen pèdi lavi yo nan mwens pase dezan paske yo te vote yon kandida yo te chwazi. Mwen pa ka fyè lè m konnen lame, atache ak zenglendo ap pèsekite pèp mwen an. Mwen pa ka fyè lè m wè y ap riske vi yo nan gwo lanmè pou eseye rive Miyami ak lòt kote nan Karayib la. Mwen pa ka fyè lè reken yo ap selebre paske pèp mwen an ap kite peyi l. Mwen pa ka fyè fason yo trete yo Gwanntanamo. Mwen pa kontan fason yo trete yo aletranje. Mwen pa kontan fason laprès etranje montre nou, chwazi nou kòm bouk emisè nan plizyè sikonstans. Nou menm Ayisyen, nou sot lwen, e nou gen yon chemen long pou n pakouri toujou. Si Tousen, Desalin, Kapwa Lamò, Chalmay Peral te vivan jodiya, mwen pa panse yo t ap fyè nonplis de Ayiti jodiya. Nou gen pou n travay di; nou bezwen

edike; nou bezwen lite pou yon Dezyèm Endepandans, lite pou repran fyète nou nan istwa. Mèsi!

«Trè byen Dyela pou bèl diskou sa a!» Mèt Aselòm felisite l.

Men Frero leve lontan; li ret tann ak pasyans pou yo chwazi l.

«Ou pre pou yon bagay?» Mèt la mande.

«Wi, mèt!» Mwen vle fè yon ti pale sou istwa pre-kolonbyen. Tit atik mwen an rele 'Yon koudèy sou Sivilizasyon Endyen Ayisyen',»* Frero anonse.

Si nou trase orijin Endyen Ayisyen yo, selon tradisyon natifnatal yo, n ap jwenn il d Ayiti te peple pa Endyen ki sot Laflorid e nan zòn Yucatan, e pa de gwo gwoup ki te sot Amerikdisid.

Istoryen toujou chwazi konsantre sou de gwo tribi natifnatal: Arawak ak Karayib. Arawak yo te rele tou 'Arahuacos'. Nan lang Marcorix, ki te yon lang anpil moun te pale alepòk; mo 'Arawak' la siyifi: manjèd farin manyòk. Zansèt Arawak yo, 'Galibis', te abite rejyon kouwè Giyàn ak Amazòn. Arawak, Kaketios, Lucayos, ak Tainos – tout se desandan Galibis ki te imigre nan gran Zantiy ak ti Zantiy yo.

Literati nasyonal la, ki konpoze ak pwezi e tradisyon oral, rele «Areyto», fòm ki pi popilè a. Sanba ak twoubadou il la chante jwa ak tristès yo. Yo chante bote fanm yo, bravou chèf yo, pouvwa dye yo, e lagè.

Itilizasyon tip literati sa yo kòm mwayen kominikasyon yo, patikilyèman moun transmèt tradisyon sa yo de jenerasyon an

jenerasyon. «Bovites» se yon seri lejann ki enkli nan literati sa a. Pami yo, gen: «Nonum» (lalin), yon kont ki baze sou jalouzi lalin genyen kont solèy la k ap briye, e preferans li pou l klere aswè. Lòt lejann gen pou wè avèk paradi apre lanmò, kreyasyon lanmè a, kijan sèpantye travay sèks lafam, e poukisa wosiyòl yo ap chante.

Lè Kristòf Kolon debake an 1492, il la te divize an sis «kasika» oubyen «teritwa» ki gouvène pa yon chèf endyen, oubyen «kasik». Kasika yo te: Higuey, Ciguay, Marien, Xaragua, Magua ak Maguana. Karayib yo peple de premye teritwa yo. Tainos yo te rete sou teritwa Marien ak Xaragua. De dènye yo te sou kontwòl fame Caonabo, yon nonm ki te mari bèl rèn Anacaona, rèn Xaragua. Byenke Espayòl yo te detwi Endyen Ayisyen yo, tras sivilizasyon yo rete nan istwa ak literati peyi a.

«Ekselan! Frero prezante yon bèl moso istwa pre-kolonbyen. Klas la pre kounyeya pou tande komedyen Chal.» Mèt la anonse.

«Mwen gen yon iswa; tit la rele 'Bravo pou majistra!'» Chal anonse ak yon souri.

Vwala se te yon fèt patwonal yo t ap selebre sou waf Okay la. Donk anpil moun te reyini pou selebre jou espesyal sa a. Machann fresko, machann chenjanbe, machann kola glase, machann kleren, eksetera era…, tout te la. Òganizatè fèt la fin fè diskou remèsiman l, li remèsye tout moun ki te fè selebrasyon sa a vin yon siksè. Men majistra vil la potko janm pale; misye se yon nèg timid. Ak ankonbreman foul la, moun ap pouse youn lòt pou fè plas pou ka wè pi byen moun k ap pale sou podyòm nan, gwoup mizisyen k ap jwe, eksetera. Nan pouse, pouse, yon moun pouse majistra a pa

aksidan epi l sot tonbe nan dlo a ansanm ak yon tifi ki te bò kote l. Kòm misye konn naje, donk se lizaj, li sekouri timoun nan, epi l sot deyò avè l; rad yo mouye tranp.

Je tout foul moun nan sou majistra a kounyeya, y ap gade l, y ap bat bravo pou li: «Mezanmi, gad jan nou gen yon bon majistra! Misye se yon ewo tout bon ki ta bay vi l pou pèp la». Tout jounalis gen tan rasanble kot misye ap lonje mikwo ba li, pase yo wè l anvi di yon bagay. Misye voup li pran yon mikwofòn epi l di: «Vouzan pou moun ki te pouse do m nan!» Mezanmi, pa di m ap salopete lasosyete non. Donk pandan mwen t ap gade sèn nan, yon ti bandi ban m yon koutpye nan dèyè, epi w wè m vin tonbe jis la a pou rakonte w istwa sa a.

«Yon istwa trè komik! Mèsi Chal!» Aselòm di ak yon gwo souri.

Apre istwa Chal la, klas la gen yon 10 minit pòz kote elèv yo ap revize pou yon seksyon pwezi.

«Ann pase nan seksyon pwezi kounyeya. Kilès ki vle resite avan?» Aselòm mande.

Prèske tout elèv leve men yo. Chans pou Yayàn, Mèt Aselòm chwazi l an premye.

«Oke, Yayàn te leve men l avan. Kisa w ap resite?» Mèt la mande.

«M ap resite 'Fò sa fini!'» Yayàn reponn.

Fò sa fini!

Lè m gade Ayiti, lè m gade Ayisyen,
m rele de rant dlo nan je:
Anmwe! Anmwe!
Ayisyen, Ayisyen, gade kote nou ye!
Ann sèmante pou n di fò sa fini!
Ann sèmante pou reken pa manje
frè ak sè n yo ankò!
Ann sèmante pou n pa vann yo lòtbò dlo!
Frè m ak sè m yo, kilè n ap di fò sa fini?
Kilè n ap goumen pou prestij nou?
Pou sa fini,
fò nou ini,
fò nou chase tout malfini!
Si nou ini,
yon jou sa va fini!

«Trè byen Yayàn! Nou pral tande Pòl kounyeya,» Aselòm anonse.

«M ap resite 'Dezyèm Endepandans',» Pòl mansyone.

Dezyèm Endepandans

Mwen tande yo di Ayiti libere 7 fevriye '86
Mwen bay de kout ri, kwe kwe.
Ann sispann kwè nan Tonton Nwèl!
Ann sispann bwè nan bibon!
Ann kòmanse bwè nan boutèy!
De ki endepandans w ap pale?
Mwen bay de kout ri, kwe kwe.
Ou ka pran sant yon Dezyèm Endepandans.
Se yon bèl rèv men li poko fèt.
Se yon ti bebe ki nan vant toujou
Men li poko akouche.

Ayiti ap endepandan se lè nou tout ini
Ayiti ap endepandan se lè tout chen va souse yon zo
Ayiti ap endepandan se lè tout fatra va disparèt.
Se lè tout chen va manje ak chat
Se lè lou va manje ak ti mouton
Se lè tout moun bwete va mache dwat
Se lè tout avèg va wè
Se lè dwadelòm p ap vle di dwèt moun
Se lè Ti Pouchon va di Sentaniz: 'Ann fè yon sèl
Nou tout se Ayisyen; ann pouse pou pi devan!'
Se lè sa a n va di «Dezyèm Endepandans!»

«Yon bravo pou Pòl!» Mèt la mande klas la aplodi. Epi l chwazi Charitab apre.

«Wi mèt! Mwen pre pou pa m nan; tit li se 'Rèv pou yon Manman an danje',» Charitab anonse.

Rèv pou yon manman an danje

Bonjou manmi!
Se youn nan pitit ou yo k ap salye w
Se ou menm wi m vin wè
Kòman w ye?
Hey, manman!
Se dat mwen pa wè w
Pale m de ou non sò
Sa w fè de bon?
Se ou menm sa?
Apa w defigire nèt kòmè!
Manman, se anndan kè m pou ta ye
Pou ta wè jan m t ap panse a ou.
Apa m wè w ankò, hey!
Mezanmi, Ayiti Toma m nan!

Se pa ti sezisman m te fè
Lè m te pran nouvèl kadejak
Malandren nan lame ansanm ak
politisyen kowonpi te fè sou ou.
Manmi cheri, se ak dlo nan je lè m te tande
Valè nan pitit ou yo panzouyis touye.
Mezanmi! Bon, poudi se nan vant ou
Asasen sa yo te soti manmi?
Pitit ap vyole manman!
Hey! Sa grav!
Kote sa soti, Letènèl?
Kòmè! Apa m wè w ankò!
Se pa ti sezisman m te fè
Lè m te pran nouvèl sa a kay blan yo
M pa t santi m ni atè ni anlè
Machwè m te sere tankou yon timoun ki bwè esans
Se yon grenn sèl mwen te met anba lang mwen
Ak yon ti kafe amè m kouri bwè
Domaj, m pa t ka jwenn vèvenn pou ta fè yon te pou sezisman
Se ou manmi? Apa m wè w ankò!
Se mwen k konnen jan m te anvi wè w cheri
Apre ventan m fè ap viv nan yon peyi fredi
Manmi cheri, pwoche non, pwoche m bo w!
Mezanmi! Se ou menm sa?
Pwoche non, pwoche m manyen w!
Se pitit ou wi
Ou pa bezwen pè m
Kèlkeswa jan w ye, se manman m w ap toujou ye.
Mwen pa janm pè di se ou k manman m
Kèlkeswa kote m pase
Mezanmi, manmi! Apa tout rad ou chire,
Tout kò w plen pousyè,
Fatra nan tout kwen kay ou
Manman cheri m nan, m pa ka kwè

Se nan sitiyasyon sa a ou ye?
Anmwey! Anmwey! Anmwey!
Vin ede m sekouri manman m ki an danje!
Men m wè l tonbe nan koma
Anmwey! Anmwey! Prete m yon telefòn
Pou m fè yon kout fil ijans
Prese! Prese! Pase m yon telefòn!
Pase m li! Prese!
Alo o! Alo o!
O! Apa se yon operatè etranje ki reponn
Alo o! Hello!
Pliz! Silvouplè, mwen ta renmen fè yon kout fil entènasyonal
Yès, entènasyonal!
Pase m operatè dyaspora a silvouplè!
Wi, dyaspora!
Ijans! Emèjennsi! Yès!
Mwen se pitit Sò Ayiti
Wi, pitit Sò Ayiti!
Wi, prese vit!
Di tout timoun li yo mwen te fè yon rive wè manman m
Granmoun nan byenmal
Ba yo nouvèl la
Eta sante l grav, mwen pa ka pale.
Di yo prese vit, fè kou yo konnen pou vin Ayiti
pou vin bay granmoun nan swen. Ou tande?
Wi, ba yo tout nouvèl la pou mwen!
Rete sou liy lan, poko ale.
Wi, di tout pitit Ayiti k ap viv nan dyaspora a
Pou kouri fè yon antre pa bò isit
Pou vin ede sove lavi granmoun nan.
Menm si yo pa rete lontan, di yo desann kanmèm.
Pa bliye non, ba yo mesaj la.
Alo o! Alo o!
Ekri sa m so t di w la!

Wi, ba yo tout nouvèl la pou mwen
Rele Miyami pou ba yo nouvèl la
Rele Pari, Nouyòk pou gaye l
Rele Boston tousuit pou V wa Lakay bay nouvèl la,
Rele Monreyal pou fè yo konnen.
Pa fè reta non, rele yo kounyeya
pou simaye nouvèl la.
Babay!

Aselòm remèsye Charitab, epi l anonse tou pa Rene.

«Nou pral tande Rene kounyeya,» mèt la anonse.

«Tit powèm mwen pral resite a, rele 'Ayiti pou Ayisyen'»

Ayiti pou Ayisyen

A chak fwa m ap panse a peyi m,
de rigòl dlo sot nan je m.
Se yon kote m pa ka bliye
paske se la lonbrik mwen plante.
Ayiti, Ayiti, kilè w ap lib tout bon?
Ayisyen, Ayisyen, kilè n ap met tèt ansanm?
Ann sispann di 'chen manje chen!'
Ann sispann di chak koukouy klere pou je l!
Si granpapa nou yo pa t met tèt ansanm,
Nou pa ta gen peyi sa a.
Ayisyen, Ayisyen, 'yon sèl dwèt pa manje kalalou'.
Ayisyen, Ayisyen, ann travay pou peyi nou!

Mèt Aselòm felisite Rene, epi l chwazi Ronal ki te gen men l anlè.

«Trè byen Rene! Nou pral tande Ronal kounyeya.» Aselòm anonse.

«Wi mèt! Tit powèm mwen an rele 'Epi solèy la leve Ayiti'.» Ronal di.

Epi solèy la leve Ayiti

Se nan yon rèv mwen te ye
epi m espante.
Se Kafoufèy mwen ta prale
epi lè m rive bò Simityè
mwen pa wè oken pòv k ap mande.
O o, mwen di: sa k pase?
Mwen di nan kè m, pinga Jeneral la do
voye yo an vakans nan peyi Titanyen
paske l voye deja anpil pòv an vakans pèmanan
nan peyi sa a depi kòmansman 30 septanm.
Anpil moun pa t ka di yon mo
Jeneral la te tou deja andyable,
donk, fò ou ta riske vi w pou ta pwoteste.
Te gen yon ti jenòm ki t ap pase kote m
Mwen mande l poukisa tout baryè Simityè fèmen.
«Mò yo te fè yon leve kanpe pou pwoteste», li reponn.
Pa gen plas ankò anndan an.
Bawon Sanmdi move kou kong
Li rele: «Anmwe! Anmwe!
Simityè pa ka pran mò ankò!»
Li tèlman rele fò, Lameri tande.
Lè majistra a mande sa k pase,
Yo di l se mò nan Simityè Pòtoprens lan ki an grèv.
Mwen pete yon ekla ri
Epi m di: mò yo te nan dòmi,
Poukisa yo pa t leve kanpe lè Janklod te la?
Ti jenòm nan di m yo pa t kapab,
Te chaje Lewopa ak lòt bèt sovay
Ki t ap make pa vennkat sou vennkat

bò kav Tonton an.
M mande l poukisa yon tèl simagri,
li di gen yon seri mò Tonton an
te voye nan peyi san chapo san rezon
pou evite eskonbrit pete,
Yo te oblije bay Tonton an sekirite
lè al nan peyi sa a tou.
Mwen mande l si bèt yo toujou la ap fè pòs,
li di depi 7 fevriye
Pèp la te fè yo ale.
M kontinye mache
Lè m rive Soudal, mwen pa t menm ka
Rekonèt kote m te ye.
M wè se nan yon bèl site m ye
M pa wè oken ti kay kraze,
oken pòv k ap mande charite,
oken timoun pye atè ak bokit dlo
sou tèt yo,
oken chen mouri bò lari,
oken rigòl santi.
M met de men nan machwè tèlman m sezi.
Etan la, mwen desann Premyè Avni
Mwen fè yon wout koupe Nan Palmis
M pa wè oken kochon k ap kouri
M pa wè oken pil fatra
M pa pran sant oken chen mouri
M pa pran sant oken santò.
M make twa pa
Epi m wè m ateri bò Lekòl Jan XXIII
M kontinye desann toudwa
M pa wè oken gid touris,
oken mandyan k ap di blan
«I am hungry, give me five cents please»
M kontinye toudwa ri Magazendleta

M pa wè oken ray tren
Mwen wè yon mesye ki t ap pase
Mwen di: eskize m mesye, sa k pase ray tren yo?
Kisa Asko fè ak yo?
Li di: «Tibonòm nan te vann yo avan l pati»
M met de men nan machwè tèlman m sezi.
Kòm mwen te cho, m pa t ka jwenn dlo
donk m achte yon fresko
epi m kontinye mache al Kwabosal
Lè m rive la, mwen pa wè oken labou,
Oken salte Mache Anba.
Mwen wè se yon gwo mache kouvri,
bèl bagay modèn
Mwen pa wè oken mouch k ap vole.
Mwen di: si Piram te la, kisa l ta di?*
dat l ap viv nan fredi Nouyòksiti
Jan l ta anvi wè mouch.
M pa wè oken bouretye,
oken pòtè k ap pote chay sou tèt pou lajan,
oken pòv anba galri k ap mande.
Mwen pa tande pèsòn moun k ap plenyen pou lavichè
Souri nan figi tout moun,
yo fre kou boujon yanm
Ou pa tande pèsòn ap pale de zenglendo
se kòmsi tout t al nan peyi san chapo
Men tout kote m pase, m wè brigad vijilans monte
pou ranfòse sekirite.
Mwen di, Ayiti va chanje
Ayiti va libere tout bon vre,
Eskanp figi l va kanpe,
zòt va respekte pitit Desalin,
li p ap kontinye pase yo nan tenten.
Mwen di gen espwa, solèy la va leve Ayiti.
Mwen espante, m voup mwen reveye!

Epi m wè solèy la leve.
M di: apa se nan yon rèv mwen te ye!

Mèt la remèsye Ronal, epi klas la aplodi. Jòj se lòt elèv Aselòm pral chwazi. Li ret san fè bri nan klas jodiya.

«Kisa w gen pou nou Jòj?» Aselòm mande.

«M ap resite 'Lè Ayiti te Ayiti',» Jòj reponn.

Lè Ayiti te Ayiti
*yo te rele l «La Perle des Antilles»**.*
Lè Ayiti te Ayiti,
yo te konn respekte Ayisyen.
Lè Ayiti te Ayiti,
reken yo pa t konn fete.
Lè Ayiti te Ayiti,
Ayisyen te ti prens aletranje.
Lè Ayiti te Ayiti,
zòt te konn sezi,
yo pa t konn meprize n,
yo te konn respekte n.
Lè nou ta pral lòtbò dlo,
nou pa t konn pran ti bato
pou al peri nan dlo.
Tout kote n pase, yo te konn bat bravo.
Lè Ayiti te Ayiti,
Ayiti Cheri te bèl nègès
li pa t mèg
men l te gen ti grès.
Lè Ayiti te Ayiti,
moun te konn al Bisantnè
pou al pran ti lè.
Lè Ayiti te Ayiti,
yo te konn rele n:

'Premye Pèp Nwa ki trase chemen libète,
Premye Pèp Nwa ki konjige Vèb Libere,
Premye Pèp Nwa ki pote viktwa
Nan batay pou libète,
Pèp Nwa ki bwòdè,
ki mache tèt anlè.'
Lè Ayiti te Ayiti,
Ayisyen pa t konn pati
al pran imilyasyon lòt peyi.

«Trè byen Jòj!» Mèt la felisite l.

Mèt Aselòm ap pran yon dènye powèm nan men nenpòt volontè. Sentaniz, ki toujou pre pou l patisipe nan klas, leve men l byen vit.

«Mwen mèt! Mwen!» Sentaniz siyale mèt la.

«Oke, ale non, Sentaniz!» Mèt la chwazi l.

«M ap resite 'Kandida Dan Griyen',» Sentaniz anonse.

Kandida dan griyen

Mesye kandida dan griyen frè m yo, bonjou!

Mwen jis fè yon ti parèt pou mwen salye nou.
Mwen konn nou tout se pitit Ayiti Toma
Nou konnen tou pa gen okenn manti nan sa

Kèk kesyon pou kandida dan griyen nou yo:
Nou gen kèk plan pou pèp gade sa k ladan yo?
Sa n fè deja nan sosyete a pou kwè nou?
Kisa nou fè deja pou pèp la vote nou?

Ekip kandida dan griyen n yo Ayiti,
Mesye, pran konsyans tray peyi a ap sibi!
Nou bouke ak diskou zewo fot an franse.
Kisa nou pral fè pou Ayiti avanse?

Mesye, ekip kandida dan griyen frè m yo,
Men pataje ak nou plan devlopman ou yo
Kisa n pral fè pou met agrikilti sou pye,
Kreye travay, sekirite, bay moun manje?
«Trè byen Sentaniz!» Mèt la felisite l.

Mèt Aselòm fè yon kanpe la jodiya sou aktivite kiltirèl:

«N ap kanpe la pou jodiya sou aktivite kiltirèl. Pou devwa, m ap mande pou nou medite sou kont ak powèm sa yo, ak lòt bagay nou te wè nan klas jodiya. M ap mande n ekri sa n panse de kont yo ak yon ti kritik sou sa nou te diskite sou powèm yo deja. Mwen remèsye tout moun ki te patisipe nan klas, e sa yo ki pa t gen tan patisipe nan klas la, yo t ap tande, yo t ap suiv. Se va tou pa yo lòt fwa. Babay tout moun! Fèt atansyon nan lari!»

Tout elèv ale, kite klas la. Aselòm ak Sonson soti nan klas la. Pandan y ap mache, yo rive ant Granri ak ri Senmaten; Aselòm apèsi Onèl ki apèn rive sot nan sid. Li se moun Lasalin, pa lwen ak Kapòl. Onèl se yon gwo machann chabon. Li vin Pòtoprens souvan pou regle biznis li. Kòm bagay yo p ap mache nan sid, gen yon moun ki t ap regle yon afè vwayaj pou misye al Matinik. Donk, tout bagay pre pou l pati. Dyelifèt ba l yon lèt bay Sonson, atestan l te pran nouvèl li pa Nènè.

«Tonton Sonson, rete la yon ti moman! M ap kouri rele yon moun! Misye sanble ak Onèl. Ey! Ey! Onèl! Tann mwen! Wi, *ou menm!*» Aselòm siyale l.

«Aselòm! Enkwayab! Apa se ou! Kòman nèg ye? Yo di m Sonson Pòtoprens.» Onèl di ak yon vwa etonan.

«Men wi, okontrè se ak misye m ye, epi m apèsi w, men ou pa t gen tan wè nou. Mwen fè Sonson ret tann mwen pou m al rele w. Kòman ou ye menm? Sa nèg regle anba a?» Aselòm mande.

Onèl ap kòmante sou sitiyasyon peyi a; l ap rakonte kèk istwa familye Aselòm konnen deja de kèk vòlè:

«Gason! Se yon bagay enkwayab. Peyi a fini nèt. Moun pa ka manje, peyizan pa ka travay vye rès tè yo rete, lapli pa tonbe ankò, mizè ap touye nou. Prèske nan tout bouk ou pase, ou wè yo vid. Se tankou m ta di w yon kote tan te pase; li balize tout bagay. Lòt pwoblèm nan se zenglendo yo. Se yon flewo moun pa janm wè. Lè m te jenn, mwen konnen te konn gen vòlè. Bon, tout moun konn Aleyis kòm gwo vòlè paske misye di ou se pwofesyon l. Nan tout bouk, te toujou gen yon seri vòlè anbachal tankou Elifèt, Ti Pòy ak Toto men yo pa rele mesye sa yo 'kriminèl' paske yo pa t janm touye pèsòn. Aleyis te yon vòlè ki trè ouvè; misye di w li menm li pa vòlè malere paske moun sa yo plenyen twòp, epi yo toujou ap ba w madichon. Misye konn pase nan yon jaden ak tout krèy sis timoun li yo kote l vòlè bannann, yanm ak patat. Li pase yon lòt kote, li pran yon kochon,

li pase yon kote ankò li pran yon soukri pou kwit yo. Li manje vant plen, epi l met deyò. Li konn pase kay Orilyo, li pran yon douzèn kabrit epi l pati. Aleyis di w se te yon plezi pou Orilyo di: «Ay! Gen lè Aleyis te pase nan zòn lan; gen yon douzèn kabrit ki manke». Fò ou te konn tande pale de Orilyo. Se te yon grandon, yon nonm trè rich ki te posede anpil tè ak bèt; li te rete pa lòtbò Mòn Kabrit, yon mòn ki pa tèlman lwen ak Lazil. Lòt mesye yo te trè sèviyab malgre yo konnen yo kòm chat 2 pye. Tip vòlè n ap gade kounyeya, zenglendo yo, nou pa wè ak kisa nou ta konpare yo. Yo toujou mache ak gwo zam, epi se raman pou yo pa ta nan machin. Si yo antre lakay ou, y ap vòlè tout bagay epi si yo pa pete fyèl ou, konnen se gwo chans ou ta genyen oubyen ou ta gen kèk bon lwa Ginen sou ou. Se yon epidemi moun pa janm wè.»

Onèl rive kot Sonson t ap tann Aselòm nan.

«Gason! M pa ka kwè sa! Se ou menm Sonson!» Onèl di ak sipriz.

«Onèl! Se ou menm? Kijan w ye? Mwen pa ka kwè mwen wè w ankò. Gason! Gad Onèl! Mwen di Bondye mèsi nou youn wè lòt ankò» Sonson di.

«Lè m wè ou, mwen sonje gwo sezisman moun Kapòl ak nan lòt bouk te fè lè yo wè Mèsidye antre sot Sendomeng.» Onèl kòmante.

«Pa betize! Ki Mèsidye w ap pale?» Aselòm ak Sonson mande.

«Mèsidye Lerison!» Onèl reponn.

«Mèsidye nan sid?» Aselòm mande.

«Monchè, mwen wè Mèsidye. Ay! Misye byen mèg! Figi l byen zo. Li rakonte m sa l sot pran Sendomeng ak kijan yo pimpe l tounen isit, se bagay tèrib.» Onèl ajoute.

«Konpè Onèl, mwen te konn wè Mèsidye pandan m lòtbò a. Nou vin pèdi kontak nan semèn yo t ap arete Ayisyen voye Ayiti a. Mwen t ap di kote Mèsidye do ye, si l monte ak si l desann paske gen Ayisyen ki okouran gad dominiken te dèyè yo, epi yo gen tan bwaze, y al kache lòt kote. Si yo met lapat sou ou, yo p ap ba ou dwa pran anyen; y ap nèke pimpe w tounen Ayiti.» Sonson kòmante.

«Lòt nèg ki te fè moun sezi ankò se Nènè ak Poulik lè mesye sa yo rive Kapòl. Mwen ta pral chèche fèy kokoye ak Dyelifèt ansanm ak kèk lòt zanmi ankò pou fè yon tonèl pou Deliram, epi m kwaze ak yo.» Onèl rapòte.

«Tonèl! Sa pou Deliram fè tonèl la?» Sonson mande ak tristès.

«Li te gen mòtalite nan fanmi an,» Onèl reponn.

«Mòtalite! Rozita mouri?» Sonson mande.

«Non, se yon pitit li ki te mouri, konpè Sonson.» Onèl reponn.

«Kilès ladan yo?» Sonson mande.

«Youn ki rele Sentou.» Onèl reponn.

«Podyab! Kisa l te genyen?» Aselòm mande.

Onèl kòmante sou lanmò a ak plis detay:

«Bon, konpè m anpil fwa timoun yo mouri nan bouk la gen moun k ap di se lougawou, se sesi, se sela. Monchè, anpil timoun ki mouri se mizè ki pote yo ale; grangou touye yo. Se dangoye Deliram ak Rozita ap dangoye pou bay sis timoun manje. Yo konn fè yon semèn san manje. Bon, nou va retounen sou afè lanmò a. Epi pandan n ap pote fèy kokoye yo, mwen wè yon bis ki fè Lazil rete devan kay Asèn. De nèg desann. Yo chak gen yon sache pen nan men yo. Men mwen wè yo yon ti jan etranj. M ap di nan kè m pinga nèg sa yo se zenglendo yo do ye. Men mwen pa pè paske mwen menm, Dyelifèt ak lòt nèg yo, nou chak te gen yon manchèt koulin byen long, byen file nan men nou. Epi youn ladan yo di: 'Eskize m mesye, nou apèn desann bis la; n ap chèche kay Deliram; èske w ka montre nou chemen ki al la?'. 'Ak plezi', mwen reponn mesye yo; ou konnen, mwen pa nèg ki prese. Mwen toujou ap reflechi, epi m t ap pale ak yo san krent. Mwen t ap ba yo fil pou konnen kilès yo ye ojis anka yo ta zenglendo. Kòm li te fè cho, epi m te gen yon grap kokoye nan men m, donk se lizaj, mwen mande mesye yo si yo ta vle m koupe kèk kokoye pou yo. Bon, yo twò kontan atò paske yo te fatige anpil apre vwayaj la, epi gòj yo te sèk. Donk mwen fè Amòs rete ak mwen epi m pwoche kote lòt kanmarad yo, mwen di yo pote fèy kokoye yo ale kay Deliram; di moun yo nou dèyè n ap

vini. Mwen pa vle fè Deliram sipriz kòmkwa pou m ta di mesye yo pou di l l ap gen vizitè. Mwen di Dyesèl di lòt mesye yo ke yo pa bezwen soufle Deliram l ap gen vizitè. Ou konn tèt malere a deja bwouye, konprès sou fon l, epi se ti rès tè l te genyen an li pral vann pou peye frè antèman pitit la. Mwen pa vle yo siprann li menm; l ap gen tan wè Nènè ak Poulik kanmèm. Mwen fin koupe kokoye yo, epi mesye yo kòmanse bwè. Mwen mande yo kibò yo moun. Toude di yo se moun Kapòl. Mwen ak Dyelifèt, nou youn gade lòt, kòmkwa si yo se moun nan bouk la kòman fè yo pa konn kay Deliram. Men yo wè nou yon ti jan pa vle kwè yo. Youn ladan yo di: 'Nou kite bouk la lontan. Se Sendomeng nou te ale nan koupe kann, epi yo voye n tounen Ayiti'. Mwen mande yo si yo konnen yon sèten Mèsidye, nèg Kapòl. Yo mande m si se pa Mèsidye Lerison; konpè Dyelifèt gade m ankò yon fason tèlkòm mesye yo pa zenglendo. Mwen di wi, se vrè non misye. La tou, mwen mande mesye yo non yo. Youn di l rele Poulik; lòt la di l rele Nènè. Mwen mande si se pa Poulik Lerestan; 'Se li menm,' li reponn. Monchè nou toulèkat makònen ansanm, len leve lòt anlè tèlman nou kontan, tèlman nou sezi. Ay! Nèg yo sezi lè m di yo Mèsidye antre sot Sendomeng de men vid; yo pimpe misye tounen Ayiti. Yo te gen pen nan sache yo, chak ban nou yon pen long. Apre n fin pale, nou mache al kay Deliram.»

«Konpè Onèl, ou fè m sezi! Mwen pa ka kwè sa! Ou wè Mèsidye?» Sonson mande ak sipriz.

Onèl bay detay sou Mèsidye e detay sou kèk moun nan zòn lan.

«Mèsidye te nan veye a samdi swa. Bon, Nènè ak Poulik rive ansanm ak lanmò a. Lè m di ou sa a, malgre moun yo t ap kriye, yo te yon ti jan kontan an menm tan lè tout moun te wè Mèsidye, Nènè ak Poulik. Anpil moun te soti nan lòt bouk kouwè Bèlvi, Sannayi, Tounad, Lasalin, Moriso, Kakanm, Bèlè, eksetera... Ou konnen konpè Deliram se yon nonm nan bouk la anpil moun konnen. Se yon nèg ki pa janm fatige lè pou rann moun sèvis. Malgre bagay yo p ap mache byen se vre, men lè Deliram ak Rozita te wè tout moun sa yo pa bliye yo, se kòmsi m ta di w yo santi yon gwo fòs ki kenbe yo. Epitou prezans mesye ki sot Sendomeng yo vin ba yo plis konsolasyon. Kòman w ap degaje w isit, Aselòm?»

«Bon, se tout kote nan peyi a bagay yo p ap mache byen. Mwen sot pase nan egzamen bakaloreya. Mèsi Bondye m pase, men pa gen anyen serye m ap fè. Tanzantan m anseye, men se pa nan yon vrè lekòl; konsa, lè paran timoun yo kapab, yo lage yon ti kraze nan men m. Anpil ladan yo rete nan vwazinay la, pa tèlman lwen ak mwen. Ann al nan ti ba a, n a pran yon bagay, konpè Onèl!» Aselòm envite yo.

Toulètwa ale nan yon ti ba ki rele «Rafrechisman sou Pòtay» pou pran yon bagay.

«Bonjou matmwazèl! Silvouplè, bere twa pen pou mwen. M ap pran twa kola tou.» Aselòm mande dam k ap travay nan ba a.

«Ki kola ou vle mesye?» Dam nan mande Aselòm.

Aselòm mande dam nan pou tann li kèk segonn, pandan misye mache al mande mesye yo kisa yo vle bwè:

«Tann yon moman matmwazèl! Sonson, ki kola w ap pran?»

«Pran yon limèt pou mwen.» Sonson reponn.

«E ou Onèl?» Aselòm mande.

«Mwen pa gen pwoblèm; sa w ap pran an, se li m ap pran tou.» Onèl reponn.

«Oke matmwazèl, pote yon limèt ak de banana pou nou silvouplè.» Aselòm finalman deside.

«Oke mesye, m ap vin sou ou talè.» Dam nan al pran yo.

Mesye yo chita pi rilaks, epi yo kontinye ap pale. Onèl fè yon ti kòmante sou jan bagay yo ye nan sid:

«Bagay yo tèlman pa bon nan sid, se sanble mwen jis ap sanble ti kòb pou voye kò m Matinik. Chans pou mwen, moun ki t ap regle vwayaj la pou mwen di m tout bagay anfòm kounyeya. Mèsi Bondye, mwen jwenn yon viza pou al Matinik! Se rezon sa a ki fè m antre Pòtoprens. Lè bagay yo pa t pi mal, mwen te konn antre souvan pou m te an kontak ak pratik mwen yo, pou te touche nan men yo. Ou konnen se an gwo yo konn pran chabon an nan men m, epi nou pale sou peyman an. Kounyeya, menm bwa pa gen nan sid pou moun fè chabon. Se tankou m ta

di ou se nan yon dezè w ap mache men ou jwenn kèk moun ak bèt ki vivan toujou. Bon, pale m de ou non Sonson.»

Sonson ap kòmante kijan l kite Sendomeng.

«Onèl, monchè, gen yon seri bagay ki rive yon moun oubyen yon seri pwoblèm ki prezante, epi ou wè ou pa viktim, monchè se bagay enkwayab. Se kòmsi m ta di w se nan yon rèv ou ye, ou wè yon malè ki pral rive w; ou espante nan dòmi an; je w vin klè epi malè sa a pa gen tan rive w. Monchè, mwen annik pran nouvèl y ap ranmase Ayisyen pou voye Ayiti; mwen te gen yon zanmi dominiken ki rele Pedro. Mwen prese kontakte misye. Li gen yon ti bis li fè biznis. Chans pou mwen, m jwenn li. Mwen kite tout afè m dèyè. Mwen pa t vle pou zotobre dominiken ta yon ti jan sispèk mwen pou yo pa estope machin Pedro a pou fouye l. Misye kondi rive toupre Dajabon, bò fwontyè a. Etan la, mwen chape poul mwen al Wanament, epi m pran machin lage m Pòtoprens. Bon, m te konn adrès Aselòm deja, toupre Pòtay Senjozèf. Mwen mache al lakay li.»

Aselòm sou pwen pou al nan yon reyinyon.

«Bon, kòm mwen gen yon reyinyon pou m ale, monchè Onèl m ap kite w ak tonton Sonson. Ann fè yon deplase, w a ret pale lakay ak li.» Aselòm ajoute.

Yo kite ti ba a. Aselòm lage yo devan kay li, epi l ale nan reyinyon an. Sonson ak Onèl antre nan kay la.

CHAPIT NÈF

Sonson ak Onèl nan kay la ap pale. Aselòm al nan yon reyinyon.

«Konpè Onèl, kay se pou ou. Mete w alèz!» Sonson di ak yon souri.

«Pa gen pwoblèm, konpè Sonson!» Onèl reponn nan yon vwa rilaks.

Sonson ap bay Onèl detay sou sa l obsève Pòtoprens lè l vin sot Sendomeng:

«Monchè Onèl, lè m di ou kòman m anvi wè moun yo, fò se nan kè m pou ta ye pou konprann mwen. Bon, kòm mwen di w, chans pou mwen, m te gen tan pran ti kòb mwen epi m kite Sendomeng. Lè m rive isit, mwen wè kòman bagay yo ye nan peyi a, konpare ak jan yo te ye avan m te kite Ayiti. Gason! Se bagay ki fè dlo sot nan je. Lotrejou, mwen te fè yon ti soti al jwe kèk boul nan yon ti bank bòlèt toupre a, epi m jwenn ak kèk nèg Okay ki t ap rakonte m kòman bagay yo pa bon nan sid. Mwen panse sou sa, epi m vin reyalize pa gen anyen mwen pral fè Kapòl. Mwen ta achte ti tè ak ti kòb mwen genyen an, men tè pa bay ankò; lapli pa tonbe; peyizan pa gen oken mwayen pou wouze yo. Aselòm p ap fè anyen serye Pòtoprens; se ti leson patikilye l ap bay timoun. Li fin fè klas segondè l men se tankou yon machin ki gen tout bon pyès ladan epi chofè a pran pàn gaz. Pa gen oken

kote machin sa a ka ale si chofè a pa gen lajan pou l achte gaz. Donk, yon nèg gen dwa filozòf isit, li konn li ak ekri, li konn pale franse men si l pa gen yon parenn oubyen lamama, monchè l ap pran nan twa wa. Ou konnen Aselòm se yon nèg sensè misye ye. Se yon nèg tout moun nan vwazinaj la respekte paske l fè respè l. Se pa yon jenn gason ki nan magouy oubyen ki renmen magouy. Nan ka sa a, l ap soufri ak onè. Se yon nèg tout timoun ap pale de byen de li tèlman l montre byen, epi l sousye de yo pou vin bon lidè demen. Alò lè w ap gade yon seri filozòf tankou misye ki prepare, nèg save ki renmen pèp, bon misye pa rayi boujwa men l rayi magouy kèk nan yo ap fè. Se yon nonm ki te dwe rete nan peyi a pou fè edikasyon lòt jenn moun, travay ak yo, epi w wè l ap oblije kite peyi a pou al dèyè lavi miyò. Se pa renmen li ta reyèlman renmen pati al lòt peyi men nèg la jenn gason; li gen yon avni. Donk, se nan sitiyasyon sa a nou ye nan peyi a: pifò peyizan ap fin kite peyi a, bon nèg save ap pati tanzantan, moun ap mouri grangou, pri tout bagay monte bwa, epi magouyè rete dèyè ap pyafe nan peyi a; y ap fè krim ak magouy chak jou. Fò Ayiti soti nan pwoblèm li ye kounyeya yon lè! Yon seri moun santi bon ki pou ta rete nan peyi a, yo oblije pati, epi bandi ki p ap regle anyen serye pou pèp la se yo ki nan peyi a k ap fè e defè. Tèlman gen espyon zenglendo tout kote nan Pòtoprens, ou pa ka pale ak nenpòtreki paske *lè mayengwen ap vole ou pa konn mal ak femèl*. Donk, gen bagay se andedan kay sèlman ou ka pale yo. Yon nonm pa ka di sa l pa bezwen nan lari paske atoufè sa yo ka disparèt li avan krache sèk si l touche pwen sansib yo.»

«Sonson monchè, se konsa bagay yo ye? Ou se yon nèg Bondye renmen si w wè ou vivan toujou. Monchè, malgre jan bagay yo ye nan sid, peyizan gen espwa ke bagay yo ka chanje yon jou. Monchè, Mèsidye te sezi lè l pran nouvèl ou Pòtoprens. Se mwen ki te li lèt la pou Dyelifèt. Li voye yon lèt pou ou tou; men li.» Onèl lonje lèt la ba li.

«Oke, tou li l pou mwen, konpè m.» Sonson mande.

«Oke, te m ouvè l.» Onèl di.

Sonson monchè,

Mwen pa ka esplike w kòman m te kontan lè m te pran nouvèl ou. Malgre tout ane ou fè Sendomeng, mwen wè ou pa bliye m. Sa ban m anpil kouraj malgre jan bagay yo ye kounyeya. Anpil moun ou te konnen fin kite Kapòl ak lòt bouk yo. Se pa fòt yo men mizè nan kò yo; donk, yo oblije met deyò pou wè dekiprevyen chans yo. Monchè, lè ou rakonte m tout peripesi ou sot pase Sendomeng, se te ak dlo nan je mwen t ap panse a ou. Mèsidye antre de men vid sot Sendomeng. Tout moun te etone lè l rakonte yo sa l sot pran la. Se te yon sipriz pou tout moun lè yo te wè Nènè ak Poulik. Anpil moun te gen tan dekonèt yo. Nou di Bondye mèsi yo antre sennesòf. Mwen swete bagay yo mache byen pou ou konsènan afè vwayaj la. Di Aselòm kenbe la, pinga l dekouraje. Bondye ka ouvè yon pòt pou li paske nanpwen priyè ki pa gen amèn. Mwen p ap kenbe ou anpil, Onèl va di ou kòman nan sid ye. Bon kouraj! Mwen pa konn kilè n a wè. Salye Aselòm pou mwen.

Konpè ou, Dyelifèt.

«Monchè, mwen kontan Dyelifèt te jwenn lèt mwen voye ba li a. Pale m de lòt moun yo non. Kòman Asefi, Beniswa, Tonton Pyè ak Kenòl ye?» Sonson mande.

Onèl ap kòmante sou sitiyasyon an Kapòl:

«Bon, Asefi la toujou. Prèske tout chen l yo fin mouri. Ou sonje jan l te gen yon seri gwo chen, chen ki mòde fasil, chen ki trè mechan. Menm chen yon nonm pa ka posede kounyeya paske l pa ka jwenn anyen pou l manje alevwa pou l ta jwenn pou chen. Donk, ou oblije al dòmi chak swa ak yon manchèt file anba zòrye w pou sizanka zenglendo. Lè chen yo te la, ou te an sekirite. Yo te konn chase vòlè lè yo pase. Beniswa te nan veye a. Li t ap di kijan l kontan pran nouvèl ou lè Dyelifèt di l ou Pòtoprens. Tonton Pyè menm, m pa bezwen pale de misye paske l nan 'lye verite' a. Monchè, se granmoun anpil moun te renmen wè. Si timoun Kapòl ak nan lòt bouk toupre a ta di w yo pa konn Tonton Pyè, ou ta mèt devine se jwe y ap jwe. Malgre li te gen bon ti laj, se yon nèg ki pa t janm malad, e yon granmoun ki te trè enganm men l rive nan yon pwen kote l pa ka jwenn manje ankò; donk, mwen kapab di mizè touye l. Kenòl menm, zenglendo touye l yon semèn avan Mèsidye antre sot Sendomeng.»

Nouvèl lanmò Kenòl, lòt krim zenglendo fè, ak lanmò Tonton Pyè fè Sonson sezi:

«Kisa w di m? Zenglendo touye Kenòl! O, Letènèl! Yon Kenòl ki pa t janm nan anyen ak moun. Tonton Pyè

mouri! Se mwen ki konnen kòman m sonje granmoun sa a. Mwen t ap pale de li ak Aselòm lotrejou. Mwen t al fè yon chita nan klas li pou dezannwiye m. Lè m ap gade elèv Aselòm yo, mwen t ap di misye kòman m sonje tonton an; se kòmsi m ta di w lè mwen menm, ou menm, Dyelifèt, Deliram, Mèsidye e tandòt ankò te konn reyini lakay li pou vin tande istwa. Mwen pa t gen chans pase lekòl men gen anpil bagay mwen te aprann nan men Tonton Pyè. Lè m rive nan klas Aselòm lotrejou, li t ap fè istwa d Ayiti ak timoun yo. Monchè, anpil bagay Aselòm anseye timoun yo, Tonton Pyè te konn pale de yo. Si tonton sa a te yon nèg save, yon nèg ki te fè klas menm jan ak Aselòm, granmoun sa a t ap twòp kòm filozòf. Donk, sa vin pouse m plis pou kòmanse aprann li ak ekri. Aselòm kòmanse travay ak mwen; li ban m ti leson patikilye. Ou wè tout sa misye gen tan ekri sou tablo a pou mwen?»

Onèl felisite Sonson dèske l ap eseye pran leson patikilye nan men neve l, Aselòm, pou l aprann li ak ekri epi l kòmante sou sa Aselòm ekri sou tablo a ki fè pati vrè istwa d Ayiti, bagay ki fè pati reyalite ayisyen, bagay yo pa anseye nan lekòl.

«Ay! Ou pa nan dòmi Sonson! Konpliman monchè! Kontinye travay byen konsa! Se pa de bagay mwen wè ki ekri la a non! Tout sa l ekri yo se reyalite. Lè m te lekòl, yo pa t montre m bagay reyèl sa yo. Se vrè istwa d Ayiti Aselòm ekri sou tablo a. Yo komik, men an menm tan reyèl. Tip istwa d Ayiti yo anseye m lè m te lekòl, gen kèk bagay ladan yo ki vrè. Mwen kapab di istwa sou

natifnatal ayisyen, alò Endyen yo, ki te nan peyi a avan Kristòf Kolon debake, tout nèg ayisyen soti Afrik, Fransè yo te toujou nan tire pye ak Espayòl yo; Trete Riswik divize *Hispaniola** epi 1 bay nesans a 2 diferan koloni (youn sou kontwòl Lafrans, lòt la sou kontwòl Espay); Tousen ak Desalin te lite pou retire nèg nan esklavay; Chalmay Peral te goumen ak Tonton Sam. Apre sa, yo di w yon ti kaka chat sou chèfdeta ayisyen yo: Bwaye fè vennsenkan sou pouvwa; li te yon vandèdpeyi. Yo kontinye jis yo rive sou Papa Dòk, epi yo di w Tonton an te touye pyan pou peyizan; li te yon bon papa, epi sa fini. Istwa pa sèlman bagay ki pase deja nan tan pase men tou, sa k pase chak jou, sa ou viv. Donk, gen anpil bagay ki fèt Ayiti pandan trantan sechrès la ke yo pa anseye ou lekòl; yo pa ekri yo nonplis nan liv. Se pa nèg save ki manke pou ekri yo. Genyen ki okouran de yo men ki benefisye de yo; donk, pwovèb la di: *lè w sou do bèf la, ou pa pale l mal.* Yon mo enpòtan mwen wè Aselòm ekri sou tablo a pou defini mesye sa yo se «entelektyèl komokyèl». Gen kèk moun save tou ki konsyan de anpil bagay, e ki pataje yo ak pèp la. Anpil fwa m ap egzaminen lè m te lekòl, mwen wè m te yon sòt jakorepèt: tout kaka chat mèt la di, mwen repete l, menm si m pa t konprann siyifikasyon yo. Anpil fwa, yo pa anseye ou sa yo te dwe anseye w, bagay ki reyèl. Mèt la di w: «Solèy la leve alès, epi l kouche alwès»; ou jis repete dèyè l, men ou pa ka mande l: kot zòrye ak kabann solèy la? Si w ta mande l sa, li ta di ou timoun pa replike ak granmoun. Tandike solèy la pa janm fè yon pa kita, yon pa nago men se latè k ap vire anfas li. Fason yo anseye w

la soudevlope mantalite w, espesyalman si moun nan mezire sa l ap montre w la. Se tip ansèyman sa a nou genyen Ayiti, men gen kèk moun save ki konsyan, e ki vle montre w yon reyalite menm si yo riske vi yo pou fè sa. Aselòm se youn nan egzanp nèg save ki riske vi l pou l montre pèp la yon reyalite. Lè m ap gade mo *kominis* lan misye ekri sou tablo a, mwen sonje lè m te timoun m pral lekòl; yo te toujou montre m ke tout bagay ki pa bon asosye ak kominis: kominis pa kwè nan Bondye, kominis renmen fè lagè, kominis pral pran byen w, kominis pral pran tè w, ak yon dal lòt tentennad. Chak moun dwe lib pou panse jan l vle, men pa fòse yon lòt panse tankou w. *Kominis* an reyalite, se pa yon moun li ye, men yon seri ide ki ka nan avantay pèp la, ide kòman gouvènman ta dwe distribiye byen pou tout moun souse yon zo, kòman li ta bon pou tout moun chita bò tab la ap manje olye se kèk grenn ki ta bò tab la, epi rès la anba tab la. Si kominis te reyèlman yon moun, enben moun save ki li Labib ta di Jezikri te pi gwo kominis sou latè paske l te senpatize ak pòv yo. Sa pa vle di pou otan li rayi moun rich nonplis. Li pa t rayi Zache; li pa t rayi Laza. Malgre jan mizè a ye la a nan peyi a, gen kote nan Pòtoprens manje an gaspiyay. Lè n ap gade abi y ap fè peyizan nan tout bouk, lè yo ouvè bouch yo pou di se twòp atò, yo di se kominis yo ye. Se konsa yo elimine anpil ladan yo deja sou pretèks yo se kominis. Donk, yon moun ka konn li ak ekri men fò l al pi lwen pou konprann reyalite bagay yo, fò l pa egoyis nonpli, fò l ta pataje sa l konnen ak sa yo ki pa konnen. N ap viv nan yon sosyete ki chaje ak koripsyon; se tankou yon kabann ki chaje ak pinèz. Anpil

ta renmen bagay yo rete jan yo ye a, epi y ap byen mennen pandan lòt ap mouri grangou; y ap pèsekite yo, y ap pati al aletranje, e sa k pi rèd la sèke gen yon dal moun ki pase lekòl epi ki aji konsa, men se pa peyizan. Nan enpas Ayiti ye kounyeya, se pa peyizan pou yo blame; yo pa ka li, yo pa ka ekri, yo pa ka fè yon diskou blòf an fransè. Peyizan an se yon inosan li ye. Li tankou yon timoun piti, kèlkeswa sa ou ba li, l ap mete l nan bouch li.»

CHAPIT DIS

Aselòm retounen sot nan reyinyon an. Li pral pran nouvèl gwo travay Mèsidye ap fè pou ede peyizan nan plizyè zòn.

Aselòm retounen. Pandan l pa t la, tonton l, Sonson, t ap pale de tout bagay ak Onèl. Onèl t ap di l kijan bagay yo ye nan sid. Nouvèl lanmò Kenòl ak lanmò Tonton Pyè pral de nouvèl trè chokan pou Aselòm. Li pral aprann anpil de sitiyasyon an nan sid, apwopo nouvo travay Mèsidye, enkli òganize peyizan nan diferan zòn pou jwenn yon solisyon nan pwoblèm sechrès la.

«Mwen tande yon frape nan pòt la. Gen lè se Aselòm, konpè Onèl. Te m al gade,» Sonson di.

Sonson salye Aselòm, toudabò, pandan l ouvè pòt la. Aselòm antre, li salye Onèl epi l chita.

«Monchè, mwen fè bon pale ak Sonson.» Onèl di.

Sonson ap rakonte Aselòm sa Onèl rapòte pandan Aselòm pa t la:

«Mwen t ap di Onèl kòman bagay yo ye nan Pòtoprens, kòman moun sou tansyon ak espyon zenglendo. Ou pa jis pale ak moun konsa konsa nan lari paske yo ka disparèt ou. Dyelifèt ekri m. Onèl fèk sot li lèt la pou mwen. Li jwenn lèt mwen te voye ba li a. Onèl di m Tonton Pyè ak Kenòl mouri. Se yon grenn sèl mwen sot

pran ak yon ti kafe amè lè misye di m sa.» Sonson di Aselòm.

«Kisa? Tonton Pyè mouri? Kenòl mouri? Kisa yo te genyen?» Aselòm mande ak tristès.

«Monchè Aselòm, ou konnen tonton an te antre nan laj. Pa gen manti nan sa, men li te toujou an sante an menm tan. Bon, pa gen manje anba nan sid; donk, granmoun nan pa kapab kenbe ankò. Kenòl menm, se tout moun ki te anbranl lè yo pran nouvèl zenglendo touye misye. Yo touye l yon semèn avan Mèsidye antre sot Sendomeng. Se youn nan nouvèl ki te reyèlman fè Mèsidye fè sezisman. Li fè yon semèn ak konprès sou fon l.» Onèl esplike.

Nouvèl lanmò Kenòl fè Aselòm tresayi:

«Podyab Kenòl! Zenglendo touye l! Jan Kenòl te yon bon vye malere; se yon nèg ki pa t janm nan kont ak pèsòn. Yo pa gen oken soupson de kriminèl ki touye misye a?»

«Bon, se yon bagay difisil pou konnen kijan zenglendo sa yo opere si ou pa fè pati gang yo. Anpil moun te konn Kenòl; anpil te konn prete lajan nan men l pou fè komès. Se nan men l Mèsidye te prete yon ti kòb lè l ta pral Sendomeng. Se chak jou Mèsidye ap repete sa, epi w konnen, se kouzen yo te ye. Monchè, bagay yo tèrib nan peyi a!» Onèl ajoute.

«Kijan Mèsidye, Nènè ak Poulik ap degaje yo nan sid?» Aselòm mande.

Onèl bay detay sou travay Mèsidye apre l retounen sot Sendomeng, e sa l ap fè pou ede peyizan lokal yo:

«Bon, Mèsidye se nèg ki gen anpil ladrès. Rive l rive Kapòl, li gade jan zòn nan ye epi l vizite lòt zòn yo tou. Li pale ak anpil peyizan nan plizyè zòn epi l òganize reyinyon ak yo. Se yon nèg ki gen bèl ide nan tèt li, bagay li wè Sendomeng ke l ta renmen wè Ayiti tou. Li di nan chak zòn peyizan yo ap bezwen yon ponp dlo. Donk, misye fè peyizan nan chak zòn kòmanse sanble kòb pou achte yon pomp dlo. Li fè peyizan yo chwazi yon moun serye kòm sekretè pou kenbe kòb la. Sekretè a sipoze bay yon rapò nan chak reyinyon. Li t ap pale sou sa nan veye a ak Nènè, Poulik kijan pou ede peyizan òganize yo. Lòt semèn, li pral fè yon reyinyon. Moun ap soti nan zòn kouwè Kapòl, Bèlvi, Kagoudèt, Tounad, Lasalin, Moriso, Kakanm ak Bèlè. Chak sekretè ki reprezante andwa sa yo va gen pou bay rapò sou kòman aktivite yo ap mache. L ap tou pwofite okazyon an pou l prezante peyizan yo Nènè ak Poulik kòm moun k ap travay ansanm ak li pou ede moun nan tout zòn sa yo. Mèsidye di tou l ap eseye kenbe kontak ak moun ki te kite zòn sa yo lontan, epi k ap viv nan dyaspora a. Se yon bèl ide pou kenbe kontak ak yo pou ka voye kontribisyon pa yo ak tout sipò posib pou ede pwojè a. Tout peyizan kontan pwojè sa a ki pral tanmen. Donk, rive m rive Matinik, depi Bondye fè m

jwenn yon travay, m ap kòmanse voye kontribisyon pa m.»

Aselòm kontan anpil pou bèl ide sa yo Mèsidye genyen paske rèv pwofesè lekòl sa a pou demen plòtonnen nan konbit tèt ansanm. L ap chante ak fyète e kontantman "Rèv mwen pou demen":

Rèv mwen pou demen

Douvanjou n se rèv demen
ki dwe plòtonnen nan konbit tèt ansanm
Mizè ayè n va sèvi fèy papye istwa
pou korije devwa demen
Nawè n va sèvi plim ak lank
pou kouche sou papye
zègrè n nan manje ayè
pou jenerasyon k tou piti
ak sa k gen pou wè premye solèy lavi
apre bonnèt ventyèm syèk chavire
N a kontinye met angrè ak fimye
nan pepinyè Ginen yo
pou kontinye bay bon rekòt
N a sekle raje zigzani, ògèy ak egoyis
nan jaden nou
pou n simen plan lanmou
dekwa pou rebwaze Ayiti ak bèl flè peyi.

Aselòm felisite Mèsidye pou tip travay l ap fè a. Li wè Mèsidye kòm yon gran lidè pandan l ap kritike yon dal nèg save ki kowonpi, ki pa eseye ede pèp la, e ki distanse yo de li. L ap kritike sosyete ayisyen an, youn ki chaje ak moun egoyis ki sousye de tèt yo sèlman. E sa ki pi dwòl sèke se moun ki pase lekòl, diferan de pòv peyizan k ap eseye ede youn lòt.

«Se jan de moun konsa nou bezwen nan peyi a, moun k ap ede peyizan, k ap ede pòv ak moun k ap pote chanjman nan tout nivo pou byennèt Ayiti. Lè w ap gade yon moun tankou Mèsidye ki gen bèl ide sa yo nan tèt li, epi pou w ap gade yon seri nèg save ki pou ta ede pèp la epi ou wè se magouy y ap fè pito; ou santi kè w ap rache. Donk, se yon seri ewo kouwè Mèsidye nou bezwen nan tout rakwen peyi a, nan tout zòn pou konbat sechrès la. Yon moun ka ede peyi l tout jan, osilontan li gen posiblite ak volonte pou fè sa. Mwen menm, Aselòm, se ak pitit pèp la m ap travay; mwen anseye yo tanzantan; mwen anseye yo reyalite peyi a. Mwen aprann yo panse, devlope konsyans, e kijan pou devlope panse kritik. Pou Ayiti devlope, se tout Ayisyen ki dwe travay ansanm: moun andeyò ak moun lavil, moun ki poko pase lekòl ak moun save, jèn ak adil, fanm ak gason, moun ki pratike yon metye, moun ki gen yon pwofesyon kèlkonk, anfen tout moun ki ta renmen wè yon lòt Ayiti. Lòt bagay enpòtan ki bezwen chanje nan peyi a se «mantalite Ayisyen». Soudevlopman Ayiti gen pou wè ak yon mantalite blòf, diktatoryal, egoyis, esplwatatè, kolonyal, parese ki pa ka pwodui, restavèk, tann blan vin fè. Donk Ayisyen an bezwen aprann panse lòt jan, tout yon «nouvo lekòl panse» ki dwe pran nesans. Li dwe kòmanse panse a frè l, sè l, fason pou ede peyi l jan l kapab ak fyète, oubyen sa chak moun ka kontribye nan devlopman Ayiti pou benefis tout Ayisyen. Mwen diskite bagay sa yo ak tonton Sonson deja. N ap viv nan yon sosyete ki chaje ak moun egoyis, e sa k pi rèd la se moun ki pase lekòl ki aji plis konsa pi souvan paske pifò

peyizan toujou eseye travay ansanm, oubyen nan konbit kote youn ede lòt. Donk, gwo chanjman an, fò l kòmanse fèt depi nan tèt rive nan pye. Lè moun sa yo k ap gouvène va di: «ann sonje rès pèp la; li anba tab la toujou, ann sispann abize l, ann travay ansanm pou chanje figi Ayiti, ann panse yon lòt jan pou ede peyi a», lè sa a tout moun va kòmanse pran sant yon bon Ayiti, yon Ayiti tout Ayisyen ka santi yo fyè de li.»

(fen)

Kesyon & Konpreyansyon

Questions & Understanding

Chapit I	Chapter I
1. Kijan Kapòl te ye nan tan lontan (avan sechrès la)?	1. How was Kapòl in the past (before the drought?)
2. Ki pwoblèm Kapòl ap konfwonte aktyèlman?	2. What are the problems that Kapòl is facing now?
3. Kilès Deliram ye?	3. Who is Deliram?
4. Kilès Dyelifèt ye?	4. Who is Dyelifèt?
5. Kisa sa vle di lè yon moun di *trip li ap kòde*?	5. What does it mean, when someone says *trip li ap kòde*?
6. Kisa *fe mikalaw* vle di?	6. What does *fè mikalaw* mean?
7. Nan ki peyi peyizan Kapòl yo prale? Poukisa?	7. To what country are the peasants of Kapòl going? Why?
8. Ki tip travay y al fè nan peyi sa a?	8. What type of work are they going to do in that country?
9. Konbyen pitit Deliram genyen? Site kèk ladan yo.	9. How many children does Deliram have? Name some of them.
10. Kilès Rozita ye?	10. Who is Rozita?
11. Ki tip fanm Rozita ye?	11. What type of woman is Rozita?
12. Poukisa Deliram pa vle kite Ayiti pou l ale aletranje?	12. Why doesn't Deliram want to leave Haiti to go abroad?
13. Nan ki peyi Deliram ta renmen pitit li yo ale? Poukisa, oubyen ki estereyotip Deliram fè de peyi sa a?	13. To what country would Deliram like his children to go? Why, or what stereotype does Deliram make of that country?
14. Kisa Deliram di de *senk kòb penich* nan peyi blan an?	14. What does Deliram say about *pennies* in the country of white people?
15. Kijan peyizan wè yon moun ki konn li ak ekri?	15. How do peasants see someone who can read and write?

16. Kisa *moun save* vle di?

17. Kisa espresyon *mete gason sou ou* vle di?

18. Kisa *pran kanntè* vle di?

19. Poukisa kèk moun Ayiti *pran kanntè*?

20. Kisa *fè reken filalang* vle di?

21. Èske moun riske vi yo lè yo *pran kanntè*? Esplike.

22. Bay yon sinonim pou *tounen zosman* oubyen esplike tèm nan.

23. Ki tip moun *zenglendo* yo ye?

24. Kisa *espri malefik* vle di?

25. Èske peyizan santi yo an sekirite nan bouk yo?

26. Kisa espresyon *se menm penpenp yo* vle di?

27. Esplike fraz sa a: *Yo ka mete baboukèt nan dyòl nou.*

28. Kisa espresyon *fè bèk atè* vle di?

29. Bay yon sinonim pou *sitiyasyon malouk*.

30. Kisa *chat dòmi nan fwaye dife lakay yon moun* vle di?

31. Bay yon lòt fraz pou *jenn ti nègès*.

32. Poukisa moun koupe bwa yo pou fè chabon?

33. Poukisa Rozita konpare

16. What does *moun save* mean?

17. What does the expression *mete gason sou ou* mean?

18. What does *pran kanntè* mean?

19. Why do some people in Haiti *pran kanntè*?

20. What does *fè reken filalang* mean?

21. Do people risk their life when they *pran kanntè*? Explain.

22. Give a synonym for *tounen zosman* or explain the term.

23. What type of people are the *zenglendos*?

24. What does *espri malefik* mean?

25. Do peasants feel secured in the villages?

26. What does the expression *se menm penpenp yo* mean?

27. Explain this phrase: *Yo ka mete baboukèt nan dyòl nou.*

28. What does the expression *fè bèk atè* mean?

29. Give a synonym for *sitiyasyon malouk*.

30. What does *chat dòmi nan fwaye dife lakay yon moun* mean?

31. Give another phrase for *jenn ti nègès*.

32. Why do people cut down the trees to make charcoal?

33. Why does Rozita

peyi a ak yon dezè? / compare the country with a desert?

34. Ki rèv Rozita? / 34. What's Rosita's dream?

35. Poukisa moun fè *kòve* oubyen *konbit*? / 35. Why do people make *kòve* or *konbit*?

36. Bay yon lòt non pou *Sendomeng*. / 36. Give another name for *Sendomeng*.

37. Esplike espresyon *vye moun pa vye chen*. / 37. Explain the expression, *vye moun pa vye chen*.

38. Kilès Mèsidye ye? Nan ki peyi li te ale? Poukisa? / 38. Who is Mèsidye? To what country did he go? Why?

39. Apa *Sendomeng*, ki lòt kote moun nan bouk la ale? / 39. Besides the Dominican Republic, to what other places do people of the village go?

40. Kilès Kenòl te ye? Kijan li te mouri? / 40. Who was Kenòl? How did he die?

41. Kisa espresyon *chaje kou Legba* vle di? / 41. What does the expression *chaje kou Legba* mean?

42. Poukisa Mèsidye te ale Kwadèboukè? / 42. Why did Mèsidye go to Kwadèboukè?

43. Esplike mo *batey*. / 43. Explain the word *batey*.

44. Kòman Mèsidye dekri lavi *braceros* ayisyen nan batèy yo? / 44. How does Mèsidye describe the life of Haitian *braceros* in the bateys?

45. Ki moun Tonton Pyè te ye? / 45. Who was Tonton Pyè?

46. Bay kèk fraz *panyòl* Mèsidye itilize. / 46. Give some *Spanish* phrases Mèsidye uses.

47. Kisa *Zafra* ye? / 47. What is *Zafra*?

48. Poukisa y ap pimpe peyizan Ayisyen tounen Ayiti? / 48. Why are they sending back Haitian peasants to Haiti?

49. Ki remò Mèsidye genyen? / 49. What remorse does Mèsidye have?

